МАХ ДУГ

Дунеjѵ мæгӯр кусæг адæм, баiӯ ут!

РÆСТДЗІНАД

Цæгат—Iрѵстонѵ коммунистѵ партijѵ комiтет æмæ Округѵ Iсполкомѵ газет.

Редакцi хатѵр кѵрѵ кæсдзѵтæj ацѵ номѵрѵ рæдѵдтѵ тѵххæj. Рæстæг кӯд нæ ӯд ӯмæ гæсгæ редакцijæн амал не'рцѵд газетѵ фѵтдæг номѵрѵл бiнонѵт бакусѵн.

Фæстаг номѵртæ ӯдѵстѵ бiнонѵтдæр кӯст.

Редакцi.

„РÆСТДЗІНАД":

Фæндараст, „Рæстдзінад"! Фæцæӯѵс нѵр махæj.
Фæхæссѵс нæ фæӯтæм нæ сабæс, нæ мæт.

Iрѵстонѵ фæллоjгæнæг адæм ахæм „нѵхасæj" нѵронг фӯг ӯдѵстѵ. Сæ фѵдæлтæ цѵн цѵ «нѵхастæ» нѵӯахтоj· ӡæппæндѵр бандæдтiмæ, ӯдон iӯл хорз нæ ӯдѵстѵ — лæдзѵ маѵуса ахӯр кодтоj. Газетæj нæм чi ӯѵд ӯдонæj та кæмæ мæгӯр

2018 10

Рагæй фæстæмæ дæр ирон фысджытæ æмæ «Рæстдзинад» кæрæдзиуыл иузæрдион уыдысты, кæрæдзи цæрайæ цардысты.

Газеты редактортæй алы рæстæджыты куыстой Гæдиаты Цомахъ, Къосираты Сæрмæт, Барахъты Гино, Бæдоаты Хъазыбег, Æгъуызарты Æхсарбег. «Рæстдзинад»-иу сфидыдта ирон фысджыты ног радзырдтæй, уацаутæй, æмдзæвгæтæй, кадджытæй, критикон уацтæй, публицистон æрмæгæй... Газет абон дæр у йæ раздæры традицитыл хæст. Æнгом бастдзинæдтæ йын ис фысджыты журнал «Мах дуг»-имæ дæр: йæ алы номыры рацыд дæр ын цæстуарзонæй фехъусын кæны адæмæн, æрвылаз дæр дыууæ хатты ратты сæрмагонд литературон фарс «Нæ уазæг – журнал «Мах дуг».

Махыл дæр цæмæй æбузны ном ма сбада, уый тыххæй сфæнд кодтам «Рæстдзинад»-ы суазæг кæнын.

«Мах дуджы» кусджытæ

НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

Главный редактор

Казбек МАМУКАЕВ

Редакция

Зам. гл.редактора – Ахсар КОДЗАТИ
Поэзия, драматургия – Марат ДЖУСОЕВ

Общественный совет

Руслан БЗАРОВ, Анатолий ДЗАНТИЕВ,
Елизавета КОЧИЕВА, Станислав КАДЗАЕВ,
Анатолий КУСРАЕВ, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2018

МАХ ДУГ

10
2018

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

Сæйраг редактор

МАМЫКЪАТЫ Хъазыбег

Редакци

Сæйраг редакторы хæдивæг – ХЪОДЗАТЫ Æхсар
Поэзи, драматурги – ДЖУСОЙТЫ Марат

Журналы æхсæны уынаффæдон

БЗАРТЫ Руслан, ДЗАНТИАТЫ Анатоли,
КОСТЫ Лизæ, КЪАДЗАТЫ Станислав,
КЪУСРАТЫ Анатоли, ХОДЫ Камал

Дзæуджыхъæу, 2018

«РÆСТДЗИНАД»-Ы ФÆНДÆГТÆ

Брытъиаты Цæра æмæ Гæдиаты Цомахъ бындур кæмæн сæвæрдтой, уыцы «Рæстдзинад» кæд тынг зын фæндæгтыл рацыдис, кæд бæстæйы æмæ æхсæнады фыдæвзарæнтæ иууылдæр бавзæрста, уæддæр, азты сæрты хизгæйæ, бахъахъхъæдта йæ ном.

Абон техникон прогрессы æмæ Интернеты дуджы цæрæм, фæлæ мыхуыры дзыллон хабархæссæг фæрæзты ахадындзинад нæ ныллæгдæр кæны. Уымæн æмæ адæймаг фылдæр хатт газетты бакæсы алыварсыгæй бæрæггонд, фактты бындурыл фыст бæлвырд информаци, уац. Фæлæ уæддæр хъæуы рæстæгимæ æмцыд кæнын, электрон фæрæзтæм хъус дарын. Интернеты социалон хызты аккаунттæ æххæст кæнын, уыдоны информаци ногæй-ногмæ ивын. Журналисттæ сæ хæстæ цы бынæтты æххæст кæной, цауты фæдыл цы æрмæджытæ фыссой, уыдон Интернеты сæрмагонд фæрстыл фылдæр видеороликтимæ æмæ къамтимæ æвæрын. Нæ куыст уыцы хуызы аразгæйæ, фæахадгæдæр уыдзæни нæ бастдзинад адæмимæ, æхсæнадон организацитимæ. Афтæмæй нæ сæйрагдæр хæстæй иу у газеткæсджыты домæнтæн аккаг дзуапп дæттын.

Ивгъуыд æнусы 30-æм азты радио куы фæзынди, уæд адæм æнхъæлдтой, зæгъгæ, уый газеттæ баауыон кæндзæн. Ахæм хъуыдыгæнджытæ ма уыд, телеуынæн куы фæзынд, уæд дæр. Дæнцæгæн зæгъдзынæн: америкаг газет «Таймс» фæзынд цалдæр æнусы размæ, фæлæ абон дæр у цардхъом, кæсынц æй дунейы алы кæрæтты. Афтæ цыфæнды глобализацийы дуджы дæр мыхуыры фæрæзтæн сæ ахадындзинад никуы æрлæмæгъ уыдзæн. Стæй, мæнмæ афтæ кæсы, хорз дохтыры, ахуыргæнæджы цардвæндаг, сæ зæрдиаг куыст газеты куыд бæлвырдæй, уырнинагæй æмæ зæрдæагайгæйæ равдисай, афтæ ницавæр информацион фæрæзы бон бауыдзæн. Уæдæ республикæйы районты цы хабæрттæ цæуы, уыдон дæр цымыдисдæрæй газетæй уæлдай кæм бакæсдзынæ?

«Рæстдзинад» нæ къухтæм куы райсæм, куы дзы бакæсæм фæстаг хабæрттæ, цымыдисаг цаутæ, газеткæсджыты æргом хъуыдытæ, уæд æрвылбоны хъуыддæгты аныгъуылгæйæ нæ ахъуыды кæнæм йæ хъысмæтыл.

Æрмæстдæр «Рæстдзинад»-ы фыццаг номырмæ йæ бур сыфтимæ куы æркæсæм, архивы 30-æм азты æмбырдгæндтæ куы рафæлдахæм, уæд ис банкъарæн, цы даргъ æмæ дæрзæг фæнда-

гыл рацыд, 20-æм–30-æм азты тæссаг рæстæджыты дзы цы редактортæ куыста (Барахъты Гино, Гозымты Габо, Бæдоаты Хъазыбег, Фидараты Георги, Бутаты Харитон, Галаты Степан, Баситы Гацыр, Лекъты Къоста), уыдоны удуæлдай фыдæбон.

Хæсты азты æмæ фæсхæст æвадат царды къуындæг уаварты, æххормаг рæстæг Зæнджиаты Дæкка æмæ Челæхсаты Аслæнджери æнæрынцойæ архайдтой, цæмæй адæмæн сæ зæрдæтæм ныфс цæуа, ног цард аразынмæ сæ разæнгард кæной.

Æгъуызарты Æхсарбегæн æмæ Хъаныхъуаты Валодяйæн æнцон нæ уыд 50-æм – 60-æм азты социалистон арæзтады дуджы архайын, цæмæй адæмæн æрмæст лозунгтæ, сидтытæ æвдыст ма цæуа, фæлæ рæстагæй бæлвырд хъуыддæгтæ, хуымæтæг адæмы фыдæбон, бæрнон кусджыты архайд, газеткæсджытæм цымыдис æвзæра.

Ивгъуыд æнусы 80-æм –90-æм азты советон цардарæзт куы ныппырх, уæд адæмы удварн бахъахъхъæныныл уæлдай тынгдæр архайын хъуыд, æмæ уæды рæстæджы газеты сæйраг редактор Хъесаты Валодя редакцийы сфæлдыстадон къордимæ æнтыстджынæй куыстой, ууыл. Валодя йæ рæстæджы ныффыста «Рæстдзинад»-ы равзæрды историйы тыххæй стыр иртасæн куыст, «Рæстдзинад»-ы мæсыгамайджытæ», зæгъгæ. Уым Валодя афæлгæсыд, алы азты газеты историйы цы цымыдисаг цаутæ уыд, цы адæмтæ дзы куыстой, цы уаварты уагъд цыд, æппæт уыцы хъуыддæгтыл. Куыд зæгъы, афтæмæй «Рæстдзинад»-æн йæ бындурæвæрæг у зындгонд революционер, поэт, фыссæг, публицист Гæдиаты Цомахъ, кæд ын йæ фыццаг редактор Брытъиаты Цæрайы хоны, уæддæр. Æмæ номдзыд ирон фыссæг Цомахъ «Рæстдзинад»-ы сæйраг бындурæвæрæг, йæ аразæг кæй уыд, æмбисонды стыр куыст кæй бакодта ирон адæмæн сæ мадæлон æвзагыл газет уадзыныл, фыццаг æртæ азы йын бæрнон редактор кæй уыд, уымæ гæсгæ 1988 азы коллективы уынаффæмæ гæсгæ йе ‘хсæнадон уацхæсджытæн нысангонд æрцыд газет «Рæстдзинад»-ы Гæдиаты Цомахъы номыл преми. Алы азты йæ райстой нæ фысджытæ, поэттæ, æхсæнадон уацхæсджытæ.

Ног технологиты рæстæг дæр цас æнцон уыд, фæлæ Фидараты Булат дæр зæрдиагæй архайдта, цæмæй газеты кад дæлæмæ ма ‘рхауа.

«Рæстдзинад» у æцæг адæмон, æхсæнадон-политикон, оперативон, официалон æмæ хъуыддаджы газет. Цы фарстатыл фыссы, уыдон сты алыхуызон æмæ алыварсыг: «Не ‘взаг – нæ хæзна», «Хорз адæймæгты тыххæй», «Нæ тых – нæ иудзинады», «Хуссар Ирыстонæй», «Хорзы фæд нæ сæфы», «Мысæм æй...» «Фыссынц «Рæстдзинад»-мæ», «Рæстдзинад»-ы æрмæджыты фæдыл», «Спортивон фидиуæг», «Нæ буц хистæртæ», «Рохæн æвгъау нæмттæ», «Газет «Рæстдзинад»-ы уазæг», «Рагон къамтæ дзурынц»,

«Нæ разагъды лæгтæ», «Ахуд æмæ фылдæр фæцæрай». Адæм цымыдисæй, æхсызгонæй кæсынц тематикон фæрстæ: «Æлутон», «Æнцойбоны фарс», «Фæрнон», «Адæймаг, æрдз, экологи», «Кæд? Кæм? Цы?», «Куыд цæрыс, не ‘мзæххон, кæмдæр?», «Нæ уидæгтæ, нæ Ир, нæ бæстæ», «Нæ Иры фидæн», «Малусæг», «Зилахар», «Къонайы фарн», «Куыд цæрыс хъæу?».

Абон кæд ирон æгъдæутты хæдхуыз бирæтæ хæццæ кæнынц, уæддæр нæ редакцийы сфæлдыстадон кусджытæ Цгъойты Хазби, Багаты Аврам, Дзуццаты Къоста, Къæбысты Харитон, Тохсырты Къоста, Черчесты Хъасболат, Абайты Эдуард, Баскаты Уырызмæг Касаты Батрадз, Бутаты Эльзæ, Саутæты Тамилæ, Гугкаты Жаннæ, Дедегкаты Зæлинæ, Сланты Аслан, Колыты Иринæ, Бызыккаты Земфирæ, Хæблиаты Олег сæ хъуыдыджын æрмæджытæй газеткæсджыты арæхстгай æвæрынц раст фæндагыл, зæрдиагæй архайынц фæсивæды удварны æмæ патриотон хъомыладыл, ирон адæмы æхсæн хæлардзинад тауыныл.

Хистæр фæлтæры кусджытæ зæрдиагæй аудынц газеты редакцийы æрыгон журналисттыл – Касаты Аслæнбегыл, Хетæггаты Оксанæйыл, Гасанты Валерийыл, къамисæг Цæгæраты Дауытыл. Фæсивæдæн сæ алы дзырд дæр у се сфæлдыстадон къахдзæфты стыр æххуыс.

Куыд фæзæгъынц, алы газеты редакцийы куыст дæр æрмæст йæ уацхæсджытыл æмæ хайæдты сæргъæуджытыл не ‘нцайы. Цæмæй «Рæстдзинад» йæ кæсджытæм аивæй, мидисджынæй, афоныл хæццæ кæна, ууыл архайынц секретариаты кусджытæ, йæ дæсныйад зæрдæйæ чи уарзы, уыдон: Æлборты Дианæ, Æлборты Алисæ, Халиты Изæ, Рубайты Нелли, Сланты Мæдинæ, Хæблиаты Лидæ, Цопанаты Эльмæ, Гатиты Фатимæ, корректортæ Фæрниаты Мæдинæ, Гаглойты Наташæ, Дзоцъиты Тамарæ, Айларты Эмилия.

«Рæстдзинад» адæмæн ссис уарзон, уымæн æмæ сæ цин æмæ хъаст дæр хастой æмæ хæссынц редакцимæ. Ахсджиаг ма уый у, æмæ Ирыстоны разагъды лæгтæ, раззагдæр интеллигенцийы минæвæрттæ сæ фыццаг къахдзæфтæ сфæлдыстады кæй акодтой «Рæстдзинад»-ы фæрстыл. Уыдонæй абон алчидæр сæрыстырæй фæдзуры, газет сæ цардыл куыд сахадыдта, уый тыххæй.

Фæлæ мæ æхсызгонæй зæгъын фæнды: 95, 100 азы бирæ газеттыл сæххæст ис, фæлæ се ‘ппæтæн дæр, рæстæгимæ æмдзу кæнгæйæ, сæ нæмттæ ивтой. Æрмæст нæхи «Рæстдзинад», Брытъиаты Цæра æмæ Гæдиаты Цомахъ бындур кæмæн сæвæрдтой, уыцы газет, кæд тынг зын фæндæгтыл рацыди, уæддæр азты сæрты хизгæйæ бахъахъхъæдта йæ ном. Уымæн æмæ Рæстдзинад у нæ царды бындур!

БИТАРТЫ Маринæ,
газет «Рæстдзинад»-ы сæйраг редактор

ГАЗЕТ «РÆСТДЗИНАД»-Ы КÆСТÆР ФÆЛТÆРЫ НЫХАС ЙÆ ФЫЦЦАГ РЕДАКТОР ГÆДИАТЫ ЦОМАХЪМÆ

Дарн дæм бадзурæд æмæ уыцы бæсты рухс уæд дæ бынат, Цомахъ!

Фыссынц дæм газет «Рæстдзинад»-ы редакцийы уацхæсджыты кæстæр фæлтæр! 1923 азы 14 мартъийы газет «Рæстдзинад»-ы фыццаг номыр стыр цин æрхаста нæ дзыллæйæн, батавта сын сæ зæрдæтæ уалдзыгон хуры хъарм тынтау. Сси сын стыр цинхæссæг, сæ сагъæстæ сурæг, уынгæджы бон – ныфсдæттæг, царды хуыздæр афонты – æууæнчы мæсыг, зæдæмсæр хæзна. Дæ иузæрдион æмхъуыдыгæнджытимæ бындур кæмæн æрæвæрдтат, уыцы газет «Рæстдзинад» Иры дзыллæйæн Цæгатæй Хуссармæ басгуыхти фарны тырыса хæссæг.

Ирон газет уадзыны хъуыддаджы де ‘мхъуыдыгæнджытæ æмæ хæлæрттæ нæ интеллигенцийы раззагдæр минæвæрттæ – Брытъиаты Цæра, Къосыраты Сæрмæт, Барахъты Гино, Малиты Георги, Æмбалты Цоцко, Цомайты Харлампи, Гулуты Андрей æмæ иннæтæ газет «Рæстдзинад»-ы мæсыг цы фарны æгъдæуттыл самадтой, уый рухсæй хъомысджын æмæ цæрæццаг уыдысты æмæ сты газеты редакторты, уацхæсджыты алы фæлтæртæ хистæрæй-кæстæрмæ. Уыдон кæддæриддæр ирон адæмон газеты фæрстыл фыстой æмæ фыссынц Ирыстоны дзыллæйæн се ‘нтыстыты тыххæй хъæууон хæдзарады, индустрийы, экономи-

кæйы, политикæйы, ахуырад æмæ наукæйы, спорты, культурæ æмæ æндæр ахсджиаг фарстаты фæдыл. Сæ ныхас вæййы рæстаг æмæ цины æнкъарæнтæй дзаг. Хуыцау бахизæд, фæлæ нæ уæзæгыл уæззау бонтæ куы скæны, уæд «Рæстдзинад»-ы уацхæсджытæ нæ адæммæ раст æмæ бæлвырд хъуыдытæ ма хæссой, ныфсдæттæг сын ма уой, фидæны хуыздæр цардыл сæ ма бауæндын кæной, уый никуы вæййы! Нæ республикæйы цы бирæ адæмыхæттытæ цæры, уыдоны æхсæн «Рæстдзинад» у фарн æмæ хæлардзинад тауæг.

Не ‘хсæнад цы фыдбылызы æмæ æнæраст хъуыддæгтæй хъæрзы, уыдон редакцийы кусджытæ æмæ æхсæнадон уацхæсджытæ хæссынц хурмæ, дзурынц сыл уæндонæй. Адæм редакцимæ цы хъæстытимæ æмæ курдиæттимæ æрбацæуынц, уыдон «Рæстдзинад» ма равзара læмбынæг, стæй, куы бахъæуа, уæд бæрнон бынæтты бадæг хицæуттæй бæлвырд дзуапп ма бадома, уый никуы вæййы. Афтæ уыд дæ рæстæджы, Цомахъ, афтæ у ныр дæр æмæ уыдзæн фидæны дæр. Уымæн æмæ газеты алы кусæг дæр фыццаджыдæр фæхъуыды кæны, йæхи цард хорз сараза, ууыл нæ, фæлæ газеткæсджыты, иумæйагæй нæ дзыллæйы царды амондыл. Уымæн æмæ æмбары, дæ разы йыл, Цомахъ, стæй нæ адæмы раз цы бæрнон æмæ вазыгджын хæс æвæрд ис, уый. Уымæй нæ алчидæр у фæрнджын æмæ амондджын. Уыцы арфæйаг хъомыс нын ныууагътат сымах – ды æмæ де ‘мхъуыдыгæнджытæ. Дæ фæстæ дзы цы фæлтæртæ куыста, уыдон æй рæсугъдæй ралæвæрдтой махмæ. Æмæ йæ мах æххæст кæныныл архайæм ныхасæй нæ, фæлæ хъуыддагæй. Нæ зæрдæ дарæм, газеты мах фæстæ чи куса, уыдон дæр ын йæ фарны тырыса рæсугъдæй кæй хæсдзысты дарддæр.

Æндæр хуызы кусын æмæ нæ размæ æвæрд хæстæм уæлæнгай цæстæй кæсын нын дæ Уаз æмæ Рухс номы фарн бар нæ дæтты! Цард ивы, ивынц йæ политикон æмæ æхсæнадон уавæртæ дæр. Фæлæ «Рæстдзинад» нæ дзыллæйы амонды сæрыл йæ тохы фæндаг нæ ивы. Алы ирон хæдзармæ дæр хаста æмæ хæссы ирондзинады, ахуырад æмæ фидæны хуыздæр цардыл æууæнчы уаз æмæ табуйаг рухс.

Ды, Цомахъ, дзыллæйы дзуарау кæуыл бафæдзæхстай, уыцы газеты алы фæлтæрты редакторты æмæ уацхæсджыты арфæйаг куыстæн алы азты æрцыд аккаг аргъгонд. 1973 азы – орден «Кады нысан»-æй, 2000 азы та нæ республикæйы уæлдæр æмæ кадджындæр хорзæх – Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон премийæ. Уыцы хорзæхтæ газеты кусджыты разæнгард кодтой æмæ

кæнынц Иры дзыллæйы амондыл, сæ хорз цардыл архайыны æмæ аудыны фæндагыл ноджы æнувыддæр куыстмæ.

Цомахъ, бар нын ратт æмæ æрхъуыды кæнæм, фæстаг цалдæр азы газет «Рæстдзинад»-ы редакцийæ цы æнувыд зиууæттæ фæхъуыд, уыдоны рухс нæмттæ. Уыдон сты газеты раздæры сæйраг редактортæ Хъаныхъуаты Валодя æмæ Хъесаты Валодя, Уæрæсейы Федерацийы культурæйы сгуыхт кусджытæ Æлборты Хетæг, Тепсыхъоты Зоя, газеты сæрмагонд уацхæссæг Хуссар Ирыстоны Хуриты Гиви, поэтессæ Хостыхъоты Зинæ, нывгæнæг Зыгъуытаты Руслан, бæрнон редактор Малиты Хасан, сæйраг редакторы хæдивæг Цомайты Ростислав. Уыдон сæ цыбыр царды, адæмы æмæ газет «Рæстдзинад»-ы хъæздыг азфысты ныуагътой рæсугъд фæд. Æмæ кæддæриддæр сæ нæмттæ уыдзысты арфæйагæн мысинаг фæлтæртæн.

Алы мыхуыры фæрæзæн дæр, газет уа, журнал уа, йæ ахсджиагдæр фарста баст у тиражимæ. Уымæн æмæ Интернет баууон кодта газетты æмæ журналты дæр. Кæд ирон къонайы хъармыл, йæ фарныл дзурæм, уæд нæ зæгъын фæнды, махæн нæ куысты стыр æххуыс чи кæны, газет «Рæстдзинад»-ы цардхъомысыл чи ауды, уыцы фæрнджын адæймæгты тыххæй. Бузныг стæм Парламенты депутаттæ Дзебысаты Майрæм æмæ Уататы Зелимæй, куыстуат «Кавдоломит»-ы генералон директор Æгъуызарты Русланæй, Горæтгæрон районы сæргълæууæг Гаглойты Аланæй, Горæтгæрон районы раздæры сæргълæууæг Джиоты Георгийæ, Дзæуджыхъæуы Минæвæртты æмбырды депутат Битарты Аликкæй, куыстуат «Севосетинэнерго»-йы сæргълæууæг Хъæдохты Аркадийæ, Фæндæгтыл æдасæй цæуыны паддзахадон инспекцийы раздæры хицау Беккуызарты Хасанбегæй æмæ иннæтæй. Ацы арфæйаг лæгтæ се ‘мкусджытæн, се ‘взарджытæн кæддæриддæр рафыссынц ирон газет. Уый тыххæй нæм вæййы арфæйы фыстæджытæ дæр.

Тæхуды, æмæ ацы арфæйаг адæймæгты Ирыстоны иннæ хицæуттæ æмæ амалхъомтæ дæр куы бафæзмиккой. Æмæ-иу æвæрæз бинонтæм æмæ пенсиисджытæм нæ иунæг æрвылбоны адæмон газет «Рæстдзинад» рафыссынмæ æхцайæ куы фæкæсиккой. Тæхуды, æмæ нæ дзыллæйæн табутæ æмæ лæгъстæ кæнын куы нал хъæуид, «Рæстдзинад» рафыссут, зæгъгæ. Чи зоны, æмæ ацы фыстæг чи кæса, уыдонæй исчи зæгъа, ныртæккæ цард экономикон æгъдауæй тынг уæззау кæй у. Фæлæ, Цомахъ, ды ирон газеты сæргъы куы ‘рлæууыдтæ, уыцы заман адæм ныртæккæйæ

дзæвгар мæгуырдæр цардысты, фæлæ уæддæр сæ иунæг, мадæлон æвзагыл цы газет цыд, ууыл уыдысты, зæгъæн куыд нæй, афтæ æнувыд. Ныртæккæ та, цы йæ ‘мбæхсæм, нæ ирон адæмæй бирæтæ адзæгъæл сты мулчы æмæ æндæр хæзнатæ бакусыны сайд фæндагыл. Фæлæ, Хуыцауæн табу, се ‘ппæт ахæмтæ не сты! Уыдон зæрдыл куы æрлæууынц, уæд нæ зонд æмæ уд бахауы цавæрдæр æхсызгон æнкъарæнты уацары. Æмæ сæ газет «Рæстдзинад»-ы редакцийы кусджытæ бузныг уыдзысты кæддæриддæр.

Цомахъ, ды махæй хуыздæр зоныс, газет «Рæстдзинад»-ы фарныл æфтауæг кæй уыдысты æмæ сты æхсæнадон уацхæсджытæ. Семæ æнувыдæй æмгуыст кæныныл архайы абон дæр редакци. Уыдон æртывæр хай æфтауынц газеты хъомысыл, зæрдæйæ йыл сты æнувыд. Цæрынц газеты æнтыстыты цинæй, сты нæ иумæйаг риссаг фарстатыл сагъæсгæнæг. Уыдон сты Кцойты Астемыр, уæлдæр къæпхæны ахуыргæнджытæ Битарты Рая æмæ Базраты Фатимæ, зындгонд скульптор Дзбойты Михал, Хъахъхъæнынадон куыстуат «Юстас»-ы президент Насхъидаты Васили, дохтыртæ Джерапты Иринæ æмæ Церекаты Алан, Дзæуджыхъæуы Хетæггаты Къостайы номыл 13-æм астæуккаг скъолайы директор, РЦИ-Аланийы сгуыхт ахуыргæнæг Сæлбиты Иринæ, фæллойы ветерантæ Æрчъегкаты Зарæ, Фæрниаты Райæ, Зассеты Мисурæт, Томайты Шамил, Сокаты Азæ, зындгонд ахуыргæндтæ – историон наукæты доктор, профессор, ЦИПУ-йы президент Мæхæмæтты Ахуырбег, Уæрæсейы Федерацийы наукæты академийы Дзæуджыхъæуы зонадон центры сæрдар, физикон-математикон наукæты доктор, профессор Къусраты Анатоли, Цæгат Ирыстоны Абайты Васойы номыл гуманитарон æмæ социалон иртасæнты институты хайады сæргълæууæг, историон наукæты доктор, профессор Цыбырты Людвиг, ацы институты хистæр наукон кусæг Сатцаты Эльбрус, географион наукæты доктор, профессор Беруаты Барис, ЦИПУ-йы ирон филологийы факультеты декан, филологон наукæты кандидат Хозиты Барис, Уæрæсейы Федерацийы сгуыхт артист Тлаттаты Бексолтан, РЦИ-Аланийы культурæйы сгуыхт кусджытæ Гадзиаты-Бæлæуты Фузæ æмæ Дзугаты-Мурасты Риммæ, фысджытæ Хъодзаты Æхсар («Рæстдзинад»-ы премийы лауреат), Хуыгаты Сергей, Ходы Камал, Дауыраты Дамир, Дзасохты Музафер, Хъауыраты Дауыр, Дауыраты Зоя, Соттиты Риммæ, Мамыкъаты Хъазыбег, æхсæнадон уацхæсджытæ Мамсыраты Ислам, Дзанæгаты-Цгъойты Булкæ, Гуылæрты Барис,

мæскуыйаг Ходы Тамерлан, Уæлыгæсты Саркис æмæ иннæтæ. Стыр бузныг се ‘ппæтæн дæр!

Цомахъ, Фыдыбæстæйы Стыр хæст куы райдыдта, уæд газет «Рæстдзинад»-ы кусджытæй бирæтæ атындзыдтой тохы цæхæрмæ, чи дзы нал сыздæхт, уыдонæн фæстæдæр редакцийы байгом кодтой номарæн къæй. Сæ рухс нæмттæ рох не сты редакцийы кусæг абоны фæлтæрæй. Не ‘ппæт дæр сæ мысæм сæрыстырæй.

Ныртæккæ газет «Рæстдзинад» лæууы йæ 95 азы юбилейы къæсæрыл. Йæ редакцийы сæргъы æрлæууыд, газетæн йæ куыстхъом журналисттимæ зæрдиаг лæггад бакæнынмæ йæ уд чи хъары – йæ сæйраг редактор, филологон наукæты кандидат Битарты Маринæ. Хорз æмбары, нæ дзыллæйы, стæй газеты бындурæвæрджыты раз ыл цы бæрнон хæс ис, уый. Æмæ йæ бирæ бæллицтæ «Рæстдзинад»-ы хорзæхæн æртывæр фарнимæ сæххæст уæнт! Мах та йын фидар æнцой уыдзыстæм кæддæриддæр.

Нæ кадджын, буц хистæр Цомахъ, кæстæр бирæ нæ фæдзуры, æмæ нын хатыргæнæг у нæ дæргъвæтин ныхасы тыххæй. Рухсаг у...

Газет «Рæстдзинад»-ы редакцийы
кæстæр фæлтæры номæй
Гасанты Валери,
Хетæггаты Оксанæ,
Касаты Аслæнбег

ГÆДИАТЫ Цомахъ

ЗÆГЪ ФÆНДАРАСТ МÆНÆН

ÆХСÆРДЗÆН

Былæй айнæгмæ гæпп!
Дурæй дурмæ сæррæтт!
Къæйæ къæймæ пæррæст!
Къулæй къулмæ æппæрст!
    Афтæ згъоры æхсæрдзæн.
Абон уымæн йæ дуг.
Дæлæ коммæ йæ дугъ.
Уæлæ арвмæ йæ хъæр.
Тындзы, тилы йæ сæр
    Æмæ хъазы æхсæрдзæн.
– Ам æз иунæг дæн, нæ?
Ам æз сидзæр дæн, нæ?
Кæс, мæ цæссыг кæлы,
Урс пырхæндæг кæны.
    Лидзын, лидзын æз фурдмæ.
Хъызтæй салд уыдтæн æз.
Ихæй фервæзтæн æз,
Тымыгъ нал цæвы мæн,
Зæгъ фæндараст мæнæн,
    Цæуын донæфсæст фурдмæ.
Ма тæрс, иунæг нæ дæн,
Дæттæ ме ‘мбал мæнæн,
Уарзын фурды уылæн,
Уарзын денджыз-фыцæн, –
    Зары, зары æхсæрдзæн.
Былæй айнæгмæ гæпп!
Дурæй дурмæ сæррæтт!
Къæйæ къæймæ пæррæст!
Къулæй къулмæ æппæрст!
    Афтæ згъоры æхсæрдзæн.

ÆХСÆРДЗÆНЫ ХЪАСТ

Равзæрди, рацыд æхсæрдзæн цъæх цъити-уæлвæзæй,
Райгæ æрттывта цæппузырау хуры цæстæй.
Цинæй сæррæттытæ кодта, зæрдæрухс, хъæлдзæгæй.
Фурдмæ æрхæццæ ис, фурдимæ баиу цырдæй.

Фурд дæр æй сау къæйыл уайтагъд
ныццавта пырхгæнгæ,
Къæдзæхрæбынты йæ ‘ууæрста фыдæууæрст мæстæй.
Айста йæ дугъонау, гъæйтт, зæгъгæ,
кæмтты хъæргæнгæ,
Акæс-ма быдырмæ, уым дæр æй суылæнтæ кодта сæрæй.

Рагон æнæкæрон денджызмæ бахауд æхсæрдзæн,
Урсбарц æнæнцой фæйлауæн æй ахаста дард.
Сфæлмæцыд, суынгæг йæ балцæй
нæ мæгуыр æхсæрдзæн,
Денджызæй нал хъуысти, нал цыд æппындæр йæ зард.

Хохбæстæм, райдзаст къуылдымтæм
æрбæллыд æхсæрдзæн,
Цъитийы рухс хъæбыс та йæм дзæнæтау фæкаст...
Денджыз та базмæлыд... Æрбацæуы хъазгæ йæ уылæн,
Чи дын фехъусдзæни ам та, æхсæрдзæн, дæ хъаст?!.

КЪОСИРАТИ Сæрмæт

БОН ИЗÆРМÆ

Радзырд

Пæккæ скъæты фарсмæ роддоны кæвдæсы – Газаччы хуыссæн. Æхсæв дæр дзы бирæ нæ фæхуыссы.

Алырдыгæй йæ хъæмп, судзинау, рæхойы, йе скъуыдтæ кæрц-æмбæрзæн та – цыбыр æмæ нарæг. Дуæртты хуынчъыты дымгæ къуыззитт кæны.

Фæндоныл хъарм нæма æрци лæппу йæ лыстæны, афтæ йæ хъустыл æруад хицауы къахдзæфты уынæр. Æхсæв ма у, фæлæ æххуырстыты хъал кæнынмæ рацыд. Лæппу тынг хорз хъусы йæ хицауы къахы хъæр... Йæ цæстытæ байгом кæнын нæ фæразы – баныхæстысты уæлтъыфалтæ. Хъарм æнхъæлцауæй йæхи арфдæр ныуæрды хъæмпы.

Къахы хъæр æрбахæстæг и. Æрбайхъуыст хицауы æвзыст дзырд:

– Гъей, кæм дæ, лæппу! Мæрдцъынд ныккодтай, æви цы фæдæ? Тагъд агæпп кæ æмæ дæ фосы койтæ кæн!

Æрæгмæ куы кодта, уæд лæг æваст фæкарз ис æмæ мæстæй æрбаппæрста:

– Фестинаг нал дæ, æви цы?

«Гъеныр лæдзæгимæ ам æрбалæудзæн», – йæхинымæр ахъуыды кодта Газакк. Тагъд фæгæпп кодта йæ кæвдæсы æмæ йе скъуыдтæ голлагæй хæлаф кæнынмæ февнæлдта: тас ын нал у – голладжы тынг нæ фæрисдзæн лæдзæджы цæф.

Бынтондæр байгом сты йæ цæстытæ.

Лæппу йæ гæрстæ нæма скодта йæ уæлæ, афтæ та хицау хъуырхъуыр кæнынмæ февнæлдта:

– Цæй, цæй, фæтагъд кæ!.. Абон дын хатыр, фæлæ ма дæ дыккаг хатт афтæ бирæ хуысгæ баййæфтон, уæд «нæ фехъуыстон» ма зæгъ... Де ‘рчъитыл уыйас цы сыр-сыр кæныс? Фæндагыл дæр сæ абæтдзынæ... Нæ хъусыс фосы хъæрмæ?.. Дæумæ кæсынц!

Фосы мæт æй тынг нæй, йæ тъæнгтæ кæрæдзиуыл баныхæстысты стонгæй. Иу уидыг уæддæр куы сцымдтаид хъæрмхуыпп... Фæлæ хицауы лæдзæг ставд у, æмæ куы смæстджын уа, уæд æнæхатырæй ныццæвдзæн... Фæриссыны фæлтау хæринаг дæр нæ хъæуы.

Тагъд-тагъдæй лæппу фезгъоры скъæтмæ...

Æрмæст сæрвæты ныббаста йе ‘рчъитæ.

Йæ уæрыччытæ сæууон æртæхы хизынц цъæх нæууыл. Газакк дæр сбадти иу дурыл æмæ Бонвæрнон стъалымæ кæсы, – уый дæр фыййау у, йæ алфамбылай цы мигътæ ис, уыдон та йæ фыстæ. Уыцы фыййаумæ бирæ урс фыстæ æмæ уæрыччытæ и.

– Цымæ уый дæр йæ фыстæ хизынмæ райсом-раджы æнæ хæргæйæ рацæуы? Чи зоны, æмæ афтæ уыдзæн, æндæр цæмæн ныффæлурс и?

Уайтагъд Бонвæрнон стъалы æрбайсæфт, уымæн æмæ хур скаст.

Цæуыл афтæ цинæй зарынц цъиутæ къутæрты?

Уыдонæн циу – сæ фæлмæн бумбулиты сæ цас фæнда, уыйас фæхуыссынц. Алкæмæндæр сын цæттæ фынг. Мæтæй мæлынц... Фыййау лæппуйы хуызæн, мыййаг, стонг куынæ æвзарынц.

Уæд дидинджытæ та цæмæн зайынц ам? Цæг сæ цымæ скæнон? Æмæ мæ цæмæн хъæуы? Уæрыччытæн – æмæ уыдон дидинджыты цæг сæрыл æркæныны бæсты йæ ахæрдзысты.

Йæхицæн скæна? Æмæ, æдылы чызджытæ йеддæмæ, искуыдæр ма лæппу дидинджыты цæгтæ кодта? Лæппуйæн цъиутæ ахсын фидауы.

Газакк арæнтыл æмæ къудзиты йæхи ирхæфсы мæцкъуы, саунæмыг, мæнæргъы æмæ хъæлæрдзыйыл. Рæсугъд хæххон уыгæрдæн – фыййауы фынг, йæ сæууон сихор – цæттæ... Куы ныддæнгæл и Газакк, уæд нæууыл йæхи æруагъта хурмæ. Йæ цæст дары уæддæр йæ дзугмæ. Уæрыччытæ хъæлдзæгæй, зæрдиагæй хизынц: ерысæй дугъы уайынц, кæрæдзи фындзы бынæй скъæфынц адджындæр кæрдæг, хъаруджындæртæ уæлахиз кæнынц. Гыццылтæн сæ бон ницы у æмæ тыхджындæрты уæлдæйттæм æнхъæлцауæй иуварс лæууынц.

Уалынмæ уæрыччытæ цъæх зæлдаг нæууыл гуыррыстытæ байдыдтой. Мæцкъуы æмæ саунæмыджы аходæны æфсис бирæ нæ хæссы. Газаччы стонг схъуырмæ кодта.

Æмбисбоны цъæх фæздæг йæхи уæлæмæ исын байдыдта. Хур арвы астæуæй артау æдзынæг ныккасти уæрыччытыл дæр æмæ Газаккыл дæр. Уæрыччытæ хъæдмæ лидзын байдыдтой. Лæппу дæр сæ бæргæ бахъавыд сурынмæ, фæлæ къудзитæ æмæ арф уыгæрдæны бафæстиат.

Бирæ сæ фæагуырдта хъæды... «Цыкы-цыкы» ма бæргæ кæны, фæлæ никуы æмæ ницы. Фесæфтысты. Уæд æрбадти Газакк æмæ хъарæг самадта:

«Уæуу, мæгуыр мæ бон, нæмгæ та кæй кæндзысты... Цы ма кæнон, кæм ма агурон мæ уæрыччытæ?»

Æрхудти йæхиуыл: «Лæппуйæн кæуын не ‘мбæлы, кæннод стыр не суыдзæн». Асæрфта йæ цæстытæ. Чысыл фæстæдæр ссардта уæрыччыты æмæ сæ æртардта хъæумæ. Цалынмæ фысты койтæ кодта, уалынмæ изæрхор хæрд фæцис, æмæ ма Газаккæн æрмæст къæбæртæ æрызадысты.

Куыддæр къæбæрмæ бавнæлдта, афтæ та хицауы хъæр ссыд:

– Цы та фæци уыцы къулбадæг лæппу?

– Дæ хорзæхæй, – дзуры йæм æфсин, – афтæ фæдисы тагъд дæ цæмæн бахъуыди, лæппу бынтон æххормаг куы у абондæргъы?

– Тагъд уыгæрдæнмæ хостæ амайынмæ ауайæд, кæннод сыл уарын æрцæудзæн.

Дыккаг дзырд æм нал бахъуыди. Уидыг аппæрста, æмæ дын уæртæ уыгæрдæнмæ фæндагыл йе счъилтæ ферттивынц. Уыгæрдæн хæстæг у. Устытæ ссивынц, лæгтæ мæхъитыл амайынц хос. Куыддæр бахæццæ Газакк, афтæ мæкъуылы сæрмæ фæгæпп ласта æмæ дын хосыл скафыд.

Цæмæй хос ма бамбийа, уый тыххæй тынгдæр нæмгæ у мæкъуыл. Йæ бон цас у, уыйас архайы Газакк. Хаттæй-хатт хосы тъыфылы быны фæвæййы, сындзытæ йын йæ гом уæраджы сæртæ рæхойынц, фæлæ уæддæр гыццыл фыййау йæ куыст нæ уадзы.

Мæкъуылы сæрты уæлтау куы баппарынц, уæд æрбыры дæлæмæ. Газакк арвмæ скæсы: «Куыд нæ уары? Уæд та фæлтау уæрыччытæ куы хизин», – ахъуыды кæны хинымæр. Уаргæ не ‘ркодта, фæлæ дыдзы хур, хæхты къуыбыртыл симгæйæ, ныгуылæнмæ æрхæстæг и, аууæттæ адаргъ сты. Хос уымæл кæнын куы байдыдта, уæд кусджыты хистæр сагой зæххы ацавта: «Абон уал æгъгъæд у».

Уалынджы кæрдзындзау чызг хæдзарæй хæринаг рахæссы. Нæууыл æртымбыл сты кусджытæ æмæ бавнæлдтой хæринагмæ.

Гыццыл фыййау дæр йæ къух бадаргъ кодта уидыгмæ, фæлæ йæ хистæр фæурæдта:

– Лæппу, дæу бадынмæ не ‘вдæлы, къæбæр дæ къухы айс æмæ тагъд уайгæ, фыстæ изæрхизмæ аскъæр!..

Бынтон æнкъардæй та мæгуыр лæппу ауад æд къæбæр фыстæ скъæрынмæ.

Фыстæ æмæ уæрыччытæ хизынц нæууыл. Гыццыл фыййау та ауагъта кæрдæджы хъæдабæйыл йæ фæллад уæнгтæ.

Кæсы уæлæмæ, цъæх арвмæ. Арвы фæлмæн урс мигъы къуымбилтæ та уæрыччыты дзугтау змæлынц. Гыццыл фыййау та сæнтты бацыд: «Гыцци быдырмæ æххуырсты хуым кæрдынмæ ацыд, фыд мын нæй... Цæй, алы æппæт никæмæн ис!.. Æнувыдæй куы кусон æмæ сахъ лæппуйæ мæхи куы æвдисон, уæд мын стыр мызд фиддзæн мæ хицау. Зачъетæ рауадздзынæн, ус æрхондзынæн æмæ мæхицæн хуымгæнæг хæдзарæй бацæрдзынæн... Мæнмæ бирæ галтæ æмæ фыстæ уыдзæн...

– Лæппу, фыстæ кæм сты? – цæуы кæртæй хицауы хъæр.

Фыййау фæгæпп кодта. Дæ фыдгул ахæм гæпп куы фæкодтаид: фысты дзуг хъуыдалыйы хуымы астæу зыдæй æмпырсынц. Ауайынмæ сæм куыд бахъавыд Газакк, афтæ йын хицау йæ галиу къухæй йе ‘фцæгготыл фæхæст и, рахизæй та лæдзæгæй нæмынмæ февнæлдта. Нæмынæй куы бафæллади, уæд æй суагъта.

– Уай, æмæ ма дæ дыккаг хатт афтæмæй байййæфтон, уæд дæ пысырайæ нæмдзынæн.

Æмыр кæугæйæ, цæссыг калгæйæ, Газакк фысвос ракæны скъæтмæ. Фыстæ скъæты миддуар фесты.

Уалынджы сугдзаутæ уæззау уæрдæттимæ æрбахæццæ сты... Фæллад галты хизын хъæуы. Лæппу разы къулмæ акодта галты...

Изæрдалынгтæ, сау цæргæсау, сæхи æруагътой коммæ. Газакк тасы бацыд. Саумæр æхсæвы алы дур дæр тæрсын кæны. Арф комы доны гуыр-гуырæй тынгдæр тæрсы, диссагау кæсы суадоны хæбал-хыбул дæр гыццыл лæппумæ. Æнахуыр тар уæйгуытæ лæууынц алы арæныл дæр, уæлдæфы цыдæртæ ратæхы, пиллонгæнгæйæ; арвæй хауынц стъалытæ.

Лæппуйæн йæ уд йæ къæхты бынæй агæпп кæнынмæ хъавы. Йæ фыртæссæй галы къæдзилыл ныззæбул и æмæ дзы дард нæ цух кæны.

Мæйдар æхсæвы, æнафоны сыхъуыст хицауы хъæр:

– Ракæ галтæ дæлæмæ!

Æфсин ын цы æхсæвæр æрæвæрдта, уымæ æвналгæ дæр нал бакодта. Фырфæлладæй йæ къæхтыл дæр нал лæууыд. Тыххæйфыдтæй ма бахæццæ йæ кæвдæсы лыстæнмæ, йæ кæрцæй йæхи æрæмбæрзта, хъæмпы аныгъуылд æмæ æрбафынæй.

Йæ фынæй – тæрхъусы фынæй. Æмбисæхсæвæй бирæ нæма ссæудзæнис, афтæ та йæм хицауы хъæр сыхъуысдзæн:

– Кæм дæ, лæппу, тагъддæр агæпп кæ æмæ дæ фос аскъæр! Æмбисбон куы сси!..

Æрдæгхъалæй та уайдзæн сæууон æртæхыл фосы фæдыл гыццыл лæппу. Куысты та ивгъуыйдзæн йæ бон.

Афтæ алы бон дæр, бон изæрмæ.

А дунейы гадзрахат митæ – хæрх, курдиат та – стæм. Уымæ гæсгæ гадзрахат ссис æрдæг-курдиатджын адæймæгты хæцæнгарз.

Оноре де Бальзак

МАМСЫРАТЫ Дæбе

ГОДАХЫ МÆЛÆТ

Радзырд

«Мæ зæронд стджытæ мын мæ райгуырæн зæххыл æруадзын афон у. Ныр дыууадæс æмæ æхсæзыссæдз азы цæрын ацы дунейыл æмæ дзы æвзæрæй цы бавзарæн уыдис фыццаг заманы, уыдон бавзæрстон, хорзæй дæр лæгæн цы бавзарæн ис, уыдон иууылдæр бавзæрстон, зæгъгæ, мæ бон у зæгъын. Ныр та мын афон у мæ мæрдты фæндагыл ацæуынæн».

Афтæ-иу дзырдта Годах, йæ карыл-иу ныхас куы рауади, уæд. Æмæ цыма уыцы сахат дæр мæрдты фæндагыл æнæфæдызæрдыгæй фæраст уæвынмæ цæттæ у, уый хуызæн-иу æм касти.

Фæлæ мæнæ ныр хуыссы æрттиваг сынтæджы, митау урс хуыссæндарæсы, йæ къабæзтæй æнæхъæн кæрт чи бацахста, уыцы стыр æнгуз бæласы бын уæззау рынчынæй. Улæфын ын зын у. Фæлæ ма цы гыццыл сулæфы, уымæй дæр æмбары æнгузы адджын тæф.

Бæлас стыр æмæ къабузджын у, фæлæ сыфтæрты ‘хсæнтæй Годахмæ фæзынынц сыгъдæг арвы цъæх-цъæхид гæбæзтæ.

Рафæлгæсы чысылгай йæ алывæрстæм. Кæд йæ цæстытыл тæнæг хæрв æрбадт, уæддæр йæ уæлхъус чи лæууы, уыдон дзæбæх æвзары.

Цæмæн æрæмбырд сты йæ цот æмæ йæ цоты цот æнæ иу хъуагæй ацы хатт йæ цурмæ? Æви йын æцæг мæлынæй тас у?

Сæхгæндзæн йæ цæстытæ æмæ абон уыдзæнис дыууадæс æмæ æхсæзыссæдз азы бонтæн сæ фæстаг? Æмæ уый дæр цы диссаг у?.. Уыцы кары лæгмæ цардæй цы хауы, уый уæлдайджынтæй куы райса, уæд мæлæтæй тæрсын худинаг дæр у.

Мæнæ йæ нывæрзæнмæ хæстæг бады йæ хистæр фырт Дзико йæ урс куырæты, йæ астæуыл баст, фырзæрондæй йæ нывтæ æмæ йæ фыстытæ дæр кæмæн ссыдысты, ахæм æвзист хъама. Годах ын æй йæхæдæг балæвар кодта. Дзико ма лæппу куы уыдис, ууыл ныр фондз æмæ æртиссæдз азæй фылдæр цæуы.

Йæ фæлмæн урс нымæтхуд, дари куырæт æмæ æвзист хъама стыр бонты дардта Дзико. Æмæ, æвæццæгæн, абон дæр стыр бон у: ныртæккæ амæлдзæн йæ фыд Годах.

Уæртæ асинтыл æнкъардæй бады йæ астæуккаг фырт Данел, йæ даргъ роцъо кæрдо къæдзлæдзæгыл æруагъта, афтæмæй. йæхæдæг дæр фыдхуыз у. Иннæ æфсымæртау уый дæр æнæниз хаста бæргæ. Фæлæ революцийы рæстæджы хохæй быдырмæ рафтыдис уыцы Хуыцауы æлгъыст урсытимæ хæцынмæ. Хæцгæ, мæгуыр, хорз фæкодта, фæлæ дзы уазал бацыд æмæ уæдæй фæстæмæ иннæ æфсымæртæй фæлæмæгъдæр. Æмæ уый ницы кæны, Хуыцауæн табу, хорз ахуыргонд цот ын ис, ницы хъуаг æй уадзынц, стæй йæхæдæг дæр нырма дыууæ æрыгон лæджы бæрц бакусдзæн. Æрмæст йæ хистæр æфсымæр Дзикойæ фæзæронддæрхуыз...

Фæлæ кæм ис Годахы кæстæр фырт Мысост та, адæмы æхсæн куы никуы зыны, уæд? Кæй зæгъын æй хъæуы, ам хæстæг искуы уыдзæн кæрты æмæ истытæ архайдзæн. Ома хæдзарæн пайда куыст исты бакæна, уый тыххæй нæ, фæлæ æнцад бадын нæ зоны. Уæлдайдæр йæ зæрдæ истæмæй тыхсы, зæгъгæ, уæд ноджы æнувыддæрæй смыхуыр вæйиы.

Ныр та, æвæццæгæн, йæ зæрдæ тынг тыхсы йæ фыды рынчыныл. Чи зоны, йæ размæ æрбацæуын дæр нæ уæнды: мæлгæ йæ куы фена æмæ ма удæгас уыдзæн Годах, афтæмæй йæ кæуын куынæуал баурома. «Фæлæ мын цæмæй тæрсы? Цардхъуаг ма йын дæн исты?» – хъуыды кæны Годах.

Мысост йæ цоты кæстæр уыдис, æмæ йе ‘ннæ фыртты дæр куыд нæ уарзтаид Годах, фæлæ уымæ цыма æндæр зæрдæ дардта, афтæ йæм каст. Иуæй кæстæр уыдис, æмæ ныййарджытæ та кæстæры фылдæр фæуарзынц. Иннæмæй та Мысостмæ уыд уæлдай фæлмæндæр ныхас зæгъыны миниуæг, фæдзæхст тагъддæр сæххæст кæныны хъару æмæ бирæ æндæр хорздзинæдтæ. Уæвгæ иннæтæм дæр ничи ницы фау æрхастаид.

Хохæй быдырмæ лидзгæйæ уарыныл куы ныллæуыдысты, уæд Годах æмæ йæ дыккаг ус Гарисон сæхи рахицæн кодтой Мысостимæ.

Уаргæ дæр, ома кæй нæ фидыдтой, уый тыххæй нæ бакодтой, кæд мæгуыр цардысты, уæддæр. Фæлæ революцийы фæстæ быдырмæ куы ралыгъдысты, уæд алы хæдзарæн дæр хицæнæй стыр кæрты хæйттæ læвæрдтой, уыйбæрцæй та ма быдыры къуындæджытыл цæмæн цæрой, зæгъгæ, хохы айнæджы рындзыл, зæрватыччытау, ахстæтты фæцардысты, æмæ сын уый æгъгъæд нæу?

Æмæ уæд Годах йæхæдæг æфсымæртæн бауынаффæ кодта байуарын: уадз æмæ дзы алчидæр бæстыхайæн, раджы рæстæмбисцæрæг хохаг лæгмæ æдæппæтæй зæхх цас нæ уыд, уыйас æрцахса. Уадз æмæ йæ цот рæзой уæрæх, райдзаст кæртыты. Йæ фырттæ кæд карджын уыдысты, уæддæр хуыздæр адæмимæ иумæ фæхæцыдысты уыцы зæхххытæ хъæздгуытæй байсыныл. Кæстæр læппу Мысост та æдзухдæр амидингæнджыты æмæ раздзæуджытимæ уыдис...

Мæнæ Годахы хуыссæны дæлфæдтæм læууы бæрзонд, уæнгджынтæ, хæрзконд læг, йæ къæмисæнтыл халас фæзынд, йæ уæлæ дохтыры урс халат.

Уый Дзикойы хистæр фырт Асæхмæт у. Хохæй куы лыгъдысты, уæд йæ тæккæ læппуйæ уыдис. Асæхмæт, цæугæйæ, йæ зонджын цæстытæй æдзух касти размæ. Цæмæй зыдта, уыцы амонджын фæндаг æй æрмæст быдираг хъæумæ кæй нæ кæны, фæлæ уырдыгæй стыр ахуырмæ балцы кæй ацæудзæн? Ныр йæхицæн дæр хъомыл цот ис... Ам кæрты куы хъазыдысты, уæд цы фесты? Æвæццæгæн, сæхи найынмæ азгъордтой, бон тæвд у æмæ.

Асæхмæт раджы фæци каст дохтырты скъола... Профессор дæр ма ссис... Уæд ныр йемæ æндæр дохтырты цæмæн æркодта Годахмæ? Æвæццæгæн æм иунæгæй йæ ныфс нæ хæссы... Æмæ уый та куыд? Ахуыргондыл æй куы нымайынц. Фæлæ иуы зондæй цалдæры зонд тыхджындæр у... Кæд уыдонмæ ис йæ хос, мыййаг.

Йæ цард ма иукъорд азы цæмæй ахæсса, уымæн ын куы фæахъаз уаиккой. Ау, дæсны дохтыртæ куы сты... Æмæ йын хостæ дæр кæнынц, æндæр ын раджы æрхæцыдаиккой йæ цæстытыл. Асæхмæт ын сæкæры къæрттыл фондз æртахы кæмæй æртадзы, уыцы хос ын йæ улæфæнтæ уайтагъд суæгъд кæны. Йæ цонджы йын цы хос бауадзынц, уымæй æнæфæрисгæйæ йæ зæрдæ хуыздæр кусын райдайы. Тых ахуыры мидæг ис æмæ сæ къухы бафты-

ди ацы амонджын рæстæджы... Уыцы фадæттæ нæ уыдис Годахæн йæ лæппуйы бонты мæгуыр хæххон адæмы цотæн.

Бирæ зонынц дохтыртæ, æмæ ма Годахæн исты æххуыс куы фæуаиккой.

Цардхъуаг нал у, фæлæ ма йæ цæрын кæй фæнды, уый æргомæй куы зæгъид, уæд ыл, чи зоны, фæхудиккой. Йæ хистæр фырт Дзико ныр æнцад бады, фæлæ йæ, æвæццæгæн æмæ, бафæрсид:

– Нæ фыд, дæу амæлын мах дæр нæма фæнды. Фæлæ ма царды цы хуыздæр фенынмæ æнхъæлмæ кæсыс? Дæ хохы цъасс лæгъз быдырæй раивтай. Сæгдзыд лæгæты бæсты дын мæнæ де ‘ртæ фырты галуантæ. Дæ цоты цот горæты хуыздæр хæдзæртты кæй цæрынц, ууыл нал дзурын... Дæ нæзы цырагъ дын Ильичы цырагъ раивта. Хъæдын дзывыры бæсты нын тракторæй хуым кæнынц, æхсырфы бæсты нын нæ мæнæутæ кæрды хæдцæугæ, хæднайгæнгæ комбайн... Нæ хохаг хæрджыты нын уартæ уыдон баивтой, – æмæ йын ацамонид йæ цоты цоты æрттиваг рог машинæтæм. Дæлæ кæрты фæрсæй-фæрстæм лæууынц дыууæ «Победæйы». Иу дзы йæ дохтыр профессор фыртыфырты у, иннæ та Мысосты булкъон фырт Алиханы. Уартæ йæхæдæг дæр бæласы ставд зæнгыл банцой кодта æмæ дæм уырдыгæй æнкъардæй кæсы, зын ын у дæ рынчын. Уæдæ зæнæгхъуагæй дæр нæ баззадтæ. Ацы æнгуз йæ уидæгтæ алырдæм куыд ауагъта, афтæ ды дæр. Дæ къабæзтæ иууылдæр ам не сты, фæлæ дзы ам чи ис, уыдон кæрты дзаг сты. Ис дзы ахуыргæнджытæ, фыссæг, колхозы сæрдар... Дæхи та дын фæдардтой, авджын къусы мыд куыд дарай, афтæ.

Уыцы сагъæсимæ Годах кæртыл афæлгæсыд. Уыйбæрц сты йæ байзæддæгтæ, ууыл никуы ахъуыды кодта... Æмæ æниу цы хуызæттæ сты? Мæнæ йæ уæлхъус лæууы сæ колхозы сæрдар, Мысосты æртыккаг фырт Атто. Йæ риуыл æрттивы фæллойы сгуыхт лæджы нысан – Сызгъæрин Стъалы æмæ дыууæ Ленины ордены. Ныллæджытæ æмæ къæсхуыртæ арæзт, фæлæ уæнгтæ æмæ зондæй тыхджын рахаста.

Уæртæ иннæ сылгоймæгтимæ лæууы Дзикойы чызг, ахуыргæнæг. Сæрджын адæймаг у. Уымæ дæр ис хæрзиуджытæ.

Йæ цæст хæссы иннæ байзæддæгтыл дæр Годах, стæй йæм сæ фæдыл рынчынфæрсæг чи æрбацыд, уыдонмæ æмæ йæ зæрдæйы тынгæй-тынгдæр судзы цардбæллицы цæхæр. Тæхуды, йæ фыды сæм куы ракæсын кæнид! Нæ йæ бауырнид, уыдон иууылдæр йæхи

байзæддæгтæ сты, уый. Уæд та раздæр куы æрцыдаид ацы дуне... Бафæрæзта Годах. Уыцы ном ыл йæ мад сæвæрдта, тулдз къодахау, фидар кæй уыд, уый тыххæй. Æндæр уый хуызæн йæ бон кæмæн бауыдаид хæххон царды искæмæ æххуырсты кусын? Æмæ йæ бон дæр никæмæн баци... Йе 'мгæрттæ раджы нал сты. Фæлæ ма цæры Годах æмæ æрмæст нырма ныр мæлы йе стыр бинонты æхсæн кадджынæй, радджынæй.

«Кадджынæй, радджынæй...» Кæддæр лæгыл нымад дæр чи нæ уыд, хъæздгуытæ сæ сæрмæ дзурын дæр кæмæ нæ хастой, уыцы мæгуыртæ ныр куы фениккой, Годах цы уавæрты мæлы, уый, уæд æй æлдар, йе паддзах фæхониккой. Фæлæ уыдон нал сты, Годах хорз цæрын куы райдыдта, уæдæй фæстæмæ. Æмæ йын уыцы кад, уыцы царды уавæртæ революцийы фæстæ æрцыдысты. Уыйеддæмæ Годах дæр, йæ фыдау, хæræджы куыст фæкодтаид æмæ, хæрæгау, æгадæй фесæфтаид... Æмæ йæ цæстытыл ауади, йæ фыд куыд мардис, уый (рухсаг уæд, мæгуыр).

Хосласынæй æрцыд зымæгон. Йæ дарæс – иууылдæр хуылыдз. Куыд радзырдта, афтæмæй йæ мæкъуыл хуссар фæндагæй фæбырыд æмæ донмæ ахаудта. йæхи йæм баппæрста æмæ йæ хъæбысы дзагæй хæссын райдыдта былмæ... Уыцы хос дæр ма дон куы аластаид, уæд сыдæй амардаиккой сæ иунæг хъуг æмæ дыууæаздзыд дыгæрдыг...

Ныссалди, фæстæмæ мæкъуыл мæхъитыл самадта æмæ йæ тыххæй-фыдæй æрхæццæ кодта. Фæлæ йæхæдæг фесæфт.

Æхсæвæр дæр нал бахордта æмæ батылдис йæ хуыссæны, стæй йыл тæфсын райдыдта. Годахиты мад ыл æмбæрзта, хæдзары цыдæриддæр ардта, уыдон: нымæты хæррæгътæ, кæрцы къæрид, хъæццулы бызгъуыртæ, фæлæ уый уæддæр хæрдмæ хаудта йæ лыстæны æмæ, ризгæйæ, дзырдта:

«Мæ мæлæты мæт мæ нæй. Фæлæ цы уыдзынæ ды дæ фондз сывæллонимæ? Цæмæй сæ дардзынæ? Хæххон цард уæ йæ быны ныцъцъист кæндзæн». – Æмæ уыцы ныхæстимæ амард.

Фæйнæджы гæбæзтæй йын бацъаппытæ кодтой чырын æмæ йæ йе 'мпъызтытæ морæ цухъхъайы баныгæдтой, бинонтæ йеддæмæ йыл зæрдиагæй иу цæссыг æрæппарæг дæр нæ уыдис. Хистæн ын аргæвстой дыгæрдыг. Адæм сæхи хорз федтой æмæ афардæг сты сæ хæдзæрттæм.

Цæмæй зыдта фыд, йæ фырты мæлæт мæнæ афтæ æрцæудзæн, уый? Æмæ Годахы мæлæт æниу мæлæт у? Райгуырæн бонау рæсугъд

куы у. Мæлæт уыдис йæ фыды мæлæт хохы цъассы, сæгдзыд скъæты мæгуыр æмæ æгадæй... Сæфинаг цотмæ фæстæмæ фæкæс-фæкæс кæнгæйæ...

Уый йæ зæрдыл куы ‘рбалæууыд, уæд йæ даргъ урс рихи фестъæлфыд æмæ чысыл фæзылын. Æрцъынд. Хæххон суадонау æруадысты цæстысыгтæ йе ‘нцъылд уадултыл къæдзтæ-мæдзтæй æмæ зачъеты аныгъуылдысты.

– Цы кæныс, баба? Мæлæтæй фæтарстæ, кæугæ куы кæныс? – йæ хъустыл ауад Дзикойы ныхас. Кæйдæр фæлмæн къух ын йæ цонг рог æрбалхъывта.

– Йæ фæстаг бонты онг йæ зонд дæр сыгъдæгæй баззад, хъусгæ дæр æмæ уынгæ дæр хорз кодта, – фехъуыста Асæхмæты ныхас. Æвæццæгæн, йемæ кæй æрхуыдта, уыцы дохтыримæ дзырдта.

Æмæ ма йын профессоры ном цæмæн радтой, кæд йæ фыдыфыды фæстаг бон иу фондз азы дарддæр аргъæвын йæ бон нæу, уæд? Фæлæ сын зæгъын хъæуы... Кæннод ыл худдзысты, цыма цардхъуаг уыди, афтæ мæлæтæй тарсти, зæгъгæ.

Зæгъын сын хъæуы, æрмæст ма йæ иу фондз азы ацæрын кæй фæнды, коммунизм кæй хонынц, уый фены тыххæй. Цымæ ма уым та цы ног диссæгтæ уыдзæн?

Годах ракаст йæ цæстæй, фæлæ уынгæ ницы кодта. Æрмæст зынтæй æвзæрста, йæ сæрмæ цыдæр урс кæй ратас-батас кæны, доны фæйлауæнтау, æмæ базыдта йæ профессор фыртыфырты.

Чысылгай та хуыздæр уынын райдыдта. Афæлгæсыд йæ алыварсмæ... Йæ зæнæг æмæ йæм йæ рынчынфæрсджытæ хæстæгдæр æрбалæууыдысты. Æрбацыди Мысост дæр. Уæртæ йæм адæмы æхсæнæй фæзындис Аттойы дыууадæсаздзыд чызг Буцинæ, Годах йæхи хъæбысы кæй схаста æмæ «Зæрватыкк» кæй хуыдта йæ рæууонг æмæ ныхасгæнаджы тыххæй, уый. Цалынмæ чысыл уыдис, уæдмæ йын-иу Годах алыхуызон диссаджы аргъæуттæ кодта. Фæлæ саби скъоламæ куы бацыд, уæд та уый райдыдта диссаджы чингуытæ кæсын Годахæн.

Æдзынæг æм кæсы хистæрты æхсæнты сывæллон, йæ уадултыл ферттивынц цæстысыгтæ... Уый дæр ын мæлынæй тæрсы... æмæ йын, чи зоны, уымæй тынгдæр ничи тæригъæд кæны, бирæ йæ уарзта.

Буцинæйы фарсмæ лæууы Асæхмæты æртæаздзыд Юрик йæ тæнæг урс дари хæдоны æмæ цыбыр хъæдабæ хæлафы. Годахы хуызæн фидæрттæ у уый дæр... Дзæбидыры læппынау лæууы æмæ, рынчыны алыварс чи æрæмбырд, куы уыдонмæ скæсы, куы та Годахмæ бакæсы.

Фæлæ стыр диссаг! Годахы нал хъыгдары йæ зæрдæ, дзæккорæй хойæгау нал кæны. Уæдæ йæ йæ улæфæнтæ дæр афтæ тынг нал хъыгдарынц. Æппындæр ницыуал риссы буарæй дæр.Чи зоны, уымæн æм афтæ кæсы, æмæ рынчыныл ахуыр нæу, низы номыл айразмæ йæхи хуыссæнмæ никуы æруагъта.

Рабадынмæ хъавы Годах. Уымæй базониккой, йæ алыварс чи лæууы, уыдон, мæлæтæй кæй нæ тæрсы, уый. Стæй йын бадгæйæ æнцондæр рахабар кæнæн уаид, иу фондз азы ма йæ ацæрын кæй фæнды, æрмæст цы ног диссаджы фидæн уыдзæн, уый фенымы тыххæй.

Фæлæ уæнгтæ йæ коммæ нал кæсынц. Къухтыл схæцыд æмæ змæлгæ дæр нæ фæкодтой. Нæ фезмæлыдысты къæхтæ дæр, рабадынмæ куы хъавыд, уæд.

Цы хабар у? Йæ сæрымагъз ма хъуыды кæнын куы фæразы, уæд буар цы кодта?

Скаст уæлæмæ Асæхмæтмæ, уæддæр та дохтыр тагъддæр базондзæн...

Фæлæ йæм кæд фыртыфырты цæсгом хæстæг уыдис, уæддæр æй бæлвырд нал уыны – цæстытыл урс хæрв æрбадтис æмæ сæхæдæг сындæггай сæхи æрæхгæдтой.

Фæлæ ма æмбары Годах... фехъуысти адæмы кæуын. Йæ тæккæ раз Буцинæйы цъæхахст ссыд. Фехъуыст Юричы бæзджын хъæлæс дæр чысыл æддæдæрæй.

Уыдоны рад ралæууыд ныр та цæрынæн... Цæрæнт. Уыдон сæ сывæллоны бонтæ, Годах сæ куыд арвыста, афтæ не ‘рвитынц, цæргæ дæр уымæй фылдæр фæкæндзысты æмæ цæрæнт.

Фæлæ Годахыл цæмæн кæуынц?

Уый мæлгæ нæ кæны, йæ фæстæ ахæм цард æмæ байзæддæгтæ чи уадзы...

Бæргæ Годах дæр ма иу фондз азы уæддæр куы... фæлæ...

1952

МЫРТАЗТЫ Барис

ПРОЗÆЙÆ ФЫСТ ÆМДЗÆВГÆТÆ

ÆГЪДАУ

Уый нымад лæг уыдис хъæубæсты. Зæххыл фондзыссæдз азы хæрзгæнæгæй фæцарди. Ныр мæнæ, уадгалд бæласау, йæ хæдзары рæбынæй сынтæгыл хуыссы. Фарны хъуыддæгтæ кæнынæй æнцой чи нæ зыдта, уыцы нуарджын къухтæ ныр йæ риуыл æрæнцадысты, æмæ уæззау улæфтæй улæфы. Цармæ йæ цæстытæ ныццавта, цыма йæ райгуырынæй нырмæ цы фæндагыл рацыди, уый уым нывгонд у.

Йæ алы змæлдæй дæр æвдисы, ацы рухс дуне ныууадзын æй кæй нæ фæнды. Фæлæ уымæн «хæрзбон» зæгъынмæ цæттæ у. Сыгъдæг цæсгомæй.

Уый уарзта адæмы. Æмæ йæ къабæзтæ, йæ сыхæгтæ, йæ лымæнтæм фæсидын кодта. Фæстаг хатт ма сæ фена. Фæстаг хатт ма йæ феной. Ракасти æмæ сæм йæ мидбылты бахудт. Фæдзæхсы сын: «Кæрæдзи хъахъхъæнут...»

Уый уарзта лæгдзинад, фæтк, æгъдау.

– Цæй... мæ хуртæ... – сдзырдта ма.

Йæ хистæр фырт æм, цæссыгкалгæ, бауад:

– Баба... Дæ куырæты æгънæджытæ дын суадзон?

– Нæ, худинаг у, лæппу... – сфæрæзта ма, стæй йæ цæстытæ æрæхгæдта. Æмæ цыма бæстыл фæуазалдæр.

КЪОДАХЫ МАСТ

Æз дæн къодах. Фæлæ къодахæй нæ сæвзæрдтæн, къодахæй не срæзыдтæн. Æз уыдтæн бæлас. Бæлас дæр ахæм бæлас, æмæ мæ цъупп арвыл æндзæвыд, мæ уæрхыл цæст не ‘ххæссыд.

Æз фæцардтæн æртæфондзыссæдз азы. Дзæвгар хур федтон. Дзæвгар тымыгътæ бавзæрстон. Дзæвгар фыдбылызы дымгæтæ баурæдтон мæ фæтæн риуæй, мæ фидар къабæзтæй.

Цас æмæ цас гуыркъотæ мыл æрзади! Цал æмæ цал хатты сæ байтыдтон мæ алыварс! Цас цъæхсыфтæр къохтæ æмæ сау хъæдтæ айтыгъд и мæнæй фæйнæрдæм! Æмæ мæ райгуырæн зæххæн, кусæг адæмæн цы æхцоны сатæг фæдардтон, уый та!..

Æз фæцардтæн æртæфондзыссæдз азы. Мæ байзæддæгтимæ бæстæн чысыл ахъаз нæ фестæм. Махæй иу æмæ дыууæ науы нæ рауади. Наутæ арфæйаг балцы ленк кодтой æмæ кæнынц æгæрон денджызты. Мах иу æмæ дыууæ стыр хиды нæ фестадыстæм фурды сæрты. Бирæ дард зæрдæтæ бабастам кæрæдзиуыл. Махæй бирæ фæрныг хæдзæрттæ сарæзта læг. Иу фæлтæр уым райгондæй ивта æмæ ивы иннæйы.

Æз фæцардтæн æртæфондзыссæдз азы. Æртæфондзыссæдз азæй иу бон дæр дзæгъæлы нæ ацыд. Æвæдза, куыд хорз у уый!

Ныр та дæн къодах. Фæлæ ахæм къодах, æмæ дунейы тавæн артæн сугтæ кæуыл сæттынц.

Æмæ кæд афтæ у, уæд алы зæронды къодах ма хонут!

ЦÆРГÆС

Тъæнджы мæй. Мит фæлдзæгъдæн хæссы. Райсомы уазал рустæ судзы. Æз фæцæуын Терчы былты. Кæсын – æмæ къулы рæбын цавæрдæр маргъ бакука. «Æвæццæгæн, баргъæвст», – зæгъын мæхинымæр. Бавналын æм. Уый мын мæ къухмæ фæлæбуры, йæ базырæй мæ ныххафт кæны. Афтæ спыхцыл æмæ, цы мыггаг у, уый базонæн нал и. Баргъæвст? Абабау. Тыхтæ-амæлттæй йæ нæхимæ бахастон. Йæ рахиз къахмæ йын фæкомкоммæ дæн. Бынпырх. Æвæццæгæн ыл сау цуанон бафтыд. Бæттын ын йæ хъæдгом. Цæф маргъ, салдатау, улæфы. Цыма йæ мæлæтæй бахиздзынæн. Ныджджих æм дæн. Цы мыггаг у?

Дыккаг бон фæхъыртхъом. Фæлæ – къуылых. Аивæй йæм мæ цæст дарын. Агъуысты къуымты знæтæй фæлгæсы. Йе ‘ргом

хæхты рухсырдæм аздахы. Æвиппайды йæхи ныззыввытт ласы. Рудзынджы авг атоны.

Æз кæртмæ разгъорын. Мæ сæрмæ йæ дзæбæх уынын. Тыхджын тымыгъы ныхмæ арвыл йæхи бæрзондæй-бæрзонддæр исы. Куыд рæсугъд у! Фæлæ цы маргъы мыггаг уа?

Уайтагъддæр æй йæ тахтæй базыдтон – цæргæс!

Будайты Аслæнбеджы ныв.

ДЗЕСТЫ Куыдзæг

БИРÆКРАТ

Радзырд

Æцы фыдбылыз, чи зоны, æгасæй дæр дзынгайы аххос уыд. Цæвиттон, Тегойы рæуæд хызти хъæугæрон уæзæгыл бынтон æдасæй. Хызти рæуæд æмæ йæ цыбыр къæдзилæй бындзыты æмгæрон нæ уагъта. Тæссонд у бындз – нæ уæндыд æввахс, æмæ рæуæд дæр куыд нæ уыдаид бузныг йæ къæдзилæй! Уалынмæ кæцæйдæр æнæхайыры æдзæсгом дзынга æрбатахт æмæ рæуæдæн йæ тæккæ дыууæ уæны астæу абадт. Ныххæцыд ыл. Рæуæд фестъæлфыд. Йæ къæдзил уырдæм не ‘рбаххæссыд, йæ бырынкъ дæр. Тæрхъусæй рæуæгдæр фестад рæуæд. Æмбонды сæрты багæпп кодта æмæ Дзодзайы цъой-хуымы аныгъуылд. Дзынга атахт. Фервæзт рæуæд иу фыдбылызæй, фæлæ иннæ йе ‘ккой абадт. Хуымы хицау Дзодза федта йæ хуымы зиан. Бахъуызыд æмæ рæуæды синтæ лæдзæгæй ныццавта, фыдцæф. Йæ астæу асаст мæгуыр рæуæдæн æмæ зæххыл хаудæй баззад. Изæры Тего йæ рæуæды афтæмæй куы ссардта, уæд ма йæ мастæн кæрон кæм уыди! Рæуæды йе ‘ккой скодта, æрхаста йæ Дзодзайы хæдзары размæ æмæ йæ уым æрæппæрста. Мæрдты æмæ удæгæсты ранымадта, чи фæцæймæла, уыдоны кой дæр скодта. Æлгъыстытæ куы фесты, уæд загъта, мæ рæуæды мын амардтай æмæ йæ бафид. Тего рацыд, фæлæ

Дзодза бавдæлд æмæ рæуæды аргæвста, бахæрын æй кодта йæ бинонтæн.

Бонтæ цыдысты кæрæдзи фæстæ, къуыритæ æмæ-иу мæйтæ баисты, фæлæ уæддæр Дзодзамæ фидыды фæнд нæма ‘рцыд. Тего-иу барвыста, хъæубæсты ‘хсæн дзырддзæугæ лæгтыл нымад чи уыд, уыдоны, фæлæ алы хатт дæр хъуыста уыцы иу дзуапп: «Бахъаст мыл кæнæд».

Хъаст бакæныны фæнд нæ уыди Тегомæ. Афтæ хъуыды кодта хинымæры: «Æмæ ныртæккæ куысты заманы æз ууыл цалынмæ рахъаст-бахъаст кæнон, уæдмæ хæдзархæлд фæуыдзынæн, æмæ уый та – дыккаг мардæрцыд. Фæлтау ын æндæр исты хос скæндзынæн...». Фæлæ ма ноджы иу фыдбылыз сæмбæлд Тегойыл, æмæ уый хъасты хъуыддаг фендæр кодта. Цæвиттон, йæ дыууæ хъугæй иу рахаудта хизæнуатæй, уалдзæджы фос фыст куы фесты, уæд. Сæрды хъалоны гæххæттытæ куы ‘рбацыдысты, уæд рацæй-рабон, æмæ Тегойы хъалоны гæххæтты фыст уыди: дыууæ хъуджы, цыппар гектары уыгæрдæн. Хъæусоветмæ бацыд, æмæ йын ницы сæрфат скодтой. Мæлгæ йын цы хъуг акодта, ууыл канд хъалон нæ уыди, фæлæ ма хъуамæ цыхт дæр раттаид, уыцы хъугмæ цы цыди, уый. Иннæ хабар та уый уыди, æмæ иу æнахуыргонд æмæ рохзæрдæ фыссæг бавдæлд æмæ Тегойы хуымзæхх цыппар бонгæнды бæсты ныффыста цыппар гектары. Уыгæрдæн дæр авд лæггæрсты[1] бæсты – авд гектары.

Гъеуыцы хъуыддæгтæ куы баиу сты, уæд сфæнд кодта бахъаст кæнын æмæ йæ рæуæды фиддон дæр хъастæй райсын.

Æппæты фыццаг бацыди хъæусоветмæ. Æмæ йын загътой: «Рæуæды хъаст аскъуыддзаг кæнын нæ бон нæу, бар нæм нæй, тæрхондонмæ бадæтт дæ хъуыддаг. Хъалон фæкъаддæр кæнын, стæй цыхты лæвæрд дæр мах бон нæу ныххатыр кæнын, махмæ дæле цы ‘рбафыстой, уый нын æнæ райсгæ нæй».

– Хуымзæхх мæм цас ис? – фарста Тего советы сæрдары.

– Æз æй зонын, мæн дзы цы фæрсыс?..

– Зæгъ-ма йæ уæддæр – цас мæм ис?

– Цыппар бонгæнды дæм ис.

– Уæдæ цыппар гектарæн цæмæн фидон? И? Ауалдзæджы мæ хъуг рахаудта, уый нæ федтай дæхи цæстæй? Æмæ ма уæдæ искуы, йæ фыд кæмæн бахæрынц, уый æхсыр фæкæны? Уæдæ ма мæм иу хъуг ис, æмæ уый та хуыскъ у. Цæй, цы мын кæнын кæныс? Гъеныр мæнмæ æхсæз путы нæ, фæлæ кæд æхсæз джи-

[1] Авд лæггæрсты – иу бонмæ авд лæджы куыстваг хосгæрст.

ранкайы дæр ис цыхт, уæд мæ бинонты хуыздæры мардæн бахъæуæнт, кæннод, мæныл уыцы хъалон чи сфыста, уый мæрдты раз æхсæз путы хуылыдз сæнар фæлæууæд!

Хъæусоветы сæрдар ын загъта:

– Æлгъитынæй ницы рауайдзæн. Мæнмæ хъалон цæйбæрц æрбафыстой, уыйас хъуамæ æрæмбырд кæнон нæ комæй. Кæннод мын сæ мæхи дзыппæй фидын хъæуы, æмæ мын дзыпп дæр нæй, фæлæ дæ хъаст районмæ ахæсс.

Гъеуыцы ныхасæй фæстæмæ хъаст кæнын райдыдта Тего. Хъалоны тыххæй районы финансон хайадмæ бахъаст кодта, йæræуæды тыххæй та – тæрхондонмæ. Районæй хъæусоветы ‘хсæн бирæ фæрацу-бацу кодта, фæлæ хъалоны хъастæй ницы æмæ ницы цыд. Ræуæды тыххæй хъæстгæнæг æмæ хъæстагмæ сидыны гæххæтт куы уыд, уæд Дзодза нæ ныццыд, æмæ иу хатт уый тыххæй æргъæвд æрцыд тæрхоны æвзæрст. Дыккаг хатт та Тегойæн йæхи æвдисæнтæ нæ ныццыдысты, æмæ та баззад. Æртыккаг хатт Дзодзайы æвдисæнты дзырдæй æмæ Тегойæн йæхи æвдисæнты дывæлдах ныхæсты фæстæ тæрхондон алыг кодта: Тего бафидæд Дзодзайæн йæ хуымы зиан, Дзодза та Тегойæн йæ ræуæды аргъ. Æцæг хуымы зиан æвдисæнты дзыхæй æмæ хъæусоветы конд актæй афтæ æвдыст æрцыд, æмæ ræуæдæй фылдæры аргъ уыд.

Куы ницы рауад уыцы хъæстытæй, уæд ма йæ мæстæй бауад Тего æмæ Дзодзамæ бадзырдта:

– Уæ, мæнгард Дзодза, хæрæг уæрыкк, мыййаг, нæу! Æмæ хæрæг комуадзæнты мæ мæрдты раз фæлæууæд, æз мæ ræуæды хъаст цалынмæ рамбулон, уæдмæ дæ афтæ куы ныууадзон æмæ йæ суанг Калининмæ куынæ бахæццæ кæнон!

– Фæлæууæд! – загъта Дзодза, йæ мидбылты худгæйæ, æмæ фæхицæн сты дыууæ знаджы.

* * *

Районы кусджытæй иу разынд Тегойæн йæхи хъæуккаг. Ныллæгъстæ йын кодта Тего. Ракодта йын йæ хъæстытæ. Ныфс ын баваердта, уыцы хорздзинад йæ уæлæ кæй нæ ныууадздзæн, уый тыххæй. Æмæ бирæ ныхæсты фæстæ загъта, баххуыс мын кæн, зæгъгæ. Хъæуккаг ræуæды хъаст йæхимæ райста, фæлæ хъалоны тыххæй та афтæ бацамыдта:

– Ацу облæсты центрмæ. Хъалоны хъуыддæгтæ кæм кæнынц, уыцы тæккæ ран кусы мæ хæлар læг æмæ уымæн куыддæриддæр

зæгъай, афтæ дын раст сахатырдæгмæ сараздзæн дæ хъуыддаг. Æрмæст-иу...

– Йæ ном цы хуыйны, йæ ном? – нал фæлæууыд æмæ афарста Тего.

– Йæ ном дæр дын зæгъдзынæн. Æрмæст-иу раздæр бæстон базон, уый у æви нæ.

– Йæ ном, йæ ном?

– Йæ ном Бюрократ.

– Куыд, куыд?

– Бюрократ.

– Бирæкрат?

– О, о, афтæ.

– Æмæ хуызæй та цыхуызæн у?

– Хуызæй зын базонæн у, куы цыхуызæн вæйиы, куы – цыхуызæн, номæй йæ хуыздæр ссардзынæ. Æрмæст ма дын ноджы иу зæгъын: цалынмæ дын йæхæдæг зæгъа, Бюрократ æз дæн, зæгъгæ, уæдмæ йын дæ хъуыддаджы кой ма скæн.

– Æххæст мын æм гæххæтт куы афыссис.

– Гæххæтт дзы нæ хъæуы, хионизммæ йæ бамбардзысты, фæлæ дæ йæ ном ма ферох уæд.

* * *

Фæрсгæйæ лæг æлдары хъæуы къулыбадæг усы хæдзар дæр ссары, зæгъгæ, фæзæгъынц, æмæ Тего дæр ссардта, хъалоны хъуыддæгтæ кæм арæзтой, уыцы кусæндон. Асинтыл схызти. А ныр дуар байгом кæна, афтæ мидæгæй рагæпп кодта иу лæппу, йæ къухы – чысыл чъизи чиныггонд, æмæ Тегоимæ хæрхæмбæлд фесты. Уыйбæрц лыстæг æм куы бакаст Тего, уæд лæппу дæр фæлæууыд.

– Аипп ма уæд бафæрсын – Бирæкрат кæд нæ дæ? – афарста къæзгæйæ Тего.

– Ой, ссардтай бюрократ, мæнæ мæ къæхтæ бон-изæрмæ рарвит-барвитæй ихсийгæ бакодтой. Æ-гъа, цæй, амæ дæр ничи кæсы!..

Лæппу асинтыл дæлæмæ цæуыныл фæци. Тего ма йæм æрæджиау сдзырдта:

– Бахатыр кæн, фæлæ уæд та, чи у, уый мын зæгъ!

– Дæ разы дуарæй куы бахизай, уæд, къæсæргæрон рахизырдыгæй чи бады, уый. – Лæппу ныппыррыкк кодта æмæ дуарæй федде ис. «Ай фæлхæрст у æви цъиуты сайд?» – фæдис кодта

лæппуйы ныхæстыл Тего. Мидæмæ бахызт. Лæппу йын цы лæджы бацамыдта, уымæ бакаст. Уый бады стъолы раз, йæ кæстæр æнгуылдз йæ фындзы стъыссы, фæраздух-баздух æй кæны, стæй йæ æрисы æмæ ныхы бынмæ æркæсы. Тего æнхъæлмæ каст, кæд фæуид, зæгъгæ, фæлæ уыцы куыст æгæр дæргъвæтин куы хаста, уæд æввахс бацыд æмæ, уый йæ ныхы бын куы асхъаудта æмæ та йе ‘нгуылдз фындзмæ куы сцæйхаста, уæд æм дзуры:

– Бахатыр кæн, хорз лæг, ам Бирæкрат кæцы у?

– Чи зæгъыс, чи?

– Бирæкрат, Бирæкрат, мæнæ сымахмæ чи кусы, ахæм.

Уый бакæстытæ кодга Тегомæ (цæвиттон, йæ фындзимæ архайд куыд сабыр уыд, йæ зонд дæр афтæ уæззау уыд) æмæ йæм хъазынæй йæ зæрдæ куынæ фехсайдта, уæд ын сабыр æмæ сусæгæй бацамыдта, йæ бакомкоммæ чи бадт, уымæ. Бакаст Тего. Æрыгонæй зачъетæ чи рауагъта, ахæм лæппу. Хынцæныл цыдæртæ нымайы æмæ та иу стыр чиныгмæ æркæсы. Æвæццæгæн, йæ нымад раст нæ рауайы æмæ та мæстыйæ ногæй райдайы. Бацыд Тего йæ размæ. Фæлмæн хъæлæсæй йæм дзуры, хионмæ дзурæгау.

– Уæй, дæ бон та хорз уа, Бирæкрат!

Лæппу йæ хынцын фæуагъта, йæ хъамбул цæстытæ сзылдта Тегомæ.

– Куыд загътай, куыд, хорз лæг?

– «Дæ бон хорз», зæгъгæ, дын загътон... – æнæуæндондæрæй ма сдзырдта Тего.

– Куыд мæ схуыдтай ды?

– Арæппын, Бирæкрат, зæгъгæ, дæм дæ номæй сдзырдтон...

– Кæй хоныс ды бюрократ? Куыд уæндыс ды мæнмæ ахæм ныхас?! – фесхъиудта лæппу, фестад æмæ йæ зачъейыл фæхæцыд.

«Сæлхæр фæци æви цы хабар у», – ахъуыды кодта Тего æмæ чысыл фæхъæбатырдæр кодта йæхи:

– Табуафси, кæд Бирæкрат ды нæ дæ, уæд тæвд къæйтыл цæуыл кафыс? Дæу мын бацамыдтой æмæ дæ бафарстон, æндæр цы! Дæ зачъе дæр мæм ма дау: боцъо лæггæнæг куы уаид, уæд мæ къуылых зæронд цæу дæуæн начальнык уаид.

Боцъойы хицау цыдæртæ зæгъынмæ хъавыд, фæлæ уæдмæ, Тего фыццаг цы лæджы афарста, уый æрбацыд æмæ йæ басабыр кодта. Цыдæртæ йын адзырдта уырыссагау. Уæд боцъоджын дæр йæ ныхас фæзылдта:

– Раст дын нæ бацамыдта ацы цыппæрдзæстон куырм, фæлæ, ам чи фæбады, уый абон уæртæ иннæ уатмæ баивтой æмæ уый у, ды цы бюрократы агурыс, уый. Уым галиуырдыгæй къуымы бады.

– О, æмæ мын афонмæ дæр афтæ загътаис æмæ...

Смидæг Тего уыцы уаты. Кæй йын бацамыдтой, уыцы лæджы раз лæууы дыууæ хъæуккаджы æмæ ныхас кæнынц хъалоны тыххæй. Фæлæ уый гæххæттимæ архайы æмæ дзурджытæм æрмæст иугай ныхæстæ сæппары: «Нæй, нæй! Уый бар мын нæй!», «Уыцы хъуыддагæн æз ницы æмбарын!» Æрбацæуджытæй иу фæмæсты, гæххæттытæ зæххыл ныццавта æмæ фæхъæр кодта:

– Уæдæ ам цы нытътъæфс дæ, кæд ницы æмбарыс, уæд! – æмæ йæхæдæг дуары æдде фæци. Йе ‘мбал дæр рацыд уыцыхуызæнæй. Бадæг аззад иунæгæй, мæстæй судзгæйæ. Тего фыццаг цы рæдыдтытæ фæкодта, уыдоны тасы адæргæй хъавгæйæ æмæ худæнбылæй бафарста.

– Аипп ма уæд бафæрсын – Бирæкрат нæ дæ ды?

– Пошли ви к черту! – фæхъæр кодта кусæг æмæ, йæ разы цы уæззау пресс-папье уыд, уымæ фæлæбурдта. Тего фæтарст æмæ уаты иннæ фарс дыккаг кусæджы цур алæууыд.

– Цы йын загътай, цы?

– Цы йын загътон! Бирæкрат, зæгъын, ды дæ...

Уыцы кусæг байхъуыста Тегойы ныхасмæ сабырæй кæрæйкæронмæ æмæ хин, фæлывд худт бакодта:

– Афонмæ дæр мæнæн куы загътаис, уæд дын æй æз комкоммæ бацамыдтаин. Ды кæй агурыс, уый ам нæма и, фенхъæлмæ йæм кæс, ныртæккæ æрбацæудзæн.

Цалынмæ уыцы ныхæстæ кодтой, уæдмæ æцæг дуарæй æрбахызт иу лæг. Дыууæ кусæджы фæсабыр сты, гæххæттытимæ архайынц. Æрбацæуæг мидæггаг уатмæ бахызт.

– Уыныс? Мæнæ мидæмæ чи бацыд, уый, ды кæй агурыс, уыцы лæг у. Бацу йæ фæстæ æмæ æрныхас кæн йемæ.

– Уæу, æнæхайыр фæуат, уæдæ ма мæ цы рарвит-барвит кодтат уæ кæрæдзимæ?..

– Ауай, ауай, фæстиат мауал кæн, кæннод та искуыдæм ацæудзæн, уымæн иу ран æрлæууæн нæй.

Тего бацыд мидæггаг уатмæ. Ацы хатт нал бауæндыд амонджыты ныхасыл æмæ æндæр æгъдауæй фæрсын райдыдта:

– Хуыцауæй курæгау дæ курын, хорз лæг, æмæ дæ цæмæйдæриддæр фæрсон, уæддæр мæм мæсты ма су, цалынмæ иу сахатырдæг рацæуа, уæдмæ.

Лæг æм дисгæнæджы каст ракодта.

– Цæй, хъусын дæм, мæ диссаджы фæрсæг.

– Уæдæ уал мын фыццаг уый зæгъ! Бирæкрат ды дæ æви нæ?

– Æмæ дын уымæн цы зæгъон? Кæд дæм бюрократы хуызæн кæсын, уæд æй дæхæдæг зæгъ!

– Æз æй куы зонин, уæд дæ фæрсгæ нал кæнин... Хуызæнæй хуызæнмæ лæг амардæуыд, фæзæгъынц, хуызæнæй цы ис, фæлæ уый ды дæ æви нæ?

– Цы дæ хъæуы, уый-ма цыбырæй зæгъ, хорз лæг.

– Цыбырæй дын куы зæгъын: Бирæкрат дæ æви нæ?

– Омæ æгас афæдз кусын ам, æмæ мæм нырма ахæм номæй ничи æрбадзырдта.

– Уæдæ ды дæр нæ дæ Бирæкрат?

– Нæ дæн, кæд мæ æнæ дзургæ нал уадзыс, уæд!

Тегойæн йæ цæсгом туджы азылд. «Кæс-ма, дæ хорзæхæй, мæгуыр æнахуыргонд лæгæй хынджылæг скъæрынц...»

– Уæдæ, мæн ардæм чи сардыдта, уый æз ныртæккæ йæ дыууæ хъусæй куынæ ‘рбаласон! – Тего ракъахдзæф кодта дуарырдæм, фæлæ йæм кабинеты бадæг фæдзырдта:

– Фæлæуу, кæдæм лидзыс?..

Тего фездæхт.

– Гъы, цæй, æз фæуон бюрократ, фæлæ дæ цы хъæуы?

– Хуыцауы тыххæй, æррадон у ам æви кусæндон?

– Цæмæн афтæ зæгъыс?

– Омæ уæдæ кæд Бирæкрат дæ, уæд æй зæгъ, кæннод мæ хынджылæг цы кæныс?!.

– Æрбад-ма æмæ радзур, цы дæ хъæуы, уый.

– Нæ, зæгъ уал мын: Бирæкрат ды дæ æви?..

– Æз, æз, куы дын æй загътон.

Тего æрбадт æмæ дзурын байдыдта йæ хабæрттæ. Æххæст сæ нæма фæци, афтæ кабинеты бадæг ныххудтис йæ дзыхыдзаг. Нал æмæ нал æнцайы йæ худынæй. Йæ гуыбыныл ныххæцыд. Иннæ кусджытæ дæр æрбамбырд сты æмæ, хабар куы бамбæрстой, уæд нал æнцайынц сæ худынæй. Тего мæсты кæнын байдыдта.

– Хуыцауы тыххæй, дæхи загъдау, иу æрдæг сахатмæ ма смæсты у, дæ хъуыддаг дын сараздзынæн...

«Уæ артæнбынтæ дæр фæкалут худæгæй, мæ хъуыддаг мын саразут, уыйыеддæмæ» – йæхинымæр загъта Тего. Фæхудтысты уыдон сæ фаг... Фæлæ адæймаг худынæй дæр фæлмæцы.

Цæвиттон, афтæ рауад, æмæ йæ хъалоны хъуыддаг сарæзта Тего:

гектартæ бонгæндтæм æмæ иу læджы хосгæрстмæ æрхаудтой. Ноджы ма йын йæ рæуæды хъастæн дæр фехъуыс кодта уыцы кабинеты бадæг, æмæ боны фæстагмæ уый дæр рамбылдта.

Æмæ ныр дæр ма исчи куы фæфæрсы Тегойы, мæ хъуыддагыл куыд хуыздæр бахъаст кæнон, зæгъгæ, уæд Тего дæр зæнджынхуызæй фæзæгъы:

– Дæ хъаст цы кусæндоны уа, уырдæм бацу æмæ æрфæрс, Бирæкрат кæцы у, уымæй. Кæд æй ссарай, уæд дæ амонд – дæ хъуыддаг дын уайтагъддæр сараздзæн. Алы кусæндоны дæр кусы Бирæкрат, уымæй хистæр дзы ничи ис. Гъе, фæлæ мардæрцыд уый у, æмæ йæ нæ хъæр кæнынц, Бирæкрат кæцы у, уый. Æвæццæгæн, æгæр бирæ кусы æмæ йæ не ‘вдæлы...

Зыгъуытаты Русланы ныв.

ХОДЫ Дзаххотт

МÆЛÆТЫ ТÆРХОН

Фельетон

Стыр фыдбылызы хъуыддаг æрцыди Майрæмададжы. Цалдæр азы уым царди-уыди мыггаджы богъ, бынæттон фосы мыггаг фæхуыздæр кæныны тыххæй.

Богъ дард бæстæй кæй æрæфтыди, уазæджы хуызæн кæй уыди, уый тыххæй хъаны цард кодта, буц хæринагæй дзагæй-дзагдæр кодта йæ кæвдæс.

Фæлæ æгæр алцæмæй дæр нæ бæззы. Æгæр буц митæй хъал кæнын байдайы алы цæрæгой дæр, уæлдай митыл ахæцы. Майрæмададжы хъал богъ æфхæрын байдыдта фосы, æмæ дзы иу къорды сыкъатæй ныццæфтæ кодта. Сыкъа у уазал хæцæнгарз, æмæ уазал хæцæнгарзæй цæфæн дæр закъонæй æфхæрд нысангонд ис. Уый зонгæ уæвгæйæ цæф стуртæ сæ хъаст бахастой колхозы правленимæ.

Правлени хъаст куы райста, уæд сарæзта стыр тæрхоны æмбырд.

Æртæ боны æмæ æртæ æхсæвы тæрхон кодта колхозы правлени, стæй рахаста тæрхон: «Майрæмададжы мыггаджы богъ æгæр кæй схъал, къорд стурты кæй ныццæфтæ кодта, уый тыххæй йын хаст уæд... мæлæты тæрхон. Тæрхоныл дарддæр хъастгæнæн нал ис».

Ацы тæрхон фехъусгæйæ богъ ныббогъбогъ кодта, фæлæ йæ хъуыды дæр ничиуал æркодта.

Богъ æргæвст æрцыди æмæ колхозæн иу æрбадтæн хæрд фæци.

Æгæргæнæг æгæр нæ кæны. Æгæргæнæгæн афтæ хъæуы. Фæлæ цавæрдæр галиу адæймаг, æвæццæгæн, богъæн исты æввахс чи æййæфта, ахæм, бацыди правленимæ æмæ фæрсы: «Цæмæн рахастат ахæм карз тæрхон?»

Правлени бирæ дзурыныл цæмæн схæцыдаид, бацамыдта къухæй скъапмæ æмæ загъта: «Уым ис тæрхоны протокол, бакæс æй æмæ фендзынæ: богъæн йæхи аххос уыди».

«Рæстдзинад», 1931 аз, № 170

Дыдынты, дзынгаты æмæ æндæр ахæм саскты ‘хсæн гени уæвын зын у.

Фаинæ Раневская

ХУАДОНТЫ Иссæ

ФЫСТÆДЖЫТÆ

Сталинград, 7/5–40

Дæ бон хорз, Мери!

Знон нын, Мыхуыры боны фæдыл нæм цы æмбырд уыд, уый фæстæ равдыстой киноныв «Хицауады уæнг». Уыцы ныв мæм цы хъуыдытæ сæвзæрын кодта, уыдон дын æнæ радзургæ нæй. Хицауады уæнг у колхозон чызг, йæ мыггаг Соколова, ролы хъазы артисткæ Полоцкая. Куыддæр экраныл фæзынд, афтæ æвиппайды мæ цæстытыл ауади Сафирæты гуырыконд. Æддаг бакастæй уый хуызæн тынг у, уæлдайдæр та сæ сæрæн митæй сты кæрæдзи æнгæс. Цæвиттон, кæрæй-кæронмæ Сафирæтмæ фæкастæн. Артисткæ афтæ дæсны хъазы, йæ ныхас, йæ фæзылдтытæ ахæм реалон æмæ æрдзон уагыл арæзт сты, æмæ, куы скæуы, уæд адæймагмæ кæуын цæуы, куы схуды, уæд та зæрдæ цинæй айдзаг вæйиы. Кæд уыцы киноныв нæма федтай, уæд æй æнæмæнг фен.

Арæх нæ фыссыс, мæ зæрдæ дыл иучысыл худы. Кæд мын бирæ куыстæгтæ ис, уæддæр мын мæ фæллад уадзынæн фадат вæйиы. Æмæ раст уыцы сахат æппынæдзухдæр дæу фæмысын. Уæдæ дæуæн цалдæр ныхасы ныффыссын цас диссаг у, цалынмæ мæ фыстæг райсай, уæдмæ цæмæ фенхъæлмæ кæсыс? Стæй æз дæуæй арæхдæр фыссын æмæ ма мæ ноджы арæхдæр фыссын фæнды.

Сталинграды, ды дзы куы уыдтæ, уымæй иуцасдæр фæхуыздæр: уазæлттæ дзы нал кæны, хур кæсы, бæстæ ‘рбацъæх, Волгæйы

наутæ цæуын райдыдтой... Фæлæ уæддæр Кавказы цур уыдæттæ ницы сты. Бæлæсты сыфтæртæ цыдæр бурбын сты, цæсты ницанæбæрæг ахадынц.

Горæты, дам, æвзæр цæхæрадон нæй, фæлæ мæнæн уырдæм бацæуын нæма бантысти. Драмтеатрмæ бацæуинаг уыдтæн (тагъд сезон фæуыдзæн), фæлæ цæмæндæр мæ къухы не ‘фты æмæ тæрсын: иннæ азмæ æргъæвд æрцæуудзæни хъуыддаг.

Ныр та дын мæ финансты хабæрттæ ракæнон:

Гимнастеркæ рацаразæггаг æмæ хæлаф хуыйæггаг	– 60 с.
Партфиддонтæ	– 54 с.
Хæстæ	– 50 с.
Къухæй хæсгæ чумæдан	– 39 с.
Мæхимæ ма ис	– 150 с.

Æдæппæт – 353 с.

Цæвиттон, иннæ хæрдзтæн ма мæм баззади 500 сомы бæрц. Цы ‘рбаисты, хуыцауыстæн, ницы йын зонын. Йе нуазгæ нæ кæнын, йе дзæгъæл лекка, æхца та ивылынц æнæхъолайæ. Худинаг мæм кæсы. Ды мемæ куы уаис, уæд сæ дæу аххос кæнин, ныр та цы загъдæуа? Афтæмæй ма мæ цырыхъгæнæгæн 100 сомы фидын хъæуы.

Фæнды мæ мæхи ракурын æмæ дæу фенынмæ ацæуын, фæлæ хъуыддаг æппындæр размæ не ‘ккуырсы. Фæлæ, мæнмæ гæсгæ, уæддæр мæ къухы бафтдзæни.

Цæй уал уæдæ. Сабитæн абатæ кæн. Фысгæ кæн. Дæхи Иссæ.

P.S. Тищенкомæ бацу æмæ йын зæгъ, арматурон гæххæттытæ, зæгъ, рарвит.

Нахабино, 27/6–41

Салам, Мери!

Хъазуатæй нæхи цæттæ кæнæм хæстмæ, афтæмæй ныл бонтæ æнæзынгæ тæхынц. Цыма Мæскуыйæ тæккæ знон ссыдтæн, афтæмæй дыууæ къуырийы бæрц рацыди. Бонæй-бонмæ фидардæр кæнæм, хæстон хъуыддæгтæм тынгдæр арæхсын райдыдтам. Топпæй архайынмæ фыццаг хорз нæ арæхстыстæм, ныр нæ коммæ кæсын байдыдта æнцонæй. Тæрккъæвда йæ тæккæ тæмæны вæйиы, уæддæр махæй иу дæр йæ хъуыддаг нæ фæуадзы. Абон æртæ сахаты бæрц уарынмæ фæдæн, ныддонласт дæн, мæ цинел дзæвгар фæууæззаудæр, уæддæр мæ уавæр мисхалы бæрц нæ фендæрхуызон, нымады дæр мæм ницы уыд. Афтæ ныл цæуынц бонтæ.

Ахуыр кæнæм, нæ хъарутыл нæ ауæрдæм. Иуæй дæр нæ рох нæу, академийы кæй ахуыр кæнæм, инженертæ хъуамæ кæй суæм, уый. Фæлæ фронтмæ ацæуын зæрдæбынæй кæй нæ фæнды, ахæмтæ нæм чысыл разындзæн. Иу ахæм минут дæр ныл нæ ацæуы, фронты уавæрыл æнувыдæй кæд нæ фæныхас кæнæм. Алкæй дæр фидарæй уырны, мах кæй фæуæлахиз уыдзыстæм, нæ ныхмæ йæ гæрзтæ чи рабаста, уыцы цъаммар богъдаби Гитлеræн Советон Æфсады бæрзæйсæттæн цæфтæй йæ мæлæт кæй æрцæудзæни. Гитлеры æфсады хæйттæ рæстæгмæ мах зæххытæ кæй бацахстой, уый та ууыл дзурæг у, æмæ нæ, æвæццæгæн, адæмы мобилизаци скæнын хъæуы, уый та афтæ æнцон нæу.

Бирæ сагъæстæ, бирæ бакæнинаг хъуыддæгтæ мын ис (ахуыр, хæст...), фæлæ ма уæддæр мæ сæры æмæ мæ зæрдæйы стыр бынат разындзæни дæуæн æмæ нæ сабитæн. Æхцайы мур уæм кæй нæй, уый мæ мары, фæлæ уын уæ царды уавæр фæхуыздæр кæнынæн æвиппайды ницы мадзал арын.

Зынаргъ Мери, афтæ-ма бакæн: мæ кастюм, мæ туфлитæ æмæ мын мæ хæдон ауæй кæн. Мæн ницæмæн хъæуынц, ауæй сæ кæн æнæмæнг, æмæ уал уын фаг уыдзысты, фæстæдæр та архайдзыстæм зонджындæр уæвыныл. Дæхи дæр æмæ сывæллæтты дæр хæрдхъуагæй ма уадз æппындæр. Ныхас бухъ цардыл нæ цæуы, фæлæ, цæрынæн цæйбæрц хъæуы, ууыл.

Лагерьты кæдмæ уыдзыстæм, уый дæр сбæрæг: æхсæзæм июлы нæ нæ фæллад уадзынмæ нæма ауадздзысты – раздæры уынаффæ аивтой. 6-æм июлы фæстæ дæр ма ам баззайдзыстæм, нæ фæлладуагъды фæстæ нын лагерьты цы ахуыртæ хъуамæ уыдаид, уыдон уыдзысты ныр. Афтæ сты нæ хъуыддæгтæ.

Ноджы ма дын хъусын кæнын: лагерьтæй суæгъд кæнæн ис, æрмæст дæр рынчын чи фæуа, уыцы адæймагæн. Æз рынчын нæ дæн, стæй фæрынчын уæвынмæ дæр нæ хъавын (дæхæдæг æй зоныс, æз рынчынтæ никуы фæкæнын), уымæ гæсгæ мæ Мæскуымæ нал ауадздзысты. Гъемæ 1-æм июлы фæстæ, скъолайы куыстæй куы суæгъд уай, уæд (ау, фæлладуадзæн бонтæ дын нæ ратдзысты!) бацархай иу æнцойбон мæнмæ æрцæуыныл. Кæд дын ахæм фадат уа (сывæллæтты Датитæм ныууадздзынæ), уæд мын-иу фехъусын кæн, æмæ, куыд цæугæ у, уый дæм бæлвырдæй ныффысдзынæн.

Ууыл, æнхъæлдæн, нæ ныхас фæдæн. Уе ‘ртæйæн дæр адджын батæ кæнын.

Уæхи Иссæ.

Саламтæ Хасанæн, Нинæйæн, Алешæйæн æмæ Анжелинæйæн æмæ ин.

ХЪУЫЛАТЫ Ладимыр

ХУЫЦАУ РАТДЗÆН...

Радзырд

Æдзары ма баззад æрмæст зæронд фæнык. Хъæрæсе Ханысиаты коммæ нæ каст, нæ куыста, æмæ сæ исы къæрмæджытæ кæдмæ фаг кодтаиккой?

– Уæддæр цæуылнæ кусыс, лæгай? – афарста-иу Ханысиат.

– Хуыцау ратдзæн...

– Цы ратдзæн?

– Æз дын афтæ зæгъын, ратдзæн. Хуыцау йæ адæмы сыдæй мары? Æрра сдæ, æви дын дæ хъусыл саджил хъæуы?..

– Ус-иу ныккуыдта: «Мæн дæ фыццаг чи скодта, уый мæрдты мæ тæригъæдæй авд марды акæна! Йа-гъа-гъа- гъа!..»

Лæджы зæрдæ-иу фæфæлмæн: «Уæ Хуыцау, уæ зæхх, дæуæн цы æдылы къоппа ис, ды куыд ницы æмбарыс, Хуыцау ратдзæн, Хуыцау! Йæ адæмы сыдæй мары æви цы? Уæд ма хуыцауиуæг та кæмæн кæндзæн?»

...Æмæ, мæ хур, Хуыцау дæуæн дæр авæра, иухатт хур Арыхъы рагъæй куы атылд, йæ фæстаг тынтæ сызгъæрин доны тылдæй хæхтыл куы æрызгъæлдысты, уæд Ханысиат йæхи Хъæрæсейы фарсмæ æруагъта æмæ йын йæ хъусы дзуры:

– Ма та фæтæрс, кусын дæ нæ кæнын... Абон Уарзионтæй ссад куы хастон, уæд хуымтæ белæй акъахон, зæгъгæ, ахызтæн цæхæрадонмæ. Куыддæр бел сыджыты ныс-

сагътон, афтæ йæ хъыррыст фæцыд. Æркастæн æмæ дын... æвзист асыкк. Аивæй æрбадтæн. Сыгом кодтон асыкк, тыххæй йын сфæрæзтон йæ дуар. Асыкк кæд йæ тæккæ дзаг уыд сызгъæрин æхцайæ! Раст дзырдтай, Хуыцау радта. Цом, скъахæм асыкк æмæ сызгъæринтæ бафснайæм.

Лæг бæлвырд байхъуыста, стæй йæ сæр батылдта: – Æдылы къоппа, æмæ къахын куыст нæу? Хуыцау куы дæтта, уæд рудзынгæй дæтты.

– Æз сæ уæдæ мæхæдæг акъахон, – хъавы ус фестынмæ. Лæг æй йæ дзыккуйæ ацахста:

– Æнцад! Бакæс-ма ацы дзигломæ! Кæд сæ Хуыцау махæн дæтты, уæд сæ ардæм дæр йæхæдæг æрбахæсдзæн.

Цас рацыдаид, чи зоны, фæлæ иуафон цар æртыдта, æмæ... сызгъæрин æхцатæ ныггæр-гæр кодтой. Хæдзар байдзаг. Ус æмæ лæг сæ хъæццул рахъил кæнын дæр нал фæрæзтой. Уæд Хъæрæсе Ханысиатмæ бахудт æмæ йæм йæ цæст фæныкъуылдта, ома, куыд дæм кæсы?

Хъæрæсе стыр сахары стыр галуантæ æрæлхæдта. Дард бæстæйæ диссаджы æртыкъахыг фынг æрласта. Зæрдæ цы ноз, цы минас загъта, æмæ-иу уыцы фынгыл цы нæ февзæрди! Амæйай рæсугъддæр чызджыты æрбаласта Хъæрæсе алы рæттæй. Фæндырæй йын цагътой, кафыдысты, зарыдысты йæ фæйнæфæрсты, алыхуызон дидинджыты пуцæлттæ йын хастой.

Стыр хъазæн фæз саразын кодта йæхицæн, йæ уæлцъар хъулон авгæй æмбæрзт. Йæ цæлхытæ дæр хъæдабæйæ кæмæн уыдысты, ахæм файтоны-иу сау рувæстæ баифтыгъта Хъæрæсе, æмæ Ханысиатимæ сæ зæрдæйы дзæбæхæн тезгъо кодтой.

Балхæдта ноджы æнахуыр сынтæг. Уыцы сынтæгмæ ахæм миниуæг уыди, æмæ-иу хуыссæнтæ йæхæдæг акодта, куы-иу бахъуыд, уæд та сæ-иу бафснайдта. Суанг ма-иу Хъæрæсейы уæлæдарæс дæр раласта. Иухатт та дын куыддæр æмбисонды хуыссæнтыл йæхи æруагъта æмæ йæ мидбылты бахудт, афтæ...

Фехъал... Хæдзары сæр дзала бамбыд æмæ йыл уырдыгæй дон цъыкк-цъыкк кæны.

ДЗÆХАТЫ Темырхъан

ТÆРХЪУС

Тæрхъус цъæх мæнæуты
Бонмæ ‘ввахс фæхызт.
Астымы хæмпæлты
Дзагъыræй нымбæхст.

Фегуырд мыст йæ цуры,
Йе ‘ккой абадт цырд.
Тæрхъус фестъæлфт, дугъы
Хъæдбынмæ фæлыгъд.

Иу каст ма фæкодта
Хъæдбынæй æваст:
Чи мæ скъуымбил кодта,
Чи мæ зоны маст?

Сурæг æй нæ уыди,
Бындз нæ уыд æввахс.
Оуу, йæ уд фæцыди,
Ратоны йæ фарс...

«У мæнæн фæстаг бон
Ацы бон бæлвырд.
Цон æмæ цæппарон
Арф доны мæ уд».

Доны былмæ ‘ртахти:
Багæпп дзы кæнон!
Хæфс дын дзы фæтарсти:
Тъупп! – фæци дæлдон.

Хæфс йæ сæр ысдардта
Донастæу, тæрсы,
Тæрхъусмæ ныццавта
Сау дыууæ цæсты.

«Æ, Хæфси! Хъыр-хъырæг!
М' амонд ды фæдæ.
Доны бын ныгъуылæг,
Диссаг та ды дæ...

О мæгуыр, мæ тутт сæр!
Сæфтæ, 'мæ цæуыл? –
Мæнæй ма тæппуддæр
Разынди зæххыл!

1939

– Æз хауын, фæлæ ирон
æгъдауæн ахауæн ма уæд!

Сланты Русланы ныв.

ЕДЗИТЫ Цини

КЪÆХТЫСÆР

(Фæндаггоны фыстытæй)

Цъ ititæ урс-урсид тинтычъи нымæтхудты хуызæн хæхты цæгæр сæртыл конд кæмыты сты, уырдыгæй рацæуы уазал хæххон дымгæ. Згъоры, асæрфы йæхи стыр къæдзæхты риутыл, йæ хъæбысы акæны бæрзонд тæрс бæлæстæ, сызмæлын сын кæны се ставд цæнгтæ æмæ дарддæр хъазгæ, донимæ ныхасгæнгæ атæхы быдырмæ. Рыг соса фæндаг бæндæнау хилы комы фæхстыл. Кæм йæхи донмæ æрхæстæг кæны, кæм та айнæг къæдзæхты сæрты афардæг вæййы бæрзæндтыл.

Зæронд лæг ныггуыбыр, лæдзæджы æнцæйтты сабыргай арф рыджы йæ къахдзæфтæ уадзгæйæ фæцæуы комы.

– Дæ фæндаг раст, зæронд лæг!

Урс рихитæ. Фæтæн ныхы царм цæхгæрмæ арф нынхъырдтæ ис. Йæ фæллад цæстытæ мæ мæ сæрæй мæ къæхтæм асгæрстытæ кодтой.

– Станцæмæ цæуыс, мæ хур?

– Уæртæ Къæхтысæрмæ мæ зæрды ис бауайын, никуыма дзы уыдтæн, диссаг æй хонынц.

– О, Къæхтысæр диссаг у, фæлæ мæнæ, мæнæ, – лæдзæджы фындз размæ ариуыгъта, – диссæгтæ ам, станцæйы сты.

Фæндаджы сæрмæ йæхи цы хох райвæзта, уый тæккæ былыл джихæй лæууы сау фыдæлтыккон мæсыг. Йæ астæуыл афасти. Хур, къæвдатæ, мит æмæ зымæгон тымыгътæ бирæ сæдæ азты кæй бадомдтой,

уыцы фæрстæ ма тыххæй хæцынц кæрæдзиуыл. Фаллаг тигъ æрызгъæлди...

Зæронд лæг хуримæ куы фемдзаст вæйиы, уæд йæ цæстытæ доны разилы, йæхинымæр стыхсы, йæ армытъæпæнæй ауон ацаразы.

– Уый, мæ хур, нæ фыдæлты кадджын мæсыг уыди.

Ныр æм нæ кæсыс, куыд ныххæлддзаг ис, чи ма дзы цы кæны, ныр æндæр дуг у. Гъей, лæппу, ам-иу диссæгтæ цыди. Уалæ мæсыджы цъупмæ æввахс цы лыстæг хуынчъытæ зыны, уыдон топпæхсæнтæ уыдысты. Быдырæй-иу тыхгæнджытæ куы æрбацыдысты, уæд сæ-иу уырдыгæй æрурæдтой... Ам бирæ туг акалди фыдæлты заманы...

Стыр лæгæты бакомкоммæ комы фахсы йæ уæхсчытæ бæрзонд систа Джызæлдоны электростанцæ. Цыма барæй конд сты ацы иу ран мæсыг æмæ станцæ. Ам кæрæдзиуыл фембæлдысты дыууæ дуджы.

Дон фынкæйдзаг уылæнтæй айнæг къæйтæм лæбуры, къамбецыйас дзæнхъадуры лæгъз цæсгом æхсы.

Цъæх-цъæхид арв. Ранæй-рæтты сæхи уæлиау систой Æрфæны фæды хуызæн тæнæг асæстытæ.

Зæронд лæг йæ цæстытæ аууæрста:

– Уый æнхъæл чи уыди, æмæ ам ахæм диссæгтæ фæзындзæн! Нæ хæхты стырдæр диссаг уыди хуымæтæджы кæркдоны хуызæн къада куырой. Сусхъæды цъар-иу бафидæрттæ кæн æмæ дын уый куыройы нук. Донмарæнæй йæм дон рауадз æмæ-иу дзеудзæлæйгæнгæ цалх æрзылди, хъис-хъисæй йæ алыварс ацæуæн нæ уыди. Куырæйттæ аразынмæ дæснымдæр цы лæг уыди, уый ныр станцæйы дуарæй куы бахизид, уæд, мæгуыр, йæ сæр разилид. Мæ хуры чысыл, цард йæхи афтæ ивдтытæ кæны. Ды фыдæбонæй ницы бавзæрстай, фæлæ æз дæу карæнæй бирæ зынтæ федтон. Ам фæндаг нæ уыди уыцы рæстæджы. Хор ласынмæ-иу цыдыстæм быдырмæ. Хæræджы-иу барæвдзытæ кæн æмæ рараст у. Æцæг фыдæбæттæ та-иу уый уыдта, хæрæг кæмæ нæ уыди. Къæсса дзæбæх бабæстытæ кæн фæсонтæм, байдзаг æй кæн нартхорæй æмæ йæ къæдзмæдз къахвæндагыл æмпъух. Науæд-иу галуæрдон доны астæу стыр дурмæ куы сбыцæу, уæд дын-иу уый та цæттæ мардæрцыд. Цас фæбаддзынæ доны астæу, кæдмæ хойдзынæ галты фæрсчытæ! Уазал дын у, нæу – рахиз æмæ доны æд дзабыртæ ныллæс, исты амалæй рафтау цæлхыты уыцы заманайæ.

Урс-урсид цъititæ тавынц сæ цæгæр сæртæ хъарм хурмæ, бæрзонд уæлдæгътыл ныллæг бæлæстæ сæхи раивæзтой арвы

рухсмæ. Иуæй-иу рæтты къæдзæхты фæрстæй разындысты тъунелы кæрæттæ. Змæлынц адæм. Ферттивынц белты тъæпæнтæ. Дур куы ратулы, уæд суанг кæмтты йæ дзыгъал-мыгъул ссæуы.

Тигъæй æрбазынди ногдзауты бал. Æвзонг хъæлæстæй азæлынц æгомыг къæдзæхтæ. Схæццæ сты мах цурмæ, сæ кæрон нæма аскъуыди. Иу чысыл læппу йæхи иннæтæй фæиртæста æмæ æрбазгъордта зæронд лæгмæ.

– Баба, мах уæлæ ауæзтмæ цæуæм. Æз дзы уыдтæн, фæлæ мæнæ быдырæй чи ссыд, уыдон æй феной.

– Цу, цу, мæ хур, исты бабайы куынæ фæфæрсыс: –Зæронд лæг йе стыр армытъæпæн æрæвæрдта læппуйы уæхскыл, бахудти. – Нæ кæсыс, араббаджы хуызæн дзæбæх куыд ссау хурмæ, дохтыртæ, дам, æй хорз хонынц хурсыгъды.

Læппу азгъордта, йе ‘мбæлтты аййæфта. Зæронд лæг худæндзастæй кæсы йæ фæдыл. Стæй мæнырдæм разылди:

– Цу, læппу, дæу дæр Къæхтысæрмæ цæуын куы хъæуы. Æз уал ам мæхи æруадзон. Мæн мæнæ хæстæгмæ цæуын хъæуы.

... Стыр цады бынæй зынынц цъititæ, къæдзæхтæ, бæлæстæ, раст цыма сæхимæ айдæнмæ кæсынц. Комы хъæбысы, цыма армытъæпæны конд у, уыйау æнæзмæлгæйæ læууы дон. Ауæзтмæ хæстæг доны астæу ставд бетонæй цæджындзтыл æрæнцад чысыл хæдзаргонд. Асинтыл уæлæмæ схиз. Хæдзаргонды бынты стыр æхсæрдзæнæй тъунелы хъæлæсмæ тæхы дон. Уый, турбинты цы дон нæма хъæуы, уый у. Нырма иу турбинæ йеддæмæ нæма кусы. Æртæ дæр куы æрзилой, уæд комæвгæнæнмæ стæм хæттыты йеддæмæ дон нал цæудзæн.

Хилæг, зулкъ чи свæййы, уый хъуамæ цæмæн хъаст кæна, куы йæ ныцъцъист кæной, уæд.

Иммануил Кант

ТЕГАТИ Сулейман

МÆ НИЙЕРÆГ

Зин рæстæги, тохи бонти
Болат кардæй æз карстон
Дæу сæраппонд гитлеронти,
Мæ нийерæг, Иристон!

Нæуæгæй дæр дæ гъæбеси
Цуппаремæ фондзанзон
Ку аразæн, дæ цийесæй
Зæрдирай ан, Иристон!

Дæ будуртæй гъæздуг хуартæ
Æ гоморий колхозон
Æрæфснайуй, кæсæ уартæ,
Мæ нийерæг, Иристон!

Сахъ – дæ фурттæ, раст куд нартæ,
Кадæ иссæй дин сæ ном,
Уони намус, уони зартæй
Ку нийирд дæ, Иристон!

Ку фæлгæсис идзаг цæстæй.
Æй дæ уиндæ æхсицгон.
Æз де ‘хсарæ, дæ ирæзтæй
Сæрустур дæн, Иристон!

Махæн ма ес берæ знæгтæ;
Дæу ирæзтмæ нæуинон
Каст кæнунцæ, æй сæ фæткæ,
Мæ нийерæг, Иристон!

Етæ бабæй ку гъавонцæ
Тар кæнунмæ нæ хор бон,
Уæ æносмæ ниппурх уонцæ,
Мæ нийерæг, Иристон!

Тохи арти хъазауатæй
Ке хæсдзæнæн кади ном,
Уобæл дин æз фурти уарзтæй
Соми кæнун, Иристон!

Цæрукъаты Валодя

САБИТÆН

ЗОНДАБИ ÆМÆ ÆРРАБИ

– Дон хæссæм тæсчъы! –
Загъта Æрраби.
– Уый та куыд фæтчы? –
Фарста Зондаби.

– Хур ма æрисæм! –
Сдзырдта Æрраби.
– Нæй йæм ысхизæн, –
Загъта Зондаби.

– Слæууæм нæ сæртыл! –
Ратæвд Æрраби.
– Ма фæзм æвзæрты! –
Домдта Зондаби.

– Басудзæм кæрдæг! –
Сцырд та Æрраби.
– Фос та цы хæрдзæн? –
Батыхст Зондаби.

– Аппар дæ чиныг! –
Домдта Æрраби.
– Афтæ нæ чины, –
Фенкъард Зондаби.

– Æз дæн «зондаби»! –
Загъта Æрраби.
– Уæд æз – «Æрраби», –
Бахудт Зондаби.

РУВАС

Рувас хъæдæй рацыди
Сусæгæй;
Хъæуы ‘рдæм фæраст кодта
Сусæгæй;
Кæркдонмæ дын бахъуызыд
Сусæгæй;
Карк агурын байдыдта
Сусæгæй;
Уасæджы хурх ацахста
Сусæгæй;
Тонынтæ йæ байдыдта
Сусæгæй;
Уалынмæ дын хæдзарæй
Сусæгæй;
Рацыд лæг æд хъыримаг –
Сусæгæй;
Рувасмæ дзы бахъавыд
Сусæгæй;
Къæрныхы æрфæлдæхта
Сусæгæй...

БИЦЪОТЫ Гриш

ЦЪИУТЫ ЛЫМÆН

Радзырд

Æткъуы бæлæстæ сæ дидинæг раджы акалдтой. Бæласы бынмæ чи бацæуы, уый дзæбæх фæуыны сыфтæрты æхсæн лыстæг фæткъуытæ цупæлттæ-цупæлттæй. Цæстытыл ауайы, сæрды тæвд бонты фæткъуытæ куыд сцæттæ вæййынц, фырзадæй сæ къалиутæ куыд æрцæйсæттынц æмæ сæм быцæутæ куыд фæаразынц, уый, æмæ уæд адæймаджы зæрдæйыл æхсызгондзинад сæмбæлы.

Мæнæ Батырбег дæр рауай-бауай кæны зæронд фæткъуы бæласы бын. Уый дæр кæсы уæлæмæ бæласмæ æмæ йæ чысыл былтæ базмæлын кæны, бахуды. Цин кæны Батырбег, фæлæ цæуыл цин кæны? Фæткъуы бæласыл бирæ лыстæг фæткъуытæ кæй уыны, ууыл, æви бæласы иу къалиуæй иннæмæ цы цъиу рагæпп-багæпп кæны, уый кæй уыны, ууыл?

Мæнæ систа сыджыты къуыбар æмæ, йæ чысыл къухтæ цæрдæг тилгæйæ, бауадис, цъиу цы къалиуыл бадтис, уый бынмæ. Цъиу æй ауыдта, апæррæст кодта æндæр къалиумæ æмæ сыфтæрты æхсæн амбæхстис. Фæлæ та Батырбег йæ хæдбынмæ бауадис, йæ къух дард фæхаста æмæ йыл къуыбар фехста. Цъиу фæтарсти, ныппæррæст кодта æмæ атахти.

– Нæ йыл ауади, – æнкъардхуызæй загъта Батырбег æмæ йæ фæстæ кæсгæйæ баззади. Батырбег федта, цъиу чысыл

æддæдæр цы бал бæлас уыдис, ууыл куыд абадти æмæ йæм кæй касти.

– Æз дын ныртæккæ дæ ахстон фехалдзынæн, – зæгъгæ, цъиумæ йæ къух æвзидæгау батилгæйæ, сдзырдта Батырбег. Бацыди бæласы размæ, йæхи фæгуыбыр кодта æмæ уыциу гæппæй рацахста йæ рахиз къухæй æппæты ныллæгдæр къалиу, стæй йæхи сивæзта æмæ фæхæцыди къалиуыл йæ галиу къухæй дæр.

Батырбег дæсны у бæласы сæрмæ бырынмæ. Ныр дæр та, къалиутыл йæ къухтæй хæцгæйæ, бæласы астæумæ уайтагъддæр схæццæ и. Ахстон уыди, йæ къæхтæй цы ставд къалиуыл лæууыди, ууыл. Сабыргай æрбадти къалиуыл æмæ, йæ къухтæй æндæр къалиутыл хæцгæйæ, бабырыд ахстоны размæ.

– Уым та цы архайыс?! – йæ хъустыл ауади кæйдæр сонт хъæр. Батырбег фесхъиудта, иуварс фæцудыдта æмæ фæцæйхауди, фæлæ йæ рахиз къухæй рацахста къалиу æмæ йæхи баурæдта.

– Ахстон æппарынмæ та схызта, нæ? – ногæй та йæ хъустыл ауади кæйдæр ныхас.

Батырбег сабыргай разылди æмæ бæласæй чысыл æддæдæр ауыдта йæ хистæр æфсымæры. Цыдæр æфсон акæнынмæ хъавыди, фæлæ уайтагъд йæ фæндон аивта: хорз зыдта, йе ‘фсымæр æй ахстонмæ æвналгæ кæй федта, уый. Йæ зæрдыл æрбалæууыд, айфыццаг дæр ма йæ кæй æрбайййæфта ацы ахстон исгæ æмæ йæ куыд бафхæрдта, уый дæр.

Батырбег æнæдзургæйæ зæхмæ æрхызти, æфсæрмдзастæй бакаст йе ‘фсымæрмæ, стæй йæ цæстæнгас зæхмæ сарæзта æмæ æнхъæлмæ каст, цы йын зæгъдзæн, уымæ.

– Батырбег, – йæ размæ хæстæг бацыд, афтæмæй йæм сдзырдта йе ‘фсымæр, – скæс-ма бæласмæ, цас фæткъуытæ йыл ис. Бирæ не сты?

– Уæдæ цы сты.

Стæй зæххæй цалдæр кæлмхæрд фæткъуыйы систа, йæ цæсгоммæ йын комкоммæ бакаст æмæ йæ афарста:

– Ацы фæткъуытæ цæмæн æрхаудысты, уый зоныс?

– Зонын, уымæн æмæ сæ кæлмытæ хæрынц.

– Уæдæ кæлмытæ бæласыл иу фæткъуы дæр кæй нал ныууадздзысты, уый зон, цалынмæ ма сæ иу дæр бæласыл уа, уæдмæ.

– Иу дæр нал ныууадздзысты, – дис кæнгæйæ сдзырдта Батырбег. – Æмæ сæ уæд цæуылнæ марæм? Кæм ма нын уыдзæн рæгъæд фæткъуытæ?

– Æмæ сæ ды куыд амардзынæ, чи сæ мары, уыдоны цæрын

куынæ уадзыс, сæ ахстæттæ сын куы халыс, уæд?

– Æмæ цъиутæ дæр кæлмыты марынц? – дисгæнгæйæ та афарста Батырбег.

– Уæлæ-ма кæс уæдæ, – загъта та Батырбеджы æфсымæр æмæ йæ къухæй ацамыдта цъиумæ.

Батырбег федта, цъиу куыд уыгъта, иу къалиуæй иннæмæ цы тынтæ нывæзт уыди, уыдоныл цы лыстæг кæлмытæ уыд, уыдоны æмæ цингæнгæйæ, цъиуæн атæхынæй тæрсгæйæ, ныллæг хъæлæсы уагæй сдзырдта:

– Уæлæ ма, æцæг... Куыд тынг сæ уидзы...

Рацыди цалдæр боны. Батырбег лæууыди сæ кæрты астæу æмæ касти сæ фæткъуы бæласмæ, фæлæ ацы хатт уыди бирæ хъæлдзæгдæр. Æдзынæг кастис, абон сихорыл цы ахстон сæвæрдта сæ фæткъуы бæласыл, уый алыварс куыд ратæх-батæх кодта сырддонцъиу, хатгай-иу ахстоны дуарыл куыд абадтис, уымæ. Иу цалдæр хатты Батырбеджырдæм зилгæ дæр ракодта æмæ йæм афтæ каст, цыма йын арфæ кодта.

– Æз ма ноджыдæр сараздзынæн ахстæттæ æмæ сæ иннæ бæлæстыл сæвæрдзынæн, – загъта ма Батырбег, йæхицæй стыр бузныг уæвгæйæ, æмæ уынджырдæм цингæнгæ азгъордта.

Адæймаг цас ницæйагдæр уа, уыйас йæ къухы тагъддæр бафты æнтыст.

Оноре де Бальзак

ХОСТЫХЪОТЫ Зинæ

ÆНАХУЫР ТЫХ

МÆ ЗÆРДÆ

Ызнæт дунемæ райгуырдтæ, мæ зæрдæ,
Нырма рæстдзинад туджы аргъ у ам.
Хур тавы ‘мхуызон хорзы æмæ ‘взæры,
Нырма цæрынц лæгсырд æмæ хæрам.

Фæлæ уæддæр ыстыр фæрнджын у а зæхх, –
Йæ хъæдгæмттæй та равзæры цъæх бон,
Йæ риуыл уалдзæг сабийау куы хъазы,
Уæд ыл, мæ зæрдæ, бацин кæнын зон.

Куы уай æфхæрд, уæддæр-иу базон уарзын,
Ыссудз цырагъау, макуы ахуысс, ма.
Мæ ныфс, мæ зæрдæ, тохвæразон разын,
Цæмæй дын зæхх гыццийы къух ысуа.

Ды ма рох кæн, лæг намысджын цæмæй у, –
Кæйдæр мастыл дæхи мастау дзыназ...
Мæ ныфс, мæ зæрдæ, ме ‘ппæт цард дæуæй у,
Мæлæт дæр, уадз, дæуæй ыссарон æз.

ЗЫМÆГОН БЫНДЗ

Цæмæ ‘рбабындз дæ уайсуры мæ уатмæ?
Цымæ мæм дуар та уæд кæуылты ссардтай?
Мæгуыр, æнхъæлыс, ам мæ уды артмæ
Æвæлмонæй тъæпп ахаудзынæ цардæй.

Æмдзæвгæ фыссын, ма мæ хъыгдар, о бындз!
Цы смузыкæ дæ? Мæлæты Бетховен!
Цы фестадтæ мæ салд рудзынгыл уадындз?
Фæлæуу, фæлæуу, нæ къуымæлы ныххауай!

Цынæ дын кæнын, цы, уæддæр нæ тæрсыс,
Цыма уæйыг дæ, тас дæ нæй æппындæр,
Æви мæ уат дæ фыдыбæстæ ‘нхъæлыс
Æмæ нæ комыс уый тыххæй тæрын дæр...

Нæ, нæ, æндæр у ацы уысм дæ хъомыс, –
Кæд цард æппæтæй ауыгъд у æндахыл,
Уæддæр, бындз, ды дæ бындзы зондæй зоныс,
Поэт бындзы дæр н’ амардзæн нæ зæххыл.

ÆНАХУЫР ТЫХ

Фыны бæрзонд хæхты сæрæй
хъуыстон азæлд уырыссагау:
«Поэзия – Бог, он – в нас».

Мæхицæй бузныг никуы дæн мæ зарæгæй,
Æз ницы дæн – дыкъахыг мур зæххыл,
Фæлæ мæ скæнынц дзырдтæ хурхы нарæгмæ,
Цыдæр тых мæм æрвбæрзондæй тæхы.

Цыдæр бæрзонд тых айтындзы йæ базыртæ
Мæ сæрмæ, бæстæ свæйиы цыма зард,
Мæ удмæ схъиуынц алырдыгæй уаз дзырдтæ,
Æз та сын раттын урс гæххæттыл цард.

Дзæнæты дыргътау сисынц мыл ызгъæлынтæ,
Сæ уæзæй цыма байдайын æнуд...
Нæфæтчиагау нæу мæ бон йæ зæгъын дæр, –
Кæд уый Хуыцауы иу къæртт у мæ уд?..

ХÆБЛИАТЫ Сафар

АЛЫ ХАБÆРТТÆ, ХЪУЫДЫТÆ

* * *

Къостайы мард куы скъахтой, уæд æй 18 километры сæ æнгуылдзты æлгътыл фæхастой фæсивæд Хуымары (Хуымараты) онг (бывшее Атуковское).

* * *

Борыхъуаты Сафарбеджы нартхор суанг миты бынмæ æнæ тындæй баззади. Хæмыцаты хъазаг зæронд лæг æм фæкомкоммæ:

– Дæндагæй йæ бавзарæд, æмæ, кæд фæхъæбæр, уæд æм кæсгæ нал у.

* * *

Скувыны размæ фынгыл йæ цæст ахаста æмæ йæм цыдæр хъуаг фæкаст.

– Нæ каст ма истæмæ у?

– Ницæмæуал, Рамазан, уæ бон у æмæ райдайат.

Уæддæр ма йæ цæст ахаста. Фынгæвæрæг батыхст: сæр æмæ бæрзæй, базыг, фæрсчытæ, уæхсты физонæг сæ бынаты, цæхх.

– Уæрæсейаг арахъхъ дзы нæй?

– Скувут уал, алцыдæр уыдзæн. Уыйас дæр дæ хъæуæд.

Йæхимæ та диссаг фæкаст – ныронг бæгæны æмæ адджын сæнæй дарддæр куы ницы нызта, уый дæр æмбисагуывзæтæй, уæд ныр зæрондæй йæ нозт фæкарздæр кæнынмæ хъавы?

– Уыйас мæ ницæмæн хъæуы, иунæг авг мын радав æрмæст.

Уайтагъд ын авг йæ разы æрæвæрдтой.

Дыууæ æнгуылдзæй йын æлгъгæнгæ йæ къубалыл æрхæцыд, бæрзонд æй систа, се ‘ппæтмæ дæр куыд зына, афтæ:

– Мæнæ хорз адæм, кæрæдзимæ байхъусæм. Хæдзар нæ æгъдауы фæдыл бацагуырдта. Табу Хуыцауæн, хæрд æмæ ноздхъуаг ничиуал у. Фæлæ кæд исчи бануазынмæ æмæ фынджыбадт фенад кæнынмæ æрбацыд, уæд ын мæнæ авг, цалынмæ не ‘ртæ чъирийы нæма скуывтам, уæдмæ бануазæд æмæ нæ нæхи бар бауадзæд.

* * *

Гæриаты Дæхцыхъойы æртхъирæн:

– Æз Гитлеры рахиз цæст дыууæ къуыримæ скъахдзынæн.

Æмæ йæхæдæг æнæ цæстæй сыздæхт.

* * *

Мад уæддæр та, йæ мад макуы амæла. Цъиутæ дæр уасæджы бын нæ фæбадынц, фæлæ карчы бын.

* * *

Мырза дзырдтаид Дабеккайы тыххæй æви æндæр искæмæй фехъуыстаин:

– Стройбаты салдæтты рæнхъ æрлæууын кодтой æмæ сын командир загъта:

– Тынг уæззау рæстæг скодта, акъоппытæм цæуын бахъуыдис хæцынмæ. Бархийæ кæй фæнды, уыдон размæ æртæ санчъехы рацæуæнт.

Дабекка та йæ иннæрдæм бамбæрста æмæ æртæ санчъехы ракодта. Иу ирон ма дзы уыдис, уый дæр Дабеккайæ хуыздæр нæ зыдта уырыссагау, æмæ уый дæр Дабеккайы бафæзмыдта.

– Кæй ма фæнды бархийæ?

Иууылдæр ныхъхъус сты.

– Никæйуал фæнды?

Йæ бынатæй ничиуал фенкъуыст.

– Уæдæ, кæд афтæ у, уæд ацы дыууæйæ фæстæмæ иууылдæр хæцæнмæ цæудзыстут.

Афтæмæй Дабекка æмæ йе ‘мбал æгасæй баззадысты.

* * *

Хуынчъы куы калай æмæ калай, уæд ма дзы уыры дæр куы сгæпп ласы (нозты тыххæй).

* * *

Мысыкаты Гацыр уæлмæрды цырт æвæры иу сылгоймагæн. Цырт – пысылмон, цытæ æмбæлы, уыдæттæ йыл нывгонд. Зианы хицау æрдиаг кæны:

– Ныр афтæмæй куыд уыдзæн – хуыйæн машинæйыл дыууæ къæбæлы бæсты иу къæбæл йеддæмæ нæй æндах.

– Ма тыхс, – зæрдæ йын бавæрдта Гацыр, – иу къæбæл уал хуыд фæуæд, стæй йын дыккаг сæвæрдзыстæм.

* * *

Гуыдиаты Тæкку йе ‘рвадæлты зæронд чызг Бабидтойы хъуг адавта æмæ ахæстоны фæбадти. Куы рацыд, уæд æй Гацыр алхыскъ кодта:

– Цæй, куыд у – ахæстоны хуыздæр у æви æдде?

– Ахæстоны Ленин дæр бадти, – дзуапп радта Тæкку.

– Æмæ дзы Ленин дæр Бабидтойы хъуджы тыххæй бадти?

* * *

Нæхи Сæлæдины ус Валя радзырдта:

– Ме ‘фсинимæ «Чермен»-театры уыдыстæм. Зæронд лæгтæ сценæйыл куы фæзындысты, уæд æфсин сыстад æмæ мæн басхуыста: «Уæлæмæ схæц дæхиуыл». Æз æй нæ бамбæрстон: «Цæмæ сыстадтæ?» «Нæ уыныс – хистæртæ æрбацыдысты». «Омæ, нана, ам театр у». «Æмæ цы?! Уæлæмæ сыст, дæ цæсгомы цъар дыл æрлæбыра!»

Адæм сценæмæ кæсыны бæсты махмæ кастысты.

* * *

Лæгæн йæ къах кæнæ йæ цонг бынтондæр ахаудысты, зæгъгæ, уæд-иу æй Гуымы къæбæлтимæ фидар бабаста æмæ-иу фæстæмæ бандæгъд мæйы æмгъуыдмæ. Мардæгасгæнæгыл нымад уыди Гуымы, æрмæст, йæ хостæ цæмæй арæзта, уый хъæр нæ кодта.

* * *

Гæды уæлхæдзармæ схызт æмæ æргæпп кæнын нал уæнды. Зæронд усы æрбацæугæ ауыдта æмæ уасы. Зæронд æм загъд кæны:

– Æмæ дæ уырдæм дæр æз сæргъæвтон? Цы мæм уасыс?

МАЛИТЫ Васо

ДЫУУÆ ÆМДЗÆВГÆЙЫ

О, ÆНА!..

Уады уынæрмæ æрыхъал дæ ды.
Æхсæв – тызмæг æмæ тар...
Кулдуарæй хус къæцæл чидæр сæтты,
Чидæр уын хойы уæ дуар.

Зæрдæ дæ риуы фæдисхъæр кæны:
«О, Хуыцау! Ме сæфт бæлццон!..
Чи зоны, дуар ын нæ комы кæнын,
Æмæ йæм акæсон, цон!..»

О, Æна! Фæндагмæ ма кæс, уæууæй,
Уæлмæрдтæй нал ис цæуæн,
Æмæ æнхъæлмæ кæсынæй уæлдай
Ницыуал баззад дæуæн...

СКÆСÆЙНАГ ÆМДЗÆВГÆ

Фæсырдтой мæ, –
Кæй нæ зонын тæрсын...
Уæззау чырæ ныууагъта ам йæ фæдтæ.
Тыгъд быдыры рынчын уды фыдфын –
Дымгæсыгъд змисыл ‘рхаудысты мæ сæнттæ.

Ам теуатæн сæ риу сæтты тымыгъ,
Мæ цæстытæ мын уазал азæлд къахы,
Æбуалгъ ауæдзтæй зин-зындоны тых,
Æрра худтгæнгæ, змисы хуым фæлдахы.

Æрымысын æнахуыр фынты рухс,
Цъæх пальмæтæ, сыгъдæг суадæтты зарын.
Кæмдæр фæранк гæппæввонгæй ныхъхъус,
Мæн тугцæстыты тарф æрхуымæй мары.

Æмриу фембæлды амондмæ цæуын,
Ныххудынц мыл æхсыд ыстджыты схъистæ.
Мæ тугдадзинты сæфты тар «Нæ уын»,
Хъæрахстгæнгæ, адзалы нуазæн систа!

Цыфæнды уæд! Бæрæг зыны зæххыл
Мæ ауæдз цард æмæ мæлæтæн се ‘хсæн.
Нæ уыди куывд, – кæм нæ ракъахтон хыл.
Нæ уыди хыл, – кæм нæ уыд куыст мæ ехсæн!

Зыгъуытаты Русланы ныв.

ДЗАСОХТЫ Музафер

УИДÆГТЫ НЫХАС

САГЪÆС

Мигъ ныббадти пъæззыйау мæ къабæзты,
Æмæ фезмæлын нал уæндын æз.
Цыма царды тых авд дæлзæхх бамбæхсти,
Цыма бамынæг царды хъæлæс.

Зæрдæ риуы гуыпп-гуыпп кæнын нал зоны;
Ехх, уæд та ма фæстаг хатт ныххуд!..
Дымгæ, рахон мæм тагъддæр мæ уарзоны
Æмæ бауадза цавддуры уд.

* * *

Мæ бæллицтæй не суагъта иу дæр æвзар,
Дæ фæндиаг фесты: фырцинæй ныззар.

Уыдысты дæуырдыгæй сидзæр, æфхæрд,
Нæ базыдтой уалдзæг, нæ базыдтой сæрд.

Цы федтой? Æрмæстдæр тыхст зымæджы хъызт –
Гуырдзæй уыди афтæ сæ хъысмæты фыст.

Кæддæр та уыдысты ыстæхынæввонг –
Сæна-хохмæ нæгъа – ыстъалыты онг.

Ныр уыцы рæстæджытæн нал и сæ кой –
Гуыдырæвæрд дуæрттæ ма цасфæнды хой!

Æнæбазыр маргъы цæмæн хъæуы арв?! –
Йæ хъузджы нымпылдзæни уый бæсты арф...

Мæ бæллицты хурæй фæсайдтай, дæ хъарм
Нæ батавта уыдон, уыд уазал дæ арм.

Цардæй даргъдæр

Худинаг даргъдæр у цардæй:
Марды дæр уый судзы й' артæй.

Уынгæг зæрдæйæ

Суанты Кимы мысгæйæ

Мæ зæрдæ – уынгæг æмæ нарæг:
Дæ сау сынты уæлхъус лæууын...
Кæуын мæ нæ уадзы дæ зарæг,
Кæны мæ дæ зарæг кæуын.

Цæргæстæ æмæ фыстæ

Куыннæ у диссæгтæй дзаг бæстæ,
Лæг æм куы æркæса лыстæг:
Фæтæхынц иугæйттæй цæргæстæ,
Фæхизынц мингæйттæй фыстæ.

Зонд æмæ мулк

Зонды руаджы сбирæгæнæн ис
Ис,
Мулкæй та нæ фылдæр кæны, зон,
Зонд.

Уарди æмæ сындзытæ

Мыдыбындзытæн
«Судзинтæ» рарди...
Æнæ сындзытæ
Кæд федтай уарди!..

Уидæгты ныхас бæласимæ

Мах зæххы уымæн бамбæхстыстæм арф,
Цæмæй зына дæумæ сыгъдæгæй арв.
Нæхæдæг мах куы разыниккам зæххæй,
Уæд нал зынис ды дунемæ дзæбæхæй.

БАГАТЫ Аврам

ÆНÆНОМ ИНГÆН

Радзырд

Æсвæдыхъæу стыр нæу. Фæлæ йæ сæ гыццылтæй дæр не схондзынæ. Рæстæмбис хъæу цы вæййы, уый у быдираг хъæуты ‘хсæн. Дыууæсæдæ хæдзары бæрц дзы ис, мин цæрæгæй фылдæр. Цалдæр азы размæ хъæугæрон фæзы хæрдмæ фæцыд æмбисонды аивгонд цыртдзæвæн. Йæ алыварс мармæр къæйтыл, хъæубæстæйæ Фыдыбæстæйы Стыр хæсты чи фæмард, уыдоны номхыгъдтæ. Алы къæйыл дæр – дыууиссæдз æдзард хæстоны мыггæгтæ æмæ нæмттæ. Дыууæсæдæ хъæбулы фæхъуыди Фæсвæдыхъæуæй.

Цыртдзæвæн куыд байгом кодтой, уый канд амы цæрæг хистæрты зæрдыл нæ лæууы. Бирæ уазджытæ сæм æрцыд алы рæттæй, суанг ма дзы сæхи хъæуккаг стыр хицау дæр сæмбæлд, ноджы цалдæр инæлары. Куывд скодтой цыртдзæвæны номыл, стыр куывд. Фæзы цъæх нæууыл равæрдтой фынгтæ. Æрмæст куывды хъæлдзæгдзинад нæ цырен кодта, алчидæр йæхи æнкъардта, цыма хъæубæсты æдзард хъæбатырты номыл хæрнæджы бады, уыйау. Куыд æмбæлд, афтæ сын æгъдаумæ гæсгæ рухсаг дæр загътой, сæ ном сын мыггагмæ мысынхъом куыд уой, уымæ дæр батæхуды кодтой.

Афæдзы фæстæ раст уыцы бон, Уæлахизы бон, æдзард хæстонтæй хæстæг кæмæн уыд, уыдон дыгай кæрдзынтимæ æрбамбырд сты цыртдзæвæны размæ æмæ та рухсаг

загътой сæ хиуæттæн. Афтæ бакодтой уый фæстæ аз дæр. Æмæ хъæуы фæзындис ног æгъдау: тыгъды быдыры чи фæмард, уыцы хæстонты номарæн æгъдау.

Хъæуыхицау Мæсыгаты Гацыр дæр æй йæ зæрдæмæ хæстæг айста, хорзыл æй банымадта æмæ сфæнд кодта иннæ аз уыцы æгъдау ноджы кадджындæр уавæры скæнын. Рагацау сбæлвырд кодта, цыртдзæвæны размæ чи æрбамбырд вæййы, уыдоны, сарæзта номхыгъд.

Иу бон куы уыдис, уæд Гацыр азылди хъæуы уæлмæрдыл. Йæхи цæстæй федта, хæсты хъæбатырты ингæнтæ цы уавæры сты, уый. Цыдæртæ фæбæрæг кодта йæхимæ, йæ блокноты фæфыста, хæстæй чи сыздæхт æмæ йæхи хæдзары чи амард, уыдоны мыггæгтæ.

Æрцыд, ныллæууыд уалдзæг, Уæлахизы боныл 65 азы сæххæсты уалдзæг. Гацыры зæрдыл хорз лæууыд, раздæр-иу хъæуты æмæ горæтты зиутæ кæй арæзтой, уый.

Иннæ бонтæй раздæр æрбацыд йæ куыстмæ Гацыр. Æрбадти стъолы фарсмæ æмæ райдыдта йæхинымæр нымайын, 9-æм маймæ сæ цы куыстытæ сæххæст кæнын хъæуы, уыдон.

Фыццаджыдæр, ныссыгъдæг кæнын хъæуы уæлмæрд. Машинæ хъæудзæн, æнæмæнг, æмæ амалхъом Керымæй райсдзæн. Кусæнгæрзтæ хъæудзæн, цæвджытæ, белтæ, къæпитæ, сагæйттæ, фæрæттæ... О, хæдæгай, хырх дæр сæ хъæудзæн, бензинæй кусгæ хырх. Йæ сыхаг Ахмæтмæ ис ахæм хырх.

Æппынкъаддæр фондз æмæ ссæдз адæймаджы рацæудзæн зиумæ. Æмæ афтид голлаг хъен нæ лæууы, сихорæн дыууадæс дзулы æмæ иу фынддæс килæйы бæрц стуры фыд, стæй æртæ асыччы адджын æмæ минералон дæттæ, суанг цæхх дæр. Æмæ хæлцы хъуыддаг хæстон лæг Цæронты Бароны фырт Будзийы бар бакæндзæн. О, хæдæгай, фынгтæ дзы фæцæйрох кодтой! Уыдон дæр Будзийæн бафæдзæхсдзæн. Æнæ ирон арахъхъæй куынæ сфидауа фынг? Рухсаг зæгъын, ау, уæддæр хъæудзæн. Папелойы арахъхъæй феппæлынц лæгтæ. Зынгыл, дам, дзы æртах куы ‘рхауы, уæд, дам, ныппæртт кæны. Гъемæ йæ уыцы зæронд усæй балхæндзысты, лæгтæ дзы цас уа, уымæ гæсгæ...

Алцæуыл дæр бæстон ахъуыды кодта Гацыр, гæххæттыл дæр ма сæ ныффыста, чи цы кусдзæн, цы архайæг уыдзæн, уыдæттæ.

Æртыккаг бон райсомæй къух бакæнæн нал уыди Гацыры кусæнуаты. Æмæ адæммæ йæ цæстытæ цинæрттывд кодтой. Тынгдæр хосдзаутыл цин кодта. «Ацы куыстдзагъд лæгтимæ хæхтæ рафæлдахæн ис», – хъуыды кодта йæхинымæр. Йæ ных асæрфта æмæ райдыдта дзурын:

– Мæ дзæбæх хъæубæстæ, дæргъвæтин ныхас нæ кæндзынæн. Алчидæр уæ зоны нæ уæлмæрды уавæр. Уæдæ, æрæджы цы цыртдзæвæныл цин кодтам, уый алфамбылай дæр бæллиццаг нæу. Æмæ цалынмæ нæ худинаджы хъæр нæ айхъуыст, уæдмæ тæккæ райсом нæ дыстæ батулæм æмæ нæхи сраст кæнæм нæ табуйаг бынæтты раз... – Æмæ алкæмæн дæр бацамыдта, зиумæ йæ цавæр кусæнгарзимæ рацæуын хъæуы, уый.

Дыккаг бон сæумæраджы зиууæттæ æрбамбырд сты хъæуы астæумæ. Уæдмæ уым лæууыдысты дыууæ микроавтобусы. Фæзынд бырæттæласæн машинæ дæр. Уалынмæ хъæуы разамынды хæдзарæй кæрæдзи фæдыл рахызтысты къорд сылгоймаг æмæ нæлгоймаджы, сæ разæй Гацыр, афтæмæй. Салам радтой адæмæн, стæй иууылдæр бахызтысты автобустæм. Цыртдзæвæны раз сæм æнхъæлмæ касти Гацыры шофыр Бола. Æрхъуыдыджын та разынд: йæ мадæн чъиритæ акæнын кодта сæумæцъыккæй æмæ сæ йемæ райста арахъхъы дурын æмæ цæххимæ. Цыхт æмæ ма йын цъæх хъæдындзтæ дæр атыхта йæ мад Фаризæт. Уазал доны бидон дæр дзы нæ ферох Болайæ.

Цыппæрдæс хосдзау лæджы кæрæдзи фæдыл куы арæгъ сты, сæ разæй Гацыр йæхæдæг, афтæмæй, уæд ма уыдонæй хуыздæр цæмæ бакастаид адæймаг! Дыууæ зылды æркодтой цыртдзæвæны алывæрсты, фæйнæ дыууæ уисы ракарстой, æмæ цыртдзæвæн уæлдай тынгдæр сфидыдта.

Фæскуыст рухс загътой æдзард хæстонтæн æмæ ныр та сæ ных уæлмæрдмæ сарæзтой. Дард нæ уыдис уырдæм. Алчидæр йæ хæс зыдта æмæ уайтагъд февнæлдтой сæ куыстмæ. Сихæрттæм уæлмæрд йæ хуыз æнахуыр райдзастæй скалдта. Уæдмæ фынгтæ дæр æрбаластой æмæ сæ цæттæ кæнын райдыдтой.

– Цæвæгджынтæ, нымадæй ма нын дæс минуты куыст баззад уæлмæрды тæккæ кæрон, – загъта Гацыр.

– Æмæ уым та цы ис? – афарстой йæ æмдзыхæй.

– Цомут æмæ йæ фенат.

Цæуынц Гацыры фæстæ. Кæсынц æмæ зæххæй зына-нæзына къуыпп дары зæронд ингæн, йæ уæлхъус згæхæрд æфсæйнаг дзуар.

– Ацы дзуар нæ кæддæры нæргæ колхозы куырдадзы арæзт у. Ам ныгæд у æбæрæг хæстон лæг: цинелы скъуыдтæ æмæ йæ майдан «За отвагу»-йæ базыдтой, чи у, уый. Бæргæ сын уыди базонæн, чи уыди ном æмæ мыггагæй, стæй кæцон, уыдæттæн, фæлæ... Худинаг нын фæуæд, – хъæрзгæйæ фæци йæ ныхас Гацыр. Иннæтæ дæр афтæ тынг нынкъард сты, цыма уыцы æнæном хæстон лæг сæ туг-се стæгæй уыд.

Уæлдай зæрдиагдæрæй базылдысты ацы ингæнмæ, рохуаты йæ кæй нал ныууадздзысты, уый се ‘нгасыл фыст уыд.

– Цомут ныр æмæ нæ фыдæбон ныххæлар кæнæм, кæмæн балæггад кодтам, уыдонæн... – Гацыр йæ цæвæг йæ уæхскыл баппæрста...

...Хур ма уæлиау уыд, Гацыр сæ кæртмæ куы бахызт, уæд. Кæсы æмæ йæ къæбæргæнæг Сасинкъа хæдзармæ схизæн хъæдын асинтыл бады.

– Не ‘фсин, уæ, не ‘фсин!..

– Цы кæныс, нæ лæг? Æнхъæлдæн æмæ кæмдæр зынгыл фæлæууыдтæ? Цæй тынг æрттивынц дæ цæстытæ?

– Зынгыл фæлæууын дæр диссаг нæу ахæм куысты фæстæ. Абоны хуызæн разы никуыма уыдтæн мæхицæй.

– Хъарсы фидар ма басæтт?

– Хъарсы фидар та цы у, абон цы куыст бакодтам, уый раз!

– Уанцон нæу...

– Тæккæ райсом дæ ахуырдзауты акæн уæлæ цыртдзæвæнмæ æмæ-иу уæлмæрдыл дæр дæ цæст ахæсс.

...Æрбабон. Гацыр уыцы бонау никуы ныффæстиат йæ хуыссæны. Йæхимæ куы базылд, уæд рацыд кæртмæ. Сасинкъа йæ размæ фæцис.

– Уæллæй, не ‘фсин, дысоны хуызæн адджын фынæй фæстаг азты никуыуал бакодтон... О, фæлæ уый та цаварæ сау ахорæнæй амæст сты дæ къухтæ?

Сылгоймаг йæ къухтæм æркæстытæ кодта, бахудт:

– Æнарæхст куы уай, уæд... Раздæр уал мæхæдæг бæрæггæнæг ауадтæн уæлмæрдтæм дæр. Æмæ уыцы згæхæрд дзуар куы федтон, уæд фæзылдтæн нæхимæ æмæ... Куыд уæ бафтыдтаин ме скъоладзауты цæсты?...

Гацыр æм кæсгæйæ баззад. Тынг дæрдтыл æрзылдысты йæ хъуыдытæ...

ТЫДЖЫТЫ Юри

ДУДГÆ БОНТЫ САГЪÆСТÆ

ÆХСÆРДЗÆН

Æхсæрдзæн хохы рындзæй хауы,
Æхсæрдзæн – цъititы æхсыр;
Сæр-сæргæнгæ, фынчытæ тауы,
Чыс-къæйтæ йе ‘ртæхтæй æхсы.
Ай-агъай, нæ бакæсдзæни коммæ,
Къæбæда сабиау – фыдуаг.
Зæгъгæ, æрхæццæ нучы коммæ, –
Кæсагау нал вæйиы тæлфаг.
Нынныгъуылы æмвæтæг доны
Æмæ æрбайсæфы æваст
Тъымы-тъыматæм уым, йæ роны,
Æд ныфс,
Æд хивæнд ми,
Æд хъазт.

МÆЙДАР ÆХСÆВЫ

Мæй мылазон мигъты балæст…
Æз фæллад æфсургъыл бадын.
Æз цæуын… кæдæм? Нæ зонын.
Æз цæуын… кæдæм? Нæ хатын.

Фæндаг адзæгъæл и тары,
Æмæ ризгæ сисын дудын,
Куы фырадæргæй ныккæуын,
Куы фырадæргæй ныххудын.

Цыма мæн рæхыс нылвæста,
Цыма мæм сындз-лæдзæг рарди,
Катай зæрдæйы æруæззау,
Катай зæрдæйы æрцарди.

Боны фидиуæг – сæуæхсид,
Æз дæумæ кæсын æнхъæлмæ,
Æз дæумæ кæсын, цы фæдæ?
Сис сырх тырыса мæ хъæрмæ!..

* * *

Мæ «Зынджы стъæлфæнтæ», тæхут,
Мæ бæллиц адæмæн зæгъут, –
Куыд уат сæ рын, сæ тухи сафæг,
Куыд уат зымæджы артау тавæг.

* * *

Алы премитæй – дæ хъуырмæ,
Титултæ дын рарди фаг,
Фæлæ не ссардта дæ зарæг,
Уæууа, дзыллæмæ фæндаг.

* * *

Бадæм æрвылбон æмбырдты,
Бирæ фæндæттæ хæссæм,
Фæлæ æнамонд мæгуыртыл
Цардмæ нæ, былмæ хæцæм.

* * *

Нал, дам, æхца ис, хæзнатæ,
Паддзахад сихсыд, зæгъынц,
Афтæмæй бодзты галуантæ
Арвмæ æмгуыппæй тæхынц.

* * *

Нал мын баззад, зонын,
Царды бонтæ бирæ,
Фæлæ сæ, нæ адæм,
Æз уæ фарнæн раттин.

Амæлин, зæххыстæн...
Циу мæ бæлд? Сымахæй
Кæд мæ рох ингæныл
Иу цæссыг æрхауид...

ÆЛБОРТЫ Хетæг

ЧЫСЫЛ ДОХТЫР

Радзырд

Æур дзæвгар суад арвыл. Хъомтæ кæрæдзи фæдыл ныррæгъ сты тæссары къахвæндагыл. Сæ сæртæ, сæ къæдзилтæ тылдтой, афтæмæй сырдтой бындзыты. Хъуццытæиу сæ родтæм бауасыдысты ныллæг хъæлæсæй.

Фаззон æфсымæртау сæ фæдыл хъазгæ цыдысты æртæ æмхуызон, æмиас лæппуйы: Тему, Мурат æмæ Тузар. Æппындæр сын кæрæдзийæ фæхицæн уæвæн никуы вæййы. Ахуыр дæр – иумæ, фæсахуыр дæр – афтæ. Ацы хатт дæр та дзырдтой, сæ фос кæдæм аскъæрой, ууыл.

– Абон та Ныллæг къуылдыммæ атæрæм, уым нæзыты бын фæхъаздзыстæм, – загъта Мурат æмæ йе ‘мбæлттæм фæрсæджы каст бакодта.

– Нæ, ацы тæвды сын Леуахийы былгæрон хуыздæр уыдзæн, – Мураты фæнды ныхмæ загъта Тему. – Уым сатæджы хиздзысты, мах та нæхи фæнайдзыстæм. Темуйы фæндыл сразы Тузар дæр.

Аууæттæ куыддæр сæхи ивазын райдыдтой скæсæнырдæм, афтæ ратардтой сæ рæгъау. Стуртæ зыдæй хизынц бæлæсты бын. Лæппутæ атындзыдтой сæхи найынмæ. Сæ сæрмæ ауыдтой бæлæтты удаистæй тæхгæ. Тузар базыдта йе ‘ртæ бæлоны. Хъæрццыгъа сæ йæ разæй ахаста. Се ‘рцахсыныл йæ быцъынæг скъуыдта, фæлæиу æй фæсайдтой, сæхи-иу фæтылиф кодтой. Уалынмæ бæлæттæй иу фæхицæн ис,

йæхи ауагъта хъæдмæ. Иннæ дыууæйæн ахæм амал нæ фæци æмæ дарддæр тæхынц.

Лæппутæ хъуыддаг куы базыдтой, уæд сæ хъæлæсыдзаг ныхъхъæр кодтой хъæрццыгъайыл. Уый дæр фæтарст æмæ уæззаугай атахт æфцæджырдæм. Бæлæттæ разылдысты хъæумæ. Хъæдмæ цы бæлон атахт, уый дæр разылд фæстæмæ йе ‘мбæлттæм.

– Куыд тæппуд разынд мæ Саубырынкъ, – загъта Тузар.

– Цымæ цæмæн фæхицæн кодта йæхи? – дисгæнæгау бафарста Тему.

– Уый зондджындæр ми бакодта, хъæды æнцондæр æмбæхсæн у, – æппæлæгау загъта Мурат, цыма бæлоны фæнд базыдта, уыйау. Тузар фæцырд Муратмæ:

– Зондджын нæ, фæлæ тæппуд разынд, æндæр кæдæм хицæн кодта йе ‘мбæлттæй?

Афтæ быцæугæнгæ хæлæрттæ бахæццæ сты Леуахийы былмæ. Сæ дзаумæттæ раластой. Сæрды улæфты рæстæг сæхи хурмæ кæй сыгътой, уый разынд сæ буарыл. Æзфæраздæронæй ныггæппытæ кодтой, Леуахи арфдæр кæм уыдис, уырдæм æмæ дзы чи куыд арæхст, афтæ цъыллинджытæ систой. Хур сæм йæ тынтæ цыма барæй сарæзта, уыйау сæм комкоммæ ныккаст.

Тему йе ‘мбæлттæй хуыздæр арæхст ленк кæнынмæ. Аныгъуылдис-иу доны æмæ та-иу, кæсагау, æвиппайды иннæрдæм ныззылди. Ахуыр кодта йе ‘мбæлтты ленк кæнынылы. Чысылгай фæцайдагъ Мурат дæр. «Ехх, тæхуды, æз дæр искуы Темуйы хуызæн ленк кæнын куы базонин», – дзырдта йæхинымæр. Æргомæй афтæ зæгъын йæ сæрмæ нæ хаста.

Фæстаг хатт ма хъуамæ равдыстаид йæ арæхстдзинад Тему. Опп, зæгъгæ, куыд загъта донмæ агæпп кæнын æввонг, афтæ йæ къах фæбырыд, галиу къух дурмæ æрхаста, йæ цæстытæ атартæ сты æмæ доны бынмæ куыд афардæг, уый нал бамбæрста.

Мурат, Темуйы фенгæйæ, лидзынмæ фæцис хъæумæ. Тузар йæхи доны хъæбысмæ фехста æмæ Темуйы былгæронмæ раласта. Æрысгæрста йæ, базыдта, йæ цонг кæй асаст, уый. «Фæстиат кæнын нал хъæуы», – дзуры йæхицæн Тузар. Тыхсы адæргæй. Йæ зæрдыл æрлæууыдысты сæ ахуыргæнæджы амындтытæ, ахæм рæстæджы куыд архайын хъæуы, уый. Йæ лæдзæг дыууæ засты фæкодта, сæ астæутыл сæ афаста, «фæрсчытæ» сæ ацарæзта. Йæ майкæ та бæттæнтæн аскъуыдта.

Арæхстгай айтынг кодта Темуйы цонг æмæ йын æй бабаста.

Темуйы рыст не ‘нцад, тыххæй урæдта йæхи, фæлæ уæддæр йæ сæрмæ нæ хаста хъæрзын. Акаст йæ алыварсмæ. Мураты куы нæ ауыдта, уæд Тузары афарста:

– Кæм ис Мурат та?

– Уæлæ хъæумæ азгъордта æххуысагурæг, афонмæ рацæуынц.

– Нæ хъуыд, уыйбæрц дзы ницы ис, – загъта Тему. Акаст хъæуырдæм. Къуылдымæй разындысты цалдæрæй. Сæ иу ногдзауты раздзог Мисурæт у, базыдта йæ лæппу. Уый рувæнтæй ратындзыдта Темуйы мадимæ. Мидбылхудгæ бацыд Темумæ:

– Тæрсгæ ма кæн, денджызон, мах дæр ам стæм.

Лæппу фефсæрмы, Муратмæ тызмæгæй бакаст:

– Ныр кæдæм ныффæдис дæ?..

Мад йæ фырты хурсыгъд рустæ æрсæрфта.

– Цы дыл æрцыд, мæ хъæбул, мæ фæрстæ дын фехæлой?

– Ницы мын у, гыцци. Дур бырынцъаг уыдис æмæ...

Мисурæт арæхстгай федта Темуйы цонджы баст, Тузармæ бакаст æмæ йæ сæр разыйы тылд бакодта. Тузар бафиппайдта: Мисурæт дзы фæбузныг. Мисурæт сындæггай Темуйы къух бæрзæймæ ауыгъд баст бакодта æмæ рынчындонмæ ацыдысты.

Хур ныттылд фæсрагъмæ. Йæ цыллæ тынтæ ма арвыл æрттывтой. Фос дæр хъæуырдæм хизгæ фæраст. Тему йæ рыст урæдта. Рувæнтæй цы колхозонтæ цыд, уыдон кæрæдзи дзыхæй истой:

– Фыдуаг куы нæ уыд, уæд ыл цы ‘рцыди?

– Тæригъæд у...

– Æнæзивæг у, коммæгæс...

Тузар радзырдта, хъуыддаг куыд æрцыд, уый. Разыйы цæстæй йæм бакастысты, Муратæн та бауайдзæф кодтой:

– Лæппумæ уал фæкастаис, доны йæ иунæгæй куыд ныууагътай?

– Æз хуыздæрæн афтæ бакодтон, – йæхи рæстытæ кæнынылл фæцис Мурат.

– Ды дæр Саубырынкъ бæлоны ми бакодтай æмæ йыл басæтт, – бадзырдта йæм Тему дæр.

Ацы ныхæстæм йæ сæр æруагъта Мурат. Бæрæг уыд: йæ рæдыд ныр бамбæрста.

Темуйы дохтыræн фенын кодтой æмæ йын йæ бæстытæ куы федта, уæд дисы бацыд:

– Мæнæ цæй суинаг дохтыр ис, – загъта Тузармæ кæсгæйæ. Тему дæр дохтыры æппæлæн ныхæстæ фехъусгæйæ бузныджы цæстæй бакаст йе ‘мбалмæ. Дохтыр æрсæрфта Тузары сæр, йе уæхск ын æрхоста:

– Цæттæ-иу лæуу, æрвылхатт кæм бахъæуай, уым. Темуйы уал ам уадзут, æз æй басгарон, науæд йæ «цъæрраæмыхст» ноджы куы срисса.

«Цъæрраæмыхст» ын æй схуыдта, цæмæй Тему ныфсджындæр уа, æвæццæгæн, уымæ гæсгæ, стæй йæ хызынмæ нывнæлдта, систа дзы чиныг. Йæ цъарыл – сабитæ санитарты дзаумæтты хызынтимæ. Йæ къух бадаргъ кодта Тузармæ:

– Айс мæ лæвар чиныг. Ды хорз æмбал дæ. Бахъуаджы сахат сæрæн разындтæ æмæ дын арфæ кæнын.

– Бузныг, – ныфсæрмы Тузар.

Хæдзармæ куы æрбацыд, уæд фæлдахын райдыдта йæ лæвар чиныджы сыфтæ. Тынг фæцыд йæ зæрдæмæ. Адæймаг фыдбылызы куы бахауы, уæд тагъд æххуысæн цы мадзæлттæ ис, уыдон дзы иууылдæр бæлвырд фыст уыдысты.

«Райсом Муратимæ ахуыр кæнын райдайдзыстæм, уæдмæ Тему дæр сдзæбæх уыдзæн. Уадз æмæ истытæ зонæм. Уæд Мурат дæр нал згъордзæн хъæумæ, цы аразын хъæуы, уый йæхæдæг зондзæн», – ахæм хъуыдытимæ бафынæй Тузар æмæ фыны дæр уыдта, цыма дохтыр сси.

Хорз хъуыдытæ, хорз бæллицтæ цæуаг сты...

Цæргæс дæн, зæгъгæ, чи хъуыды кæны, уыцы гогызмæ мацæмæ æнхъæлмæ кæс.

Уырыссаг æмбисонд

ЦОМАЙТЫ Ростислав

ÆРХÆНДÆГ ХЪУЫДЫТÆ

ХАРЛАМПИЙЫ МОНОЛОГ

30-æм азты ирон интеллигенцийæ æнаххосæй чи фесæфт – семæ рухстауæг Цомайты Харлампи дæр – уыдоны номарæн.

Æнаххосæй аххосджын рахуыдтой мæн,
Æфсæн хъадамантæй мæ сбастой.
«Дæ сусæг куыст раргом кæн. Чи дæ? Цæмæн?» –
Мæн алы бон мин хатты фарстой.

Фыдмитæ мын кодтой, нæ мæ уагътой цух,
Уæлбæхæй мæ ехсытæй надтой.
Мæ тæрхоны сыфы æрфыстой сæ къух,
Æвыдæй мын авд азы радтой.

Зæронд лæг – æнæбон, цы кодтаин, зæгъ?
Мæхимæ æз азым нæ ардтон.
Мæ адæм, сымах раз фæфыстон мæ хæс,
Мæ уд уыл æнæвгъауæй хъардтон.

Мæ Иры сæрвæлтау æдзух уыд мæ куыст,
Æз Рухсмæ фæндæгтæ куы гæрстон.
Нæ тæрхоны лæгтæй та чи ‘мбæрста рыст, –
Хæрзгæнæг Сыбыры «æрбæстон».

Хæххон лæг – æнæбон, цы кодтаин æз,
Хъысмæт мæм æнæхатыр разынд.
Цæрынæн Сыбыры нæ ардтон фæрæз,
Куырой ма мæ сæрыл нæ разылд...

Мæн фехстой, нæ фехстой – нæ зонын бæлвырд,
Фыстой, зæгъгæ, хи низæй амард.
Фæлæ мын уæлæуыл нæ баззади цырт,
Мæ ном дæр Ирыстонæй адард.
Нæ зныæ кæстæр, цы ран ис мæ мард,,
Æз дæр æй мæхæдæг нæ зонын.
Мæ уд та, зæххыстæн, нæ хæхты æрцард,
Уæлладжыры комы, Æрхоны...

2005.12.09

* * *

Æрхæндæг бахордта мæ зæрдæ,
Мæ фидæн мигъты ‘хсæн нымбæхст.
Мæ уарзт дæр алыгъди кæдæмдæр,
Мæ фæндтæй не ‘рцыд иу æххæст...

Фæлидзон искуыдæм, – фæзæгъын,
Фæлæ кæдæм, фæлæ кæмæ?
Куырмæджы арвырдæм фæтæхын,
Æгæр-мæгуыр мын нæй хъæмæ...

Мæ фæндтæ банысгæдтон тары,
Мæ сæрмæ хуры бæсты – мæй.
Мæ хъынцъым иунæгмæ нæ хъары,
Мæ сæрыл иу ысдзурæг нæй...

Æрвитын афтæмæй мæ бонтæ,
Цæрынæн нал баззад рæстæг.
Мæхи дæр нал базонын сонтæй,
Æрцыд мæм удхæссæг хæстæг...

Мæ уд мын бахордта æрхæндæг,
Тыхсын мæ цæрдтытæй, тыхсын.
Фæци мæ уаз бæллиц пырхæндæг,
Уæддæр быхсын, зынтæн быхсын!

МАЛИТЫ Хасан

МАДЫ ЗÆРДÆ

Радзырд

Ныр дыууæ æхсæвы йæ цæстытæ кæрæдзиуыл нал æрæвæрдта Марта. Æнхъæлмæ кæсгæйæ йыл æрбабон сты уалдзыгон æхсæвтæ. Нæ зыны Аслæнбег. Ссыдысты Къоста, Зауыр, Тембол. Кæм ныффæстиат, цымæ, Аслæнбег? Цы хъаймæты бæсты? Хæрзæрæджы дæр дзы фыстæг куы райста? Фæцæуын, дам, æна. Хæрзгыццыл ма банхъæлмæ кæс. Нæ къонайæ, дам, мын цы æвзалыйы къæртт радтай, уый мын хорз æххуыс бакодта. Нæмыгæй мæ нæртон згъæрау бахызта. Уæлахизмæ мæ æркодта. Цалдæр боны ма, æмæ Гитлеры йæ хуыккомы ныцъцъист кæндзыстæм. Ме ссыдмæ, дам, кусæрттагæн исты æрцæттæ кæн. Бæргæ, бæргæ, уæд кусæрттаг дæр бынтон кадавар нæ разынид. Срæвдзытæ кæнид йæхи Марта. Æдзæттæйæ куыд хъуамæ сæмбæла йæ хæстон фыртыл. Хохæй быдырмæ бонбалц, мыййаг, ын куы нæ у. Æнæхъæн цыппар азы йæм йæ цæстытæ куы ныуурс сты. Дзибатæм суайдзæн, куырой сын зæгъын хъæуы, бæгæныйæн зад – лæхуринаг... Иу гыццыл дзы нартхор дæр ис, фæлæ бæгæныйæн хъæбæрхор хуыздæр у. Куы фæрæстæг кæнид, уæд æй хуртуан сæхъисыл айтауид. Кæннод хуылыдзгомау куы уа, уæд æй куырой къæртлæхурæг нæ кæны... Дыууæ гогызы æмæ фыс кусæрттагæн фæхицæн кодта. Уалдзæг æрæййæфта æмæ мæллæггомау сты, фæлæ сæм базиликкой, сæхиуыл кæд фæхæциккой...

Чъыр ацагурын хъæуы. Хæдзар – ацæгъдинаг... Адæм æм куывды рæстæг куы ‘ркæсой, уæд – худинаг æмæ аллайаг. Аслæнбег та ахæмтæн нæ быхсы. Сыгъдæгдзинад æмæ пъарадкæтæ уарзы. Нæ, Марта æгуыдзæг нæ разындзæн. Уæдæ фенат, хорз адæм...

– Марта, уæ Марта! – чидæр æрбахъæр кодта уынгæй.

Марта йæ хъуыдытæй фæцух. Рудзынг фегом кодта æмæ кæртмæ акаст. Къалиткæйы цур лæууыди Сæлимæт.

– Æзын-ма, зæгъын, кæм дæ абондæргъы, – дзырдта Сæлимæт. – Цом, фæйнæ бедрайы дон схæссæм. Райсомы дон сыгъдæг вæййы.

– Фæлæуу мæм, Сæлимæт, бедратæ райсон...

Дыууæ усы, бедратæ æд къæрæмистæ сæ цæнгтыл, афтæмæй фæраст сты донисæнмæ.

– Мæ мадыстæн, амонджынтæ цас ис, æвæдза? – загъта Сæлимæт. – Бетърейы фырттæ сагсырдтау æнæнизæй схæццæ сты. Кæд сæ йæ рихи дæр искæмæн фæтасыд. Мæгуыр Косеræн та йе ‘ртæйы фæдыл дæр сау гæххæттытæ ссыди.

– Амонд, амонд, мæ хур, – сагъæсхуызæй загъта Марта. Йæ зæрдыл та æрбалæууыд Аслæнбег. Уый дæр ссæуы. Тагъд схæццæ уыдзæн. Йæ иунæг бындар. Сæлимæты раз æй ской кæнын нæ уæнды. Йæ зæрдæ йыл фæхуддзæн. Акса-ма, Сæлимæтæн Бæппу бацараæфтыд. Марта та йын, Аслæнбег ссæуы, ссæуы куы кæна, уæд йæ зæрдæ куыннæ фæрисдзæн. Фæлæ йын цы йæ бон у. Адзал фæндонæй нæу. Ничи дзы ирвæзы, хъаймæтаг фæуа.

– Куыннæ зыны Аслæнбег? – афарста Сæлимæт. Мартайы зæрдæ фегом, æрбайрох дзы, йæ цин Сæлимæтæн хъыг уыдзæн, уый дæр.

– Ссæуы, мæгуыр, – хъæлдзæгæй сдзырдта Марта. – Ссæуы Асæбе. Иубон дзы фыстæг дæр уыди. Фестæм, дам, нæ хъуыддæгтæ конд. Знаг, дам, рæхджы йæ къухтæ сдардзæн. Ныр хæст куы фæци, уæд ма дзы цы архайдзæн? Ссæуы, ссæуы, Сæлимæт!

– Сæрæгасæй йæ хæдзарыл сæмбæлæд, сæрæгасæй. Æгайты дæр ма ссæуы. Дæхи зæрдæйы фæндиаг.

– Бузныг, Сæлимæт, дæ зæрдæйы фæндиагæй дæр ын ницы уыдзæнис...

...Нæй, нæма зыны Аслæнбег. Тыхсы Марта. Хæдзары бирæ нæ бады. Куы сыхæгтæм бауайы, куы хъæугæрон стыр фæндагыл афæстиат вæййы. Уазæг цæуæг кæй фены, уый афæрсы, цыма искуы æруыдта Аслæнбеджы. Горæтмæ цæуæгæн афæдзæхсы. Хæрзæггурæггагæн сцæттæ кодта лæвæрттæ. Лæг куы уа – замманайы хæдойнаг ын, усæн – хауджын кæлмæрзæн, чызгæн – кæсæмир къабайаг, лæппуйæн – æвæццæгæн ын иу туман авæрдзæн...

Адæм сæ бæлццæттæн фесты куывдтæгонд, уæддæр нæма зыны Аслæнбег. Старсти мады зæрдæ. Куыд вæйййы, цы вæйййы. Фыдбылызæй Хуыцау бахизæд, фæлæ. Æмæ хæст раджы куы ахицæн, уæд ма дзы Аслæнбег кæм нынныхст? Цæуылнæ цæуы йæ хæдзармæ? Афон ын, мыййаг, нæма у, æви?

Йæхицæн бынат нал ары Марта. Абондæргъы Сæлимæттæм цалдæр уады скодта. Уæддæр ын исчи зæрдæтæ куы авæры, уæд чысыл фенцой вæйййы.

– Цæуыл стыхстæ, мæ мадыстæн, Марта? – уайдзæфгæнæгау ын бакодта Сæлимæт. – Иугæр фыста, фæуайын, зæгъгæ, уæд ссæудзæн. Дæхи дзæгъæлы цы хæрыс? Ацу, уый бæсты куывдмæ цæттæтæ кæн.

– Бæргæ, бæргæ, Сæлимæт, фæлæ мæ бæрæг цалынмæ базонон, уæдмæ мæ къух ницæмæ тасы. Цас ацæттæ кæнинаг сты кæннод? Асæбе дзæбæхæй ссæуæд, æндæр...

– Ссæудзæни, ссæудзæни, Марта. Мæ Бæппу дæр афтæ куы ссыдаид... – æваст фæсыпп Сæлимæт. Марта йæм джихæй кæсгæ аззад. Æлгъитынæй Хуыцау бахизæд. Уымæй тынгдæр Марта ныртæккæ ницæмæй тæрсы. Сæлимæт дæр, зылынмæ мæ ма бамбарæд Марта, зæгъгæ, уый тыххæй куыддæр фæкъуыхцы. Æрæджиау йæ цæстытæ ферттывтой...

– Марта, уæд та Митъушы бафæрсис? Раст йе ‘уæны кæсы кæмæй фæзæгъынц, ахæм у. Тынг дзы æппæлынц. Цы дæ хъыгдары? Уымæй дæ ницы фесæфдзæн.

Мартайы зæрдыл æрлæууыд гуырдзиаг Митъуш. Хæсты размæ æрбафтыд ардæм. Къухæй дæсны уыд, рудзгуытæ, дуæрттæ аразынмæ йæ разæй ничи фæуыдаид. Ам цæргæйæ баззад. Стæй дзы цыдæртæ дзурынц. Фæрсгæ дæр, дам, кæны. Уæд та ма æцæгæйдæр...

Дыккаг бон Марта ссыди Митъушмæ. Уый йæ ногконд гыццыл тъахтиныл уæлгоммæ хуыссыд æмæ гуырдзиаг чиныг рафæлдахбафæлдах кодта. Мартайы куы федта, уæд фестад, чиныг хуыссæныл æрæвæрдта æмæ сылгоймаджы стъолы уæлхъус сбадын кодта.

Марта дзы æфсæрмы дæр бæргæ кодта, фæлæ йын уæддæр бамбарын кодта йе ‘рбацыды сæр.

– Гъе-гъе-гъе – ныххудти Митъуш. – Чи дын гæдыныхæстæ кодта? Æз фæрсæг куы уаин, уæд...

– Кæд исты зоныс, уæд ма бахæлæг кæн, – ныллæгъстæ кодта Марта. Йæ раздарæны бынæй фелвæста арахъхъы авг æмæ йæ æрæвæрдта стъолыл. Митъуш арахъмæ бакаст, стæй Мартамæ æмæ загъта:

– Фæлæуу, ам мæм банхъæлмæ кæс. Йæхæдæг мидæггаг уаты фæмидæг, хъæдуры нæмгуытæ радавта æмæ сæ стъолыл æркалдта.

Митъушы цæсгом ныррухс:

– Тæрсгæ ма кæн, Марта! Ссæуы Аслæнбег. Тæссаг ын ницæмæй у... Рæхджы йæ дæ къухтæм хъæуы. Ацу, истытæ æрцæттæ кæн...

Марта сæхимæ цыди хъæлдзæгæй. Цæмæдæр гæсгæ йæ уæддæр фидарæй уырны, Аслæнбег ссæудзæн, уый. Æмæ æниу цæуылнæ хъуамæ ссæуа? Цалдæр боны йеддæмæ куы нал баззад хæстæй, фыстæг дзы куы райста, уæд. Ау цыппар азы тохы цæхæры кæмæн ницы уыд, уый йæхи фæстаг цалдæр боны бахъахъхъæнын нæ бафæрæзтаид?..

Рацыди та цалдæр боны. Нæй, нæма зыны Аслæнбег. Йæ мидхъуырдухæны ма сыхæгты сусæгæй Марта цалдæр уады скодта Митъушмæ. Цал цыды, уал ныфсы йын æвæрдта Митъуш. Фæлæ йыл раздæрау кæд тынг нал æууæнды Марта, уæддæр йæ зæрдæйы тобæгонддæр къуымы судзы цыдæр ныфсы зынг. Æмæ та мæнæ уынджы йæ размæ фæци Митъуш. Йæ зæрдæ та нал фæлæууыд Мартайæн. Мидæмæ нæм рацу, иу арахъхъ аназ, зæгъгæ, йæ бакодта сæхимæ. Митъуш гыццыл сыкъадзæф уыд æмæ йыл дзурындзæг бахæцыд.

– Дæлæсыхы уыдтæн, Марта. Нал мæ уагътой устытæ, афæрс нын, афæрс нын... Æмæ сын фарстон.

– Æмæ сын уагæр цытæ дзырдтай? – арынджы уæлхъус архайгæйæ, афарста Марта.

– Гъе-гъе! Цытæ? Фылдæр гæды ныхæстæ. Митъуш зæд у, мыйыаг, исты?..

Марта фæджих. «Гæды ныхæстæ»? Нæ, Мартайæн гæды ныхæстæ нæ зæгъдзæн Митъуш. Уымæн гæнæн нæй. Срыст Мартайы зæрдæ. Аркъауæй йæ цыма æрбалхъывдæуыд. Йæ зæрдыл та æрбалæууыд Аслæнбег. Сæрæгасæй, дзæбæхæй ссæуы. Рæхджы схæццæ уыдзæн. Нæ, Митъуш, кæн гæды ныхæстæ, кæмæн дæ фæнды, уыдонæн, Мартайæн – нæ! Æмæ та йæ зæрдæ нæ фæлæууыд:

– Афæрс-ма мын, Митъуш, æрмæст сыгъдæгзæрдæйæ.

Митъуш йæ дзыппæй фелвæста цалдæр хъæдуры...

Абондæргъы рафт-бафт кæны Марта. Йæхи цыдæр æвзæр æнкъары. Дæлæ фæндагмæ акæсынмæ ныууаид, бæргæ, фæлæ кæм... Кæнæ Сæлимæттæм. Иучысыл сæм абадид. Æмæ уæд та ма Аслæнбег ссыди æмæ йæ хæдзары нæ сæйиæфта, уæд цы зæгъдзæн. Нæ, абон сæхимæ уыдзæн. Дон дзы хаст нæй. Исчи куы фæкæсид,

бæргæ... Фæлæ чи? Сæлимæты чызджы чызг, цъæхдзаст Лубæ ам уыд абондæргъы. Зæгъын ын хъуыд...

Дуары хъинц фæцыд. Марта сонт каст фæкодта æрбахизæнмæ, йæ зæрдæ сгуыпп-гуыпп кодта. Уаты фæмидæг Лубæ.

– Æз та ма, цъæхцæст хæйрæг, дæуыл хъуыдытæ кодтон, – уайдзæфгæнæгау загъта Марта, – дон нæм нæй, мæ къона, ныууай, ма фæзивæг кæн.

– Бедратæ мын авæр æмæ дын дон сдавон, – цъæхснаг хъæлæсæй сдзырдта Лубæ. – Стæй къæрæмис...

– Къæрæмис дæр, бедратæ дæр – сенæйы...

Лубæ цалынмæ фæстæмæ здæхт, уæдмæ Марта сынтæгыл йæхи æруагъта. Йæ галиу фарс æй цыдæр срæхой-срæхой кæны абондæргъы. Куы аулæфид, уæд ын фенцондæр уаид...

Лубæ бедрайы дзаг дон æрбахаста æмæ йæ сенæйы æрæвæрдта. Йæхæдæг мидæмæ уатмæ бахызт æмæ, Мартайы сынтæгыл хуысгæ куы ауыдта, уæд фæджих...

– Цы кæныс, Бабу? Исты дæ риссы?.. Алæ-ма, дæ цæсгом куы ныуурс ис.

– Ницы кæны, мæ къона, – тыхулæфтгæнгæ сдзырдта Марта. Хиды æртæхтæ цæппузыртау абадтысты йæ ныхыл. – Ауай, цу, Сæлимæтæн зæгъ, Бабу, зæгъ, цыдæр кæны... Ауай, мæ хур...

Лубæ сонтæй сæхимæ балæууыд. Æрдæгдзæфтæй бамбарын кодта Сæлимæтæн хабар. Сæлимæт удаистæй фæмидæг Мартатæм.

– Цы кæныс, алæ? – афарста Сæлимæт, сынтæгмæ æргуыбыр кæнгæйæ.

– Мæ-гъа, нæ йæ æмбарын. Афтæ мæ буар... нал æй хатын... Æрæмбæрз-ма мыл истытæ, Сæлимæт... Хъæццултæ райс уартæ.

– Ницы дын уыдзæн, Марта, тæрсгæ ма кæн...

– Куыннæ тæрсон, Сæлимæт, мæ къона?.. Куыннæ тæрсон? Асæбе ссæуы. Чи йыл фембæлдзæн, исты куы кæнон, Хуыцау бахизæд... Уæ мæ фæрстæ фехæлой Асæбейæн...

– Ницы дын уыдзæн, Марта, дæхи дзæгъæлы ма тыхсын кæн, – ныфсытæ йын авæрдта Сæлимæт, кæд Мартайы фæлурс цæсгомæй фæтарст, уæддæр. – Ссæудзæн Асæбе дæр, куывд дæр ма йын скæндзынæ...

Мартайы тыхулæфт райхъуыст. Сæлимæт фæджих. Хъæццулы бынæй фегом кодта Мартайы цæсгом. Рынчын йæ къухтæ радаргъ кодта:

– Æри-ма йæ, Сæлимæт, æри-ма йæ... – Мартайы цæстытæ сонт рауай-бауай кодтой къулыл, йæ къухтыл зыр-зырæг бахæцыд.

Сæлимæт не ‘мбæрста, Марта дзы цы куры, уый æмæ йæ афарста:

– Цы дæ хъæуы, Марта? Дæхи æруадз сынтæгыл.

– Æри-ма Асæбейы... Асæбейы... Æри-ма йæ... рæвдздæр, Сæлимæт.

Сæлимæт фембæрста рынчыны æмæ тагъд-тагъд къулæй æриста Аслæнбеджы къам бурбын фæлгæты мидæг. Марта йыл дыуæ къухæй ныхæцыд æмæ йæ йæ риумæ нылхъывта.

– Сæлимæт, – тыхулæфтгæнгæйæ дзырдта Марта. – Ссæуы Асæбе. Барæвдаут æй. Æз ыл, æвæццæгæн, гадзрахатæй рацыдтæн, мæ фæрстæ йын фехæлой!.. Ма йæ фæтæрсын кæнут... Зæгъут-иу ын мæнæй, уый йæ цæгатмæ ауади. Йæ зæрдæ фæрисдзæн... мæ хæстон хъæбул... Куывд-иу ын скæнут... Сæлимæт, дæхæдæг-иу арынджы уæлхъус фæлæуу... Дæхæдæг, Сæлимæт... Мæ цæргæс... Дæ фенынмæ мæ былыцъæрттæ куы хордтон...

Фæсахсæвæртæм æввахс Марта амард...

Æртыккаг бон Мартайы ингæны цур æрæмбырд сты адæм. Устытæ хъарæг кодтой Мартайы æнамонд хъысмæтыл. Мæгуыр Аслæнбегыл, йæ мады чи нал фендзæн...

Размæ рахызт хъæубæсты хистæр Дзакко.

– Мæнæ хорз адæм, – дзурын райдыдта хистæр. – Марта, æнхъæлмæ кæсгæйæ, ацыд мæрдтæм. Йæ цæстытæ ныуурс сты йæ иунæг бындар Аслæнбегмæ. Нал æй федта, фæлæ Аслæнбег сæрæгасæй сæмбæлæд йæ хæдзарыл...

Адæмы æхсæнæй размæ рахызт хъæуы постхæссæг Данел. Йæ галиу къухы армытъæпæны нылхъывта цавæрдæр гæххæтты гæбаз, йæ цæссыгтæ йæ дысæй асæрфта æмæ загъта:

– Хатыр мын бакæн, Дзакко, хатыр курын сымахæй, хорз адæм. Æз, æвæццæгæн, фæрæдыдтæн, фæлæ мæ зæрдæ нæ бакуымдта нырмæ дæр ацы хабар нæдæр Мартайæн, нæдæр адæмæн фехъусын кæнын... Нал ис Аслæнбег!..

Мæрддзыгой адæм джихæй кæсгæ баззадысты Данелмæ. Уый дзырдта дарддæр:

– Хæсты фæстаг бон райстон мæнæ ацы гæххæтт. – Данел бæрзонд систа æртæтигъон къонверт. – Аслæнбеджы марды фæдыл фыстæг. Фæлæ цы кодтаин, хорз адæм? Куыд æй радтаин Мартамæ? Цавæр зæрдæимæ?.. Мады зæрдæйы æлгъыст куыд фæхастаин мæ амæлæтмæ ме ‘ккой. Раст мæ бамбарут, хорз адæм!..

Адæм цыма сæ фынæйæ фехъал сты. Æмдзыхæй ныккуыдтой, æрмæст Марта нал фехъуыста уыцы судзаггаг хабар.

1983

БÆРОЙТЫ Сафар

САУИ

Радзырд

Иузаман мæ сыхаг Хадзырбег кæцæйдæр æрхаста хуымæтæджы чысыл къæбыла. Сæнт-сау кæй уыдис, уымæ гæсгæ йыл ном сæвæрдта Сауи. Къæбыла уайтагъд бинонтыл сахуыр. Уæлдай æнувыддæр та Хадзырбегыл уыдис. Æппындæр æй уæгъд нæ уагъта. Сывæллон йæ мады фæстæ куыд зила, афтæ Хадзырбеджы фæстæ зылди. Сауи куы рахъомыл, уæд дзы диссаджы æмбаргæ куыдз рауад. Хадзырбег-иу искуыдæм куы цыдис, уæд-иу уый дæр йæ фæдыл араст. Фæлæ йæм-иу Хадзырбег куы сдзырдта, Сауи, нæхимæ аздæх, зæгъгæ, уæд-иу куыдз хъыллистгæнгæ хæдзары балæууыд.

Иухатт Сауи карчы цъиутæ ферваэзын кодта цæргæсæй. Цæвиттон, карк æд цъиутæ хызтис кæрты. Сауи та сарайы ауоны хуыссыд. Иу рæстæджы сыл цæргæс йæхи рауагъта. Цъиутæ фыртæссæй алырдæм фæпырх сты. Карк фæдисы хъуыдатт систа. Тугдзых карчы цъиутыл йæхи ныццæва, зæгъгæ, афтæ йыл Сауи йæхи фехста. Æмæ цæргæс куынæ фæцарæхстаид, уæд æй Сауи акъабæзтæ кодтаид.

Диссаг куыннæ у уыцы хабар. Фæлæ æцæг дисы фæстæдæр бафтыдта Сауи æрмæст хæдзары бинонты нæ, фæлæ æгас сыхбæсты дæр. Цæвиттон, хъуыддаг афтæ уыд.

Хадзырбег балхæдта хъуг, фæлæ хивæнд кæй фæхонынц, ахæм рауад. Æппындæр рæгъауимæ нæ лæууыдис. Райсомæй-иу æй

Хадзырбег хизынмæ атардта – уайтагъд-иу уасгæ-уасгæ хæдзары æрбалæууыд.

Фыццаг бонты Хадзырбег уыйбæрц нæ мæсты кодта хъугмæ. Хъуыды кодта: «Рæгъауыл нæма сахуыр æмæ уымæн лидзы хæдзармæ. Фосимæ куы фæцахуыр уа, уæд æгæр дæр ма лæудзæн семæ». Афтæ цыдысты бонтæ, фæлæ хъуг йæ кæнон нæ уагъта. Куыддæр-иу фос сæрвæтмæ бахæццæ сты, афтæ-иу Хадзырбеджы хъуг йæ хъустæ фæгæмæл кодта æмæ хæдзармæ лидзгæ. Йæ масты дзæкъул тыдта Хадзырбегæн.

– Æнæхæлайраг фестай, бирæгъты амæддаг фæуай! – загъдзамана-иу систа. Фæстагмæ йæ маст афтæ сфыхт, æмæ-иу хъуг куы ралыгъд, уæд ыл-иу михæй хорз æрцыд. Скъæты-иу æй афтид кæвдæсы раз бабаста. Хъуг æххормагæй стæгдары хуызæн ссис. Иухатт ма хъомгæсимæ хыл дæр фæцис, мæ хъугмæ мын дæ цæст хорз нæ дарыс, зæгъгæ, æмæ рæгъауæй уымæн ралидзы.

– Цы ма йын кæнон, нæ зонын, – йæ маст нал баурæдта хъомгæс дæр. – Æз ахæм æнæхайыр фос никуы федтон. Цалынмæ йæ разы фæлæууын, уæдмæ хорз фæхизы, фæлæ исчердæм куыддæр фæзилын, афтæ нычъчъылипп ласы æмæ хъæумæ ныййарц вæйиы. Æрмæст дæ хъуджы куы хъахъхъæнон, уæд иннæ фос цы фæуыдзысты?

– Иу цалдæр боны ма йæм фæкæс, стæй кæд хуыздæр нæ кæна, уæд æй йе уæй акæндзынæн, йе – æргæвдгæ. Æндæр гæнæн нал ис, – загъта Хадзырбег.

– Гъемæ хорз, дыууæ боны ма йæм фæкæсдзынæн, стæй мын æй уынын дæр мауал фæкæн, – сразы ис хъомгæс.

Дыккаг бон Хадзырбег йæ хъуджы хъоммæ куы ратардта, уæд йæхинымæр фидарæй скарста: «Кæд ма абон ралидза, уæд ын æнæ æргæвдгæ нæй». Йæхæдæг кард цыргъ кæнынмæ бавнæлдта. Фæлæ – диссаг. Хур арвы астæумæ схæццæ, уæддæр хъуг нæ зыны. Цалдæр хатты уынгмæ дæр рацыд, кæд дуармæ лæууы, зæгъгæ. Фæлæ хъуг зынæг нæй. «Æвæццæгæн, æндæр искуыдæм алыгъд», – хъуыды кодта Хадзырбег.

Уыцы боны хуызæн ыл рæстæг никуы ныддаргъ. Изæры фос æрбацæуыны афон куы сси, уæд Хадзырбег сæ размæ ацыд. Рæгъау куы æрбахæццæ, уæд кæсы æмæ йæ цæстытыл не ‘ууæнды; хъомы астæу – йæ хъуг. Йæ разæй та, йæ сау-сауид пух къæдзил хæрдмæ систа, афтæмæй згъоры Сауи. Хъуг куыддæр рæгъауæй искуыдæм фæзилы, афтæ йыл Сауи йæхи ныццæвы, фæдисы рæйд скæны.

Уалынмæ хъомгæс дæр æрбахæццæ. Хадзырбеджы куы ауыдта, уæд уайтагъд Сауийæ æппæлынмæ фæцис:

– Уыйбæрц фæцардтæн, фæлæ ахæм зондджын куыдз никуыма федтон. Бæстæйы аргъ у, уæллæй. Абон фос куы атардтон, уæд кæсын æмæ дæ куыдз дæр рæгъауы фæдыл араст. Ацы куыдз кæдæм цæуы, зæгъгæ, мæхимидæг дисы бацыдтæн. Фос хизæнуатмæ куы бахæццæ сты, уæд хъугæй æддæдæр æрхуыссыд. Иучысыл рæстæг куы рауад, уæд кæсын æмæ та дæ гуымыдза хæдзармæ йæ ных сарæзта. Сауи йыл уыцы рæстæг йæхи ныццавта. Хъуг мæсты футт ныккодта æмæ Сауимæ йæ сыкъатæ фæцарæзта. Фæлæ йæ Сауи иу къахдзæф дæр размæ акæнын нал бауагъта. Рæйгæрæйгæ йæ рæгъаумæ æрбахæццæ кодта. Афтæ цалдæр хатты сфæлтæрдта хъуг рæгъауæй алидзыныл æмæ та-иу æй Сауи фæстæмæ хъомтæм басырдта.

Уыцы бонæй фæстæмæ-иу Сауи райсомæй ацыдис хъомимæ æмæ-иу изæры æрбаздæхти семæ. Хадзырбеджы хъуг дæр никуыуал ралыгъди хæдзармæ. Афтæ иу къуыри Сауи фæцыди хъомгæс. Уыцы диссаджы хабар æнæхъæн сыхыл дæр айхъуыст. Дис кодтой, æххормагæй та куыд фæразы, зæгъгæ. Фæлæ æстæм бон Сауи нал ацыди рæгъауимæ. Хæдзары бинонтæ хуымæтæджы нæ цин кодтой Сауийыл. Чи йын хæринаг скъæфта, чи йын фæлмæн хуыссæн арæзта. Раст сихормæ æввахс уыд, афтæ дын Сауи йæ бынатæй фестъæлфыд. Æмбонды сæрты йæхи фехста æмæ фæдисы рæйд кæнгæ хъæугæронмæ ныййарц. Сыхæй йæ чи федта, уыдон Хадзырбегмæ фæфæдис сты. Дæ куыдз, дам, æвæццæгæн, сæрра, æндæр кæдæм фæтæхы? Ай цы диссаг у, зæгъгæ, Хадзырбег йæ фæдыл араст. Хъæугæронмæ куы рахæццæ, уæд йæ дисæн кæрон нал уыди. Сауи æмæ йæ хъуг тохы бацыдысты. Хъуг йæ быцъынæг скъуыны хъæуырдæм, Сауи йæ размæ слæууыд æмæ йæ размæлын нæ уадзы. Хъуг йæ бон куы базыдта, уæд аздæхти рæгъаумæ. Сауи дæр йæ фæдыл. Хъуджы йæ бынатыл куы сæмбæлын кодта, уæд фæстæмæ хæдзармæ раздæхт.

Уæдæй абонмæ Хадзырбеджы хъуг рæгъауæй никуыуал ралыгъд.

ТОХСЫРТЫ Къоста

ÆМДЗÆВГÆТÆ САБИТÆН

АВДÆНЫ ЗАРÆГ

(Адæмон сфæлдыстадмæ гæсгæ)

Уæлæ хъæндил æрцæуы.
Зæлдаг кæрдæг – цъæх нæууыл.

Мæнæ дзæбæх хъæндилæг,
Цæй мæллæг дæ, тæнтъихæг?

Хохæй цæуыс быдырмæ
Æмæ рауай чысылмæ.

Æмæ рахæсс хæрзфынтæ,
Кæд фæсурис йæ рынтæ.

Мæнæ хъæндил æрхæццæ,
Цинæй дзаг у йæ зæрдæ.

Авдæн узы чысылæн,
Зарæг кæны фысымæн:

– Лоло, лоло, мæ бæлон,
Ахуысс, айрæз, сывæллон.

Дæуæн дæттын мæ бынтæ,
Мæ цин æмæ хæрзфынтæ.

Хъазын афон æрцæудзæн,
Урс гæлæбу æртæхдзæн.

Цинæй, хъалæй цæрдзынæ,
Лæгау-лæгæн бæздзынæ.

НОГБОНЫ ЗАЗТÆ

Абон нæ хæдзæртты –
Ногбоны зазтæ.
Иууыл цъæх хæдæтты –
Пумпуси назтæ.
Хихты тæф адджынæй
Алкæм æнхъæвзы.
Кадджынæй, радджынæй
Ног аз – нæ къæсы.
Абон нæ алкæмæн
Цин хæссынц зазтæ.
Цæй уæдæ акæнæм
Худгæ ‘мæ хъазгæ.
Саухилтæ, бурхилтæ
Зазыл æртыхсынц.
Хихты цыргъ судзинтæ
Къухты фæныхсынц.
Рухсытæ – къалиутыл,
Хъазæнтæ – ауыгъд.
Талынгæй къардиутыл
Зæронд аз алыгъд.
Лидзæд йæ лыстæнмæ,
Мауал фæкæсæд.
Не ‘ппæт фыдбылызтæ
Йемæ фæхæссæд.

САБИТÆН

Сабитæ –
Нæ бабитæ,
Ма кæнут
Фыдуаг митæ.
Алы бон уын
Уаритæ,
Уæд хæсдзысты
Уардитæ.
Хъæды та уын
Сауцъиутæ

Рауадздзысты
Сау цъиутæ.
Сабитæ –
Нæ бабитæ,
Ма кæнут
Фыдуаг митæ.
Уæд уæ дзæбæх
Даритæ
Нал кæндзысты
Фаринтæ.
Уæд уæ буц
Ныййарджытæ
Зардзысты
Сæ зарджытæ.
Сабитæ –
Нæ бабитæ,
Ма кæнут, ма,
Галиутæ.
Уæд уыдзыстут,
Сабитæ,
Махæн зæды
Къалиутæ.

ЧЕРЧЕСТЫ Хъасболат

МÆ ДУНЕЙЫ РУХС

Радзырд

Ницы дзуры Мухтар. Æнкъардæй бады. Тамако тамакойы фæдыл дымы. Йæ сæр банцой кодта вагоны рудзынгыл. Йæ фарсмæ бады æрыгон чызг. Лæппуйы фæсонтыл йæ къух фæлмæн æруагъта. Мухтары хæрзконд уæхсчытыл æрпырх сты чызджы хурхуыз хæмпус дзыккутæ. Дардæй бакæсгæйæ афтæ зыны, цыма æвзонг донхæрис суадонмæ йæ рæсугъд къабузтæ æруагъта, доны уылæнты йæ сурæт федта æмæ дзы йæ цæстытæ атонын нал комынц...

Тындзы поезд размæ. Æфсæн цæлхытæ фæсус хъæлæсæй зарынц:

– Нæ фæллайæм!.. Нæ!.. Нæ!.. Нæ фæллайæм...

– Уæд та ма иу цай ацым, – æрхатыд Мухтармæ чызг. – Лимонимæ. Фенцондæр дын уыдзæн. Мæнæ нын мамæ цы сæнæфсиртæ нывæрдта, уыдонæй ма уæддæр ахæр. Æрæвнал-ма карчы фыдмæ, æхсыры цъæрттæм, хус дзидзамæ.

Нæй, ницы ком дæтты лæппу. Йæ тар æрфгуытæ нæ комынц кæрæдзийæ атонын, тамакойы фæздæджы къуыбылæйттæ æнæрынцойæ бырсынц æмæ бырсынц цармæ. Чызг стыхсти. Скæуынмæ йæ бирæ нал хъæуы. Иуцасдæр мадзурайæ бады. Асæрфта йæ уымæл цæстытæ, фæхъæлдзæгдæр. Лæппуйы фарсмæ æнгомдæр бабадт æмæ йæ афарста:

– Мухтар, адæймаг йæ цард кæимæ баиу

кæны, уый йын амонд æрхæсдзæн æви нæ, уымæн раздæр базонæн ис?

Лæппу арф ныуулæфыд. Чызджы къух фæлмæн нылхъывта æмæ загъта:

– Нæ, Алинæ, ацы хъуыддаджы демæ не сразы уыдзынæн. Амондæн рагагъоммæ базонæн нæй. Стæй...

Чызг йæ мидбылты фæлмæн бахудти. Йæ цæсгом хурау ныррухс æмæ йын дзурын райдыдта, амондæн раздæр куыд базонæн ис, уый. Лæппу йæм хъусыныл фæцис.

– Цæвиттон, Ногбон æхсæв æртæ хъæдуры райс, – дзырдта Алинæ. – Иуæн дзы йæ цъар растигъ, иннæйы æрдæгстыгъд бакæн, æртыккаджы æнæхъæнæй ныууадз. Дæ нывæрзæны сæ бавæр. Райсомæй куы райхъал уай, уæд дзы иу æнæркæсгæйæ райс. Кæд дзы æнæхъæн хъæдурыл фæхæст уай – амондджын уыдзынæ, æрдæгстыгъд хъæдур дæм æрхаудис – рæстæмбис адæймаг дæ хай. Бынтон стыгъд хъæдур райстай – амондыл дæ къух ауигъ.

Чызг йæ ныхас фæцис. Ныххудти йæ хъæлæсыдзаг. Нал æмæ нал æнцад йæ кæл-кæлæй. Лæппумæ æнхъæлмæ каст дзуапмæ. Фæхъæлдзæг Мухтар дæр. Былтæ бахудæнгæс сты. Цæсгомыл цины уылæнтæ æнхъæвзтой. Фæлмæн хъæлæсыуагæй чызджы афарста:

– Алинæ, æмæ дзы дæумæ уæд цавæр хъæдур æрхаудис, æнæхъæн, æрдæгстыгъд, æви?..

– Æнæхъæн, ме стъалы, æнæхъæн! – цингæнгæйæ сдзырдта чызг æмæ лæппуйы хъуырыл ныттыхст.

Поезд хæстæгæй-хæстæгдæр кодта Ирыстонмæ. Бæлццæттæ фæхъæлдзæгдæр сты. Сыхаг вагонæй райхъуыст ирон зарæг. Æфсæддон службæйæ чи здæхти, уыцы лæппутæ систой хъæбатыр инæлар Плиты Иссæйы зарæг. Мухтар стыр цымыдисæй ныхъхъуыста зарæгмæ. Йæ ризгæ мыртæ хызтысты зæрдæйы, раст æй цыма фыццаг хатт хъуыста.

– Мухтар, афтæ мын куы загътай, хæхты тыххæй дын радзурдзынæн, – лæгъстæхуызæй йæм йæхи бакъултæ кодта Алинæ. – Никуыма сæ федтон хæстæгмæ. Æвæццæгæн, куыд фæдзурынц, уымæй бирæ рæсугъддæр сты.

Уыцы ныхæстæм лæппуйы уæнгтæ цæф сæгуыты нуæрттау ныззыр-зыр кодтой. Чызджы уæхсчытыл йæ къухтæ æрæвæрдта. Йæ риумæ йæ нылхъывта æмæ йын тагъд-тагъд дзурын райдыдта:

– О, тынг рæсугъд сты хæхтæ!.. Ныхæстæй сын радзурæн нæй. Цалынмæ сæ хæстæгмæ фенай, сæ айнæг къæдзæхтæм схизай, сæ

алæмæты цъити дæттæй баназай, уæдмæ сын ницы хуызы ис базонæн. Амондджын дæ, Алинæ, хæхты уындæй чи бафсæддзæн, йæ зарæг арф кæмтты кæмæн азæлдзæн...

– Ма тыхс, Мухтар, æз сахуыр кæндзынæн хæхты æвзаг. Иу уыдзæн нæ зарæг дæр, – ныфсытæ йын æвæрдта чызг.

– Бузныг, бузныг, Алинæ...

...Йæ цæстытыл уадысты йæ царды нывтæ. ...Мæнæ йæ фыды уæзæг... Райгуырæн хъæу... Йæ рынчын мад Мæди. Йæ ахсæны фæзынди рак. Уастæн йæ кой дæр куы фесæфид уыцы низæн. Фæстаг хатт ма афæдзы размæ федта йæ мады. Бынтондæр батад. Цымæ куыд у афонмæ? Йæ цуры та баддзысты хотæ, кæндзысты йын зæрдæвæрæн ныхæстæ. Дзурдзысты йын, тагъд дæ дохтыр læппу ссæудзæн, зæгъгæ. Уæвгæйæ та цæй æнæхатыр у ацы низ. Цал æмæ цал уды тæригъæды бацæуы. Сывæллонæй-зæрондæй – иуæн дæр хатыр нæ кæны. Йæ хъусты азæлынц сæ профессортæй иуы ныхæстæ: «Бирæ рæстæг нал хъæуы, тагъд ракы ныхмæ нæ бон хæцын бауыдзæн». Ехх, æвæдза, Мæди ма уæдмæ куы ацæрид.

Цардæй никуы ницы федта йæ мад. Йæ мой хæстæй нал сыздæхт. Йæ læппу æмæ йæ дыууæ чызгæн сидзæргæсæй фæбадт. Хъарм дзаума йæ уæлæ никуы скодта. Хæцъил дзабырты-иу зымæгон араст быдырмæ. Хъæдæй ласта суг, карста хос, æфснайдта хор. Æмæ цынæ куыст бавзæрста! Йæ уд, йæ фидар ныфс – йæ цот, йæ зæрдæйы мæсыг – йæ иунæг læппу. Ацы аз хъуамæ Ленинградæй дохтыры дипломимæ сыздæха. Хуыцауæй ма фæстаг бонтæ дæр уый феныны тыххæй куры.

... Хъуыдыты арфы аныгъуылди læппу. Уастæн цы загъдæуа хъысмæтæн?

«Цавæр ныфсимæ бахиздзынæн ныр нæ хæдзары дуарæй?» – фарста йæхи, фæлæ йын дзуапп нæ ардта. Стыхст. Улæфт ын нал фаг кæны. Йæ сур хид акалд. Ризгæ къухтæй райста йæ кæсæнцæстытæ. Къухты æнгуылдзтæ æруагъта авгæй конд цæстыгагуытыл. Асыгътой йын йæ армытъæпæнтæ. Ныккæрзыдта. Ныхъхъæр кæнынмæ хъавыд: «О, цы фæдæ, мæ дунейы рухс?! Цæмæн афтæ æваст ахуыссыдтæ?!» Фæлæ йæхиуыл ныххæцыд.

Киномæ кæсæгау йæ цуры февзæрдысты уыцы боны нывтæ:

Радта фæстаг фæлварæн. Каст фæци Ленинграды медицинон институт. Сси хирург. А изæр æмдзæрæны йе ‘мбæлттæн зæгъдзæни хæрзбон. Иуæй йын æхсызгон у, институт каст кæй фæцис, уый, иннæмæй та йæ нæ фæнды йæ бирæ æмбæлттæй фæхицæн уæвын.

Цæуы рухс зæрдæимæ егъау горæты уынгтæй иуы. Ныræй рæсугъддæр æм никуыма фæкастысты йæ цæрджытæ, йæ аив уынгтæ, райдзаст бæстыхæйттæ.

Йæ фæндаг акодта паркыл. Ам-иу, цъæх нæууыл бадгæйæ, доны уылæнтæм хъусгæйæ, йæхи цæттæ кодта фæлварæнтæм. Ныр æм хæрзбон зæгъынмæ фездæхт. Бахызт уæрæх дуарыл. Дидинджыты адджын тæф йæ былтыл амбæлд. Æрбадт йæ уарзон бандæттæй иуыл. Мысы йе студенты бонтæ... Фæлæ йын æваст йæ хъуыдытæ фескъуыдта кæйдæр тарст хъæр:

«Марынц мæ!.. Феххуыс мын кæнут!..»

Мухтар, хъæр кæцæй фехъуыст, уыцырдæм атындзыдта. Уæртæ цалдæр лæппуйы æрцахстой иу чызджы. Иу æм кард дары, иннæ йыл хæцы, æртыккаг та йын йæ хызын исы, къухы æнгуылдзтæй къухдарæнтæ æппары... Уæнгдых лæппу уыд Мухтар. Феппæрста йæ пиджак. Бацыди тохы. Кард кæмæ уыд, уый иу цæфæй фæуæлгоммæ. Уæззау цæфтæ æрцыд иннæ дыууæйыл дæр. Феуæгъд чызг. Мухтар ын радта йæ хызын. Æргуыбыр кодта йæ пиджакмæ, фæлæ йæм уыцы рæстæг фæстæты æнæнхъæлæджы чидæр кардимæ æрбагæпп кодта. Цæхгæр ма йæм бæргæ фæзылди Мухтар, фæлæ ницыуал ауыдта. Цыдæр ын йæ цæстытæ асыгъта. Фырадæргæй æрбадт дзуццæджы. Къухтæ ныndæгъдысты цæстытыл, туджы цыхцырджытæ сыгътой армытъæпæнтæ. Æнахуыр тасæй уæнгтыл ризæг бахæцыд. Дæндæгтæ кæрæдзиуыл ныndæгъдысты... Ныттар ыл бынтондæр йæ дуне. Æрхауд. Арв йæ цæстыты раз сырх хъулæттæ фестад. Мæнæ йыл æрхауы иу сырхзынг стъалы. Кæны йæм хæстæгæй-хæстæгдæр. Тæмæнтæ калы. Стæй æваст ныррухс. Аргъауæй фæзынæгау йæ цуры фестади хæрзконд, нарæгастæу чызг. Худы. Ивазы йæм йæ къухтæ. Згъоры йæм йæ тых, йæ бонæй. Базыдта йæ. Уый Фатимæ у, Мухтар æхсæвæй-бонæй йæ иу фендмæ дæр йæ былыцъæрттæ кæмæ хордта, уыцы Фатимæ. Фæлæ се ‘хсæн зæхх фескъуыд... нал зыны йæ уарзоны рухс цæсгом. Æрбайсæфти тæмæнтæкалæг стъалы. Ногæй та бæстæ ныттар, ныммæйдар.

«Уый та циу? Чи йæ хъал кæны? Цæуыл тарст ныхас кæнынц адæм?»

– Мæгуыр йæ бон, цы митæ йын бакодтой, – хаты кæйдæр хъæлæс.

«Кæмæй зæгъынц?» – хъуыды кæны Мухтар.

– Сæ рохтыл сын фидардæр æрбахæцын хъæуы, фидардæр, – райхъуыст æндæр хъæлæс.

– Хорз адæм! Мæн... мæн... тыххæй бабын... Маргæ мæ кодтой,

уæртæ, милицæ кæй фæкæнынц, уыдон. Чидæр Мухтарыл ныттыхст. Базыдта йæ, уый чысыл раздæр фæдис цы чызг хъæр кодта, уый хъæлæс у.

... Тагъд æххуысы машинæ уадау згъоры размæ. Хъуысы йæ фæдисы уаст. Мухтары сæр æрныгъуылди кæйдæр фæлмæн хъæбысы. Йæ ныхы хид ын рæстæгæй-рæстæгмæ къухты кæлмæрзæнæй сæрфы æмæ сæрфы чидæр.

– Ма тыхс, чысыл ма бафæраз, рынчындонмæ нæ бирæ нал хъæуы, ныртæккæ дæ дохтыртæ адзæбæх кæндзысты, – дзуры зонгæ хъæлæс Мухтарæн.

* * *

Мухтарыл рынчындоны адаргъ сты бонтæ. Цалдæр къуыримæ бæрзонд, хæрзконд лæппу смæллæг. Цæсгом фæзæрондхуыз. Дохтыртæ се ‘ппæт хъарутæй дæр архайдтой йе сдзæбæх кæнынл. Фæлæ профессор загъта: «Бахуыскъ сты цæсты тугдадзинтæ. Нæ бон ын рухс фенын кæнын нал бауыдзæн...»

Мухтар бамбæрста æппæт дæр, фæлæ йæхи ныхъхъæддых кодта. Разынд æм цæрыны ныфс. Чызджытæ-иу сæ сусæг писмоты цы рæсугъд цæстытæй æппæлыдысты, уыдоны бæсты йын авгæй цæстытæ куы сæвæрдтой, уæддæр иу хъæрзт дæр не скодта. Æнамонддзинад ыл цы бон æрцыд, уæдæй фæстæмæ æдзух йæ уæлхъус уыд, кæй фервæзын кодта, уыцы уырыссаг чызг Алинæ Воронина. Иу минут æй цух нæ уагъта. Æхсæвæй-бонæй бадт йæ цуры. Мухтар ын арæх дзырдта:

– Алинæ, улæфгæ дæр-иу чысыл акæн, улæфгæ... Фыдбылызы дзæмбытæм алчидæр бахауын зоны... Дæ бынаты æз куы уыдаин, уæд мын ды дæр феххуыс кодтаис...

Мухтары æнкъард кæнын нæ уагътой йе ‘мбæлттæ дæр. Цыдысты йæм чызгæй, лæппуйæ. Кæд сын сæ цæсгæмттæ нæ уыдта, уæддæр-иу сæ алкæй дæр йе сныхасæй базыдта. Се ‘мхуызон хъæлдзæг йæхи дардта. Ардæм ын æрбахастой йæ диплом дæр. Декан ын йæ къух зæрдиагæй нылхъывта æмæ йын загъта:

– Царды цу ныфсджынæй! Павел Корчагинау тыхджын æмæ хъæддых кæй разындзынæ, уый мæ уырны.

Мухтарæн æдзух йæ цæстыты раз нывæфтыдау лæууыд йæ рынчын мад.

Алинæ æртæ мæйы дæргъы иу бон дæр нæ фæцух рынчыны цурæй. Йæ разы лæууыди цырагъау.

Уыцы рæстæг Мухтар нæ бауагъта хæдзармæ æвзæр хабар ныф-

фыссын. Уымæн æмæ зыдта: мад куыддæр фехъуса, афтæ... Алинæ йын ссардта, фысгæйæ пъеройы фындз цæмæй ралидз-балидз ма кæна, ахæм трафарет. Ахуыр ыл кодта Мухтары фыссын, æмæ йыл уый фæцалх. Гъе ‘рмæст иу хъуыддагæй тыхстысты. Иронау цы писмотæ иста, уыдон чи бакастаид, уый нæ уыд. Æмæ-иу уæд Алинæ цъæррæмыхстытæгæнгæ «æ»-йы бæсты «а»-тимæ кæсын райдыдта. Фæлæ йын иуахæмы йæ зæрдæ бынтондæр иу писмо нызмæлын кодта. Уый дæр ын Алинæ бакаст:

«Дæ бон хорз, Мухтар! Нæхи цæттæ кæнæм куывдмæ. Дæ гал дын дарæм бастæй. Мад æхсæвæй-бонæй дуармæ кæсы...»

Ныуулæфыд йæ риуыдзаг Мухтар. Райста ручкæ, трафареты æххуысæй ныффыста ахæм дзуапп:

«Мæ зынаргъ бинонтæ! Мæ ныййарæг мад! Дæн дзæбæх, æнæниз. Уæ зæрдæ мæм ма ‘хсайæд. Тагъд уæм зындзынæн. Нанайæн зæгъут, райста, зæгъ, дæ фырт йæ диплом. Фембæлынмæ уал. Уæхи Мухтар».

Мухтары рынчындонæй рафыстой. Фæцалх лæдзæджы æххуысæй цæуын. Алинæ йæ рынчындонæй бирæ лæгъстæты фæстæ ахуыдта сæхимæ. Йæ зæрдæ йын истæмæйты бахъæлдзæг кæныныл архайдта. Æмæ ссардта лæппуйы зæрдæмæ фæндаг. Чызг хорз цагъта пианинойæ. Нотæтæм гæсгæ сахуыр кодта цалдæр кавказаг цагъды. Уыдонмæ хъусгæйæ-иу Мухтары зæрдæмæ бакаст хуры цæст.

Æрхæццæ Мухтарæн йæ уазæгуарзон фысымтæн «хæрзбон» зæгъыны афон. Фæндараст зæгъынмæ йæ фæстæ рацыдысты æппæт бинонтæ дæр. Лæппу æнхъæлдта: Алинæ фæстæмæ аздæхдзæн вагзалæй. Поезд куы араст, уæддæр æй нæма уырныдта, Алинæ дæр йемæ цæуы, уый. Лæппу йæм ныххатыд:

«Алинæ, ахиз! Ма æнамонд кæн дæхи. Мæ фæндаг зын æмæ гуыргъахъхъ у. Адæм рухс дунемæ куы бæллынц, уæд ды та цæмæн тындзыс талынг, æнахуыр ранмæ?»

«Æз мæ цардыл раджы ахъуыды кодтон, – загъта фидарæй Алинæ. – Ды кæм уай, уым уыдзынæн æз дæр, хур дæм куы кæса, æфсæст уыдзынæн йæ тынтæй...»

... Схæццæ и поезд Мухтарæн йæ фыды уæзæгмæ. Вагзалы адæмы дзолгъо-молгъо йæм хъуысы. Алчидæр цин кæны йæ бæлццоныл. Фæстаг вагæттæй иуæй æрхызтысты Мухтар æмæ Алинæ дæр. Цалдæр минуты фæстæ сæ такси скъæфта Уæллаг Зджыдмæ. Мухтарæн йæ фæнд уыд: уазæгуаты иучысыл рæстæг ацæрын, хæхты хъæбысы баулæфын, дарддæры цардыл ахъуыды

кænын... Хæххон уæлдæф ын йæ рис кæд иучысыл фæрогдæр кæнид. Алинæйы бæргæ фæндыд, цæмæй Мухтар бацыдаид сæхимæ, уый. Цынæ йын кодта, фæлæ уый не сразы.

«Ды нæ зоныс мæ мады... Йæ зæрдæ нæ бафæраздзæн, мæн ахæм уавæры фенгæйæ. Уадз æмæ ма ацы дунейы фылдæр ацæра», – уыди лæппуйы дзуапп.

Адæмæй басусæг кæнæн ницы ис. Чидæртæ федтой Мухтары. Хъæумæ хабар уадау ныххæццæ. Адæм хъус-хъус дзырдтой, Мухтар, дам, иу уырыссаг чызгимæ бацард. Нæ уæнды хæдзармæ.

«Цот хæссын та цы у, цы? – дзырдтой чидæртæ. – Кæд ма Мæди Мухтарæн хæрзты нæ бацыд. Йæ комы-комдзагæй йæ фæхаста, ныр æй йе ‘ххуысы сæр бахъуыд, уый та йæм цæугæ дæр нал кæны. Кæйдæр чызг ын зынаргъдæр разынд йæ ныййарæгæй».

Мухтары рис фæкъаддæр уа, зæгъгæ, йæ иу бон Алинæ ахуыдта горæтмæ, фæтезгъо кодтой парчы. Сихор хæрынмæ бацыдысты ресторанмæ. Ирон музыкæйы цагъдмæ дзæвгар фенцондæр Мухтарæн, ферох æй йæ цæстыты катай. Аныз та шампайнаг сæны агуывзæ дæр. Иу рæстæджы сæ цурмæ æрбацыд иу бæрзонд, бæзджынрихи læппулæг. Тар æрфгуыты бынæй йæ тугбадт цæстытæ рауай-бауай кодтой Мухтарæй Алинæмæ. Фæстагмæ Мухтармæ ныккаст æмæ йæ уайдзæфты бын фæкодта: – Худинаг дын нæу, худинаг! Абонсарæй дæ акомкоммæ куы бадын, иу æмæ мæм дыууæ хатты куы не ‘рбакастæ, уæд мæм цæуылнæ сдзырдтай? Салам мын цæуылнæ радтай? Ау, иу хъæубæсты куы схъомыл стæм. Æви дæу йеддæмæ стыр горæты ничи сахуыр кодта. Худинаг та дæм куыннæ кæсы, дæ рынчын мад дæ уындмæ йæ былы цъæрттæ куы ‘хсыны. ... Уымæ та цæуылнæ фæзыныс?

Æфхæрæн ныхæстæ ихуарæгау згъæлдысты Мухтарыл, фæлæ ницы сдзырдта. Йæ ныхасæй йæ базыдта, уый йæ кæддæры æмкъласон Дзамболат кæй у.

– Институттæ бæргæ фæвæййынц каст, фæлæ сæ сæрызонд та лидзгæ фæкæны, – Мухтарырдæм амонгæйæ, дарддæр дзырдта Дзамболат. – Бакæсут-ма йæм... Цавæр æмгар схонæн ис ныр уый. Бæстырæсугъд йæ къухы бафтыд! Амонд æм уæларвæй æрпæррæст кодта! Мад та ма йæ цæмæн хъæуы? Уæлдайдæр – рынчынæй?!

Уыцы ныхæстæм Мухтар нал баурæдта йæхи, фестад йæ бынатæй, хъавыд læппуйырдæм бацæуын, фæлæ стъолы тигъыл йæхи скъуырдта. Фæцудыдта. Læппу ма цыдæртæ дзырдта, фæлæ йæ Мухтар нал хъуыста.

...Æхсæв-бонмæ фæрафт-бафт кодта йæ хуыссæны Мухтар. Хуыссæджы цъыртт æм æмгæрон не ‘рцыд.

– Цом уæхимæ, – райсомæй йын бакой кодта Алинæ. – Æз дæ мадæн æппæт дæр радзурдзынæн, – фæлæ йæ фыццаг фæнд нæ аивта Мухтар.

Йе ‘рцыды хабар ын йæ дыууæ хойы дæр базыдтой. Ссардтой се ‘фсымæры фæд. Иу æхсæв дуары хойынмæ ракаст Алинæ. Æнафоны уазджыты ныхасмæ фехъал Мухтар дæр. Тагъд-тагъд акодта йæ кæсæнцæстытæ. Сæ ныхасæй базыдта йæ хоты. Хистæр, Аминæт, нал баурæдта йæхи, скалдта йæ зæрдæйы цæхæртæ:

– Цы кодтай, не ‘фсымæр? Нæ сæр дæ бæрзæндты куы хастам, уæд ныл цæмæн атигъ кодтай дæхи? Куы никуы бацыдыстæм дæ хъыджы. Гъа, махыл аив дæ зæрдæ, фæлæ дæ рынчын мады та цæмæн ферох кодтай? Цы аххосджын у уый та? Æхсæвæй-бонæй дæ уындмæ куы бæллы. Дæ къам дын йæ базы бын куы дары. Алы æрбацæуæгæн дæр дæуæй куы ‘ппæлы, æдзух «мæ дохтыр лæппу, мæ дохтыр лæппу» куы кæны. Уæд цæй хъæбæрзæрдæ разындтæ!.. Æви не ‘ппæты дæр мæнæ ацы цъæхдзаст чызгыл баивтай? Цæй-ма, куыд зæгъæм нæ мадæн? Хъæуы, сыхы мах кой йеддæмæ куы ницыуал ис... Кæсæнцæстытæ та цæмæн хæссыс? Æви дæ æхсæв дæр хур судзы...

Цавддурау æнæдзургæйæ бадт йæ хуыссæны Мухтар. Ахæм ныхæстæм дойнаг дурæй дæр рахъардтаид цæссыгтæ, фæлæ Мухтар дурæй дæр фидардæр разынд.

– Тагъд уæм зындзынæн, мæ хотæ, ма тыхсут, – сирвæзти тыххæйты лæппуйы дзыхæй цалдæр ныхасы.

Йæ кæстæр хо Зæринæ йæм сынтæгмæ хæстæгдæр бабадт æмæ йын фæлмæнæй загъта:

– Æрцу, нæ иунæг æфсымæр, нæхимæ. Царды алцыдæр æрцæуы. Адæймаг кæй курынмæ фæхъавы, уый алы хатт йæ къухы нæ бафты. Хъысмæт Фатимæ æмæ дæуæн дæр фæйнæхуызон амонды саккаг кодта. Фехъуыста Фатимæ дæр дæ хабар. Сабаты Тугъанмæ цæуы чындзы. Нæ ног чындзæн та йæ бакаст дзæбæх у.

Æхсызгон уыд йæ кæстæр хойы ныхас Мухтарæн. Фатимæйы хабар та йын йæ зæрдæ нызмæлын кодта. Чындзæхсæв скæныны тыххæй йын нæдæр «о», нæдæр «нæ» загъта.

Алинæ кæд иронау нæ зыдта, уæддæр хоты æмæ æфсымæры æхсæн цы ныхас цыд, уый æмбæрста. Аххосджын кæй у, уый йын йæ зæрдæ æппынæдзух судзинау рæхуыста.

...Нæ хъæр кодтой мадæн йæ лæппуйы хабар. Йæ уавæр та

æвзæрæй-æвзæрдæр кодта. Æгъатыр низ ыл тых кæнын райдыдта. Æппынæрæджиау мæлæт тыхджындæр разынд цардæй. Ахицæн йæ рухс дунейæ. Хабар сыхъуыст Мухтармæ. Уæлмæрдты хистæр æнкъардæй дзырдта:

– Мæди не ‘хсæн кадджын æмæ барджынæй фæцард. Йæ цæхх, йæ кæрдзын никуы никæмæн бавгъау кодта. Фæлæ йын уæззау низ йæ цард æмбисыл айста. Йæ фæстаг ныхас ма йæ иунæг læппумæ уыд, фæлæ йын уый фенын дæр нал бантыст...

Уыцы рæстæг уæлмæрдты дуарæй æрбахызтысты дыууæ æрыгон адæймаджы. Læппуйыл сау кæсæнцæстытæ, йæ къухы лæдзæг. Чызг ын йæ цонгыл хæцы, афтæмæй йæ бакодта чырыны цурмæ.

– Уый йæ læппу у, – сдзырдта чидæр сабыргай.

Ныддæлгом йæ мады мардыл Мухтар. Атонын дзы нал комы. Æрхаудтой йæ кæсæнцæстытæ мады къухтыл.

– Ныр дын æнцондæр уыдзæн, æна. Æгайтма мæ нæ федтай ахæм уавæры, – йæ зæрдæйы тугтæ згъалгæйæ, хъæрæй куыдта læппу. Ноджы хъæрдæрæй та адæм ныккуыдтой...

Будайты Аслæнбеджы ныв.

ДЗУЦЦАТЫ Къоста

БОН ЦÆУЫ ÆМÆ ФАРН ХÆССЫ

Алы хабæрттæ, хъуыдытæ

ЦЪÆХИЛТÆ ÆМÆ ДЗУЦЦАТÆ КУЫД БАФИДЫДТОЙ

Æдаджы кæддæр Цъæхилтæ æмæ Дзуццаты ‘хсæн стыр æнамонд хабар æрцыдис: иу дзæгъæлбаззаинаг ауæдзы дуры тыххæй фæтудждждын сты. Ахæм хабæрттæ фыдæлты дуджы стæм нæ уыдысты, фæлæ фыдæх дæр æнусон нæу.

Хъуыддæгтæ иууылдæр Стыр Хуыцауæй аразгæ сты, фæзæгъынц. Иу фæззыгон бон Цъæхилты Инæрыхъо Хъобангомæй галуæрдоны суг сцæйласта. Къæхтысæры дыккаг фæзилæны йæ уæрдоны фæстаг сæмæн асастис, уæрдон фæхъил, æмæ галтæ æрцопп сты. Зæронд лæджы бон ма цастæ вæййы? Зæхмæ æрхызт, йæ уавæрмæ æркаст, иуварс дзæнхъа дурыл æрбадт æмæ къæдз лулæ дымыс ма – нал.

Дæ тудждждын дæ ахæм æдзæллаг уавæры ма фенæд, æндæр Инæрыхъо цæуылфæнды дæр разы уыд. Уалынмæ Дзуццаты хъæздыг Темыры фырт Серги йæ цуры уæлбæхæй æрхызт. Уыцы æнæдзургæйæ Инæрыхъойы уæрдоны суг зæхмæ калынмæ бавнæлдта. Ахæм сæрæн лæппуйæн уый куыст уыдис? Уайтагъд фæстаг сæмæны тъæпп дæлбылæй ссыд. Уæрдоны сугтæй равзæрста ног сæмæйнаг. Цæрдæг уæнгтæ цыргъ фæрæты уд бауагътой.

Цæстыфæныкъуылдмæ куринаг чызджы хуызæн дæргъæлвæст рæсугъд сæмæн ацæттæ.

Цыдæриддæр уыди, сирвæзти Ламардонмæ Инæрыхъо. Дæ тудджжын дын балæггад кæнæд, зæгъгæ йыл кæйдæр арфæ æрцыди. Дыккаг бон сæумæйæ, талынг æмæ рухс нæма байуæрстой, афтæ бахоста Дауыраты Захары дуар:

– Ныхæстæ дардыл сты, фæлæ дын æй цыбырæй зæгъон, сауджыны фырт: иу хуынд дæ бацæттæ кæнын хъæуы, Темыры фырт Сергийы хуынд. Æцæг, кусæрттагæй, æндæрæй – иууылдæр мæнæй.

– Тудджжынтæ стут, æмæ хъуыддæгтæй куы ницы рауайа? – фæдызæрдыг Захар.

– Мах æй рауайын кæндзыстæм. Лæгтæ не стæм? Гъенырæй ма зондджындæр æмæ æрхъуыдыджындæр суыдзыстæм æви?

– Уæдæ иу кусæрттаг дæр, иу æндæр дæр дæуæй нæ, фæлæ – мæнæй. Хæрдзтæ мæхимæ райсдзынæн, – Захары цæсгомыл фæзынди мидбылхудт. Дæ фыдгулы хъæуы ма иу туг, иу стæг адæм кæрæдзимæ фыдызнаджы цæстæй кæсой. Фадат раивынæн фæлхасыл дзурын не ‘мбæлы.

Захары уæддæр Инæрыхъо æртасын кодта:

– Афтæ æмбæлы, æмæ тохъыл – мæнæй.

– Йарæби, уыцы фысы къæдзил æз ахæм стыр хъуыддаджы тыххæй куы аргæвдон, уæд мæгуыр суыдзынæн? – лæгъстæ кæны Захар.

– Æз дæуæй бон хистæр дæн, кæд мæ афтæ фæнды, уæд мын ныххатыр кæн.

– Цæй, бафидыдтам, æцæг æндæр мацы хойраг æрбарвит мæ кæртмæ.

– Хорз, æрмæст, хъусыс, Серги дæ хæдзармæ мæнæй раздæр æрбацæуæд. Ноджы ма иу æртæ дзырддзæугæ лæгæн дæр зæгъ æндæр мыггæгтæй. Стæй-иу уæд мæнмæ дæр фæхабар кæн.

Хъуыддæгтæ иууылдæр чиныджы æрфыстау рауадысты. Инæрыхъо Захары къæсæрæй куы ‘рбахызтис, уæд æм иууылдæр æрхатыдысты:

– Хистæрæн сбад, æртæ чъирийæ скув.

Инæрыхъо кувын куыннæ зыдта! Йæ фарны табутæ адæймаджы буары иннæрдæм хызтысты, Темыры фырты хæрзæмбæлæг Уастырджийыл абарста, læппуйы сонт зæрдæмæ нывæфтыд ныхасæй уæндон фæндаг аразынмæ сарæхстис.

– Кæстæр, ацаход, – загъта Инæрыхъо.

Серги фидар къахдзæфтæй бацыдис йæ цурмæ, мидбылты фæлмæн худгæйæ, зæронд лæджы нуазæн райста.

Омменгæнджытæ уый федтой, цы, – схор-хор кодтой:

– Дзуццатæ æмæ Цъæхилтæ бафидыдтой.

Хабар уайтагъддæр Дæргъæвсгомыл ахæлиу.

О, уæд фенкъуысыдис размæ цард. Инæрыхъо, Серги æмæ Захары руаджы дыууæ мыггаджы сæ кæрæдзийæ чызджытæ курынмæ февнæлдтой. Утæппæт кæстæртæн рæсугъд фидæн уыцы фарны лæгты зæрдæ бауарзта.

СХÆЦÆМ НÆ СÆРТЫЛ БÆРЗОНДДÆР

Кæддæр Цъæхилты фæрнджын мыггагæй мах хæдзарвæндагмæ дæр æрхаудта замманайы сылыстæг – Сежа. Цæй амонджыны мыггаг уыдис не ‘фсымæр Валодя йæ бинойнагимæ! Æнæхъæн комбæсты æмбисонд уыдис йæ бæгæныйы сконд, йæ къухæй-иу цы къæбæр рацыдис, уый фынгыл бæрæг дардта йæ тæнæг цъарæй, уæливыхтæ тæбæгъы нæ лæууыдысты, фæлæ сæ сой æмæ сæ цыхты ленчытæ кодтой.

Уациллайы бон-иу Хæристы æнæмæнгæй сæмбæлдис Гуццаты Хадзымæт. Дæргъæвсы кувæндонæй здæхгæйæ, уый алы хатт дæр йæ фæндаг Сежайыл ма ракæна, уымæн гæнæн нæ уыдис.

– Цъæхилоны хойрагæй куы нæ саходон, уæд мын уыцы рæдыд Тбауы Уацилла нæ ныббардзæн, – афтæ дзургæ-иу Дзуццаты кæртмæ бараст ис Хуыцауы æрвыст Хадзымæт.

– Мидæмæ, мидæмæ, Хадзымæт, – тъæпæнсæр хæдзарæй-иу райхъуысти Сежайы фæлмæн хъæлæс, – мæнæ нæ кувинæгтæ – дæ разы, ссар зæдтæ æмæ дауджыты рухс ном.

– Бауырнæд дæ, Цъæхилон, æз æй мæ фынтæй дæр зонын: Дæргъæвсгомы Валодяйы куывд бæрæг у Хуыцауæн, æхцонæй йын исы йæ алы ныхас дæр.

Дзуццаты Валодя йæ цæрæнбонтæ Цæгат Ламардоны арвыста. Сыгъдæг, æфсармджын лæг уыд. Дины æцæгдзинадыл тынг æуæндыдис. Æппынæдзух Стыр Хуыцауы ном ардта, зæдтæн сыгъдæгзæрдæйæ табу кодта, уæларвæй хæххон адæмæн биræ хæрзтæ куырдта. Фыдбылызсафæг, амондхæссæг Тбауы Уацилла йæн Валодя йæ дзуарылæг уыди. Цы сæ фынджы бæркад, цы сæ хъæлдзæгдзинадæй йæ куывддон адæм – уæлдай буцдæр. Дæсны

кувæг læджы хъисын фæндыræй цæгъдынмæ дæр комбæсты ничи æмбылдта. Йæ хъæлæсы нæртон зæлтæ дардыл æмбæлдысты.

Фæлæ-иу зиан дæр æнæрцæугæ кæм уыдис. Авдæнæн чырын йæ фæдылдзæуæг у, фæзæгъынц. Иу заман Валодяйæн йæ кæстæр хо фæзиан и Сындзыхъæуы. Æнæхъæн комбæстæ сæ хистæры хъыгыл фæрыстысты. Марды бафснайдтой Уациллайы бæрæгбоны хæдразмæ, сабаты. Адæм хъус-хъус дзырдтой, цы кæндзысты, зæгъгæ. Ахæм рухс къуыри æнæ циндзинадæй куы нæ фидауы, уæд ныр куыд уыдзæн? Валодя цыма йæ комбæсты хъынцъым бамбæрста, уыйау Рагъы куывды иннæ хæттытау йæ сойджын хъæлæсæй ныззарыд. Дзуæртты хорзæхимæ куывддон адæм æрцыдысты хъæумæ. Чи зоны, æмæ зарæг зæрдæйы арфæй нæ цыдис, фæлæ, ламардойнæгтæ афæдзæй-афæдзмæ цы бæрæгбонмæ æнхъæлмæ кæсынц, уым æфсæрмиаг ма уой, зæгъгæ, йæхимæ стыр хъару ссардта.

– Æрхъуыдыйæн сæр хъæуы, – дзырдта-иу арæх Валодя.

ЦЫБЫР ХЪУЫДЫТÆ

✦ Лыстæг æхца нымайынæй йе ‘нгуылдзтæ слыстæг сты.

✦ Цæст æрмæстдæр зæххæй æфсæды.

✦ Тыгъд быдыры иунæг бæлас дæр сидзæрты мыггагæй у.

✦ Уалдзæг нæ бахъарм кæны æмæ нæ бавзары.

✦ Зæрдæ æнæхъинц уæрдон у, фæлæ йын уæддæр йæ сæмæн айсæрдын фæхъæуы.

✦ Адæймагæн йæ азтæ йæ цæсгомы æнцъылдтыл зынынц.

✦ Стыр кæсæнæй цы фенай, гыццыл кæсæнæй дæр – уый.

✦ Куыдз дыл куы рæйа, уæд æм мæсты ма кæн. Уый йæ хъуыддаг кæны, фæлæ дзы дæхи хъæхъхъæн.

✦ Кау йæ михтæй фидар у, адæймаг – йæ зондæй.

✦ Иу лæгæн фырнозтæй йæ игæр базгъæлæнтæ æмæ йын æй баивтой. Гъеныр ма арахъхъ дæ дзыхмæ схæсдзынæ, зæгъгæ, йæ бафарстой. «Мæхи игæræн куынæ тæригъæд кодтон, уæд ай мæ уæлныхты хъуамæ хæссон?»

✦ Зæронд адæймаг хæдзарæн йæ гуыдыр у.

БЫЗЫККАТЫ Земфирæ

ХАДЫХЪАТЫ АЛЛÆЙÆН

Зарæг стахти сæрибар бæрзæндтæм,
Хæхтæм, сау кæмттæм ахуыдта мæн.
Зары Аллæ: «Мæ райгуырæн бæстæ,
Цард куы фестин, тæхуды, дæуæн!»

Уый ирон чызг йæ хъуытаз хъæлæсæй
Ирыл тауы йæ уды цæхæр.
Уый Ирыстонæн радта йæ зæрдæ:
«О Ирыстон, нывонд дын мæ сæр!»

Газæн сын хъалон нæ бафыстон,
гъемæ мæ ардæм расхуыстой.

Сланты Русланы ныв.

ДЫГЪУЫЗТЫ Тенгиз

ЦАРД НЫН – ХОРЗ ЛÆВАР

ДЫГУРГОМЫ

Дыгургомы бæстæ,
О, Уазайы хох!
Æнкъард дæн уæ фæстæ,
Нæ уæ кæнын рох:

Ам хъугæмттæ, фæхстæ –
Цъæх-цъæхид фæлыст...
Ам къæдзæхы фæрстыл
Хæххон хъæу нынныхст.

Уырынг тигъыл бады
Гуыбырфындз цæргæс...
Æрæфы дон фады
Æхсон къæйтæ, фæз...

Дыгургомы уазæг –
Хъæубæстæн сæ цин,
Дæтдзæни дын нуазæн
Нæртон чындз-æфсин...

Дæ номыл уым уадздзæн
Зæронд лæг йæ сидт.
Сырх цæхæрыл калдзæн
Сæ физонæг хид...

Æрзынди мæм рагъæй
Зæронд мæсыг, тар, –
Йæ ивгъуыд у аргъау,
Йæ тох та – æхсар.

Уый бавзæрста сау хæст –
Цъæх арты сыгъдис...
Сæрибары артдзæст
Фыдæлтæн уыдис...

У аргъауау диссаг,
Дыгургом, дæ цард,
Уæлиаумæ систой
Дæ фырттæ дæ кад.

1982, Сусæны мæйы 15-æм бон.

* * *

О, мæ буц хæлар,
Цард нын – хорз лæвар...
Зон ын аргъ кæнын,
Зон дзы уаргъ хæссын...

Уарди дидинæг –
Уарзты фидиуæг,
Амонды хуындзау –
Асырх ног чындзау.

Дуджы фисынтыл
Мах тæдзынджытæ
Урс хъуымбыл мигътыл,
Кæс, сырх зынджытæ...

Хуры агъуды
Ничи бакæндзæн,
Цард æмбæхст уды
Никæд базондзæн...

2012

* * *

Цæуыл кæуыс сырх зæрæхсид изæры?
Дæ цæстысыгтæй урс æврагъ ныттар.
Мæнау кæд судзыс сонт уарзты цæхæры.
Кæд ралæууыд æнафоны дæ кар?!

Кæд сау дзыккутæй урс бындзгуытæ худынц.
Кæд азты фæлм дæ сырх рустыл æрбадт.
Кæд ивгъуыд царды рох хъæдгæмттæ дудынц,
Нæ сæмбæлд кæд йæ нысаныл дæ фат.

1999

НЕ ‘ВЗАГ – НÆ ФАРН

АБАЙТЫ Эдуард

ЦÆУГÆДОН ЙÆ ЗÆРОНД ДОНВÆД АГУРЫ

Урæстæджы хохы куыстон быраузилæгæй, къæдзæхдуртæ, сывæлдæггай, стыр къæрттытæй æфтыдтам айнæгæй. Дур фадгæйæ фылдæр хатт цурк æмæ бæлдойæ архайдтам, æмæ-иу цæстыты туг фæцæйбадти. Чысыл къæвдайы фæстæ дæр дзы цъыфæй аккуырсæн нæ уыди, йæ ран сыгъдæг æлыг кæй уыд, уымæ гæсгæ. Цыма самандуртæ кодтам, кæнæ нæ къæхтыл здытæ баст уыди, уыйау уæззау уыд нæ цыд. Дур куы афадай, уæд æй фæсте быраузилæнæй байгæрд, дзæбæх уæрдæхыстæвдæн телбыд рæтæн дзы куыд æрцæуа, афтæ. Уæззау хæдтулгæйы фæстæ йæ бабæтт æмæ йæ, дæндаг стонæгау, стон, срæмудз, бирæ фæудхар кæныны фæстæ. Гыбар-гыбургæнгæ-иу ратылд. Мах та къæмбыртыл лæууыдыстæм æмæ йæ фæстæ дзæбидыртау кастыстæм. Мæ сæры та хъуыдытæ хæлбурцъ кодтой, зæгъын, милуангай азтæ цы дур фæлæууыд, уый ныр цалдæр уысммæ йе ‘рдзæй фæхицæн кодтам æмæ амæй фæстæмæ æрдзмæ ницыуал бар дардзæн, æрдзон нал уыдзæн. Стæй, зæгъын, уырдыджы бынмæ тулын цæй æнцон у. Ацы дур йæ бынатæй куы фезмæлыд, уæд, цыма, пакъуыйы уæз дæр нал кодта. Фæлæ ма ныр бафæлвар фæстæмæ йе стулын æмæ йæ йе ‘рдзон гаччы сбадын кæнын. Зын у, тынг зын у уый... Афтæ не ‘взаг дæр... Фæлæ цæугæдон йæ зæронд донвæд агуры.

Нæ кусæн бынæтты алфамбылай æнæуи та уыди сыгъдæг тæрсхъæд. Стæй-иу дзы кæм саг ауади, кæм сæгуыт агæпп ласта, кæм та, кæрдоджын бынæтты, хъæддаг хуытæ ныффуттытæ кодтой. Мад йæ чызгæн дисныйы бæзнæн чындздзон гобан куыд барæтауа, афтæ-иу хъæды сыфтæр бæлæсты бын сбадти. Уыцы фæлмæныл дæхи уæлгоммæ аппар æмæ дæ дудгæбæттæ ферох уыдзысты, дæ уд зæдты фарсмæ абаддзæни.

Æрдз нæ цæстыты раз хуызивæн кодта. Зымæг, уалдзæг, сæрд, фæззæг... Зæгъын, цæй хорз у, æрдзы сконды алцыдæр кæй ис йæхи бынаты, кæй ис алцæмæн дæр йæхи уаг, йæхи æууæлтæ... Фæлæ уын дзы æз æрмæстдæр зымæджы кой ракæндзынæн.

Нæ номхæссæн, нæ сомыгæнæн Къостайы загъдау:

Зымæг нæ хæхты цух нæ уадзы, –
Лæджы æмбæрц æруары мит:
Æфцæгæй коммæ уад дзыназы,
Их доныл саразы йæ хид.

Майрæмыкуадзæн, дам мын зæгъ æмæ дын зымæг зæгъон, дзырдтой фыдæлтæ. Майрæмыкуадзæны фæстæ боныхъæдыл æууæнк нал вæйиы, уæлдайдæр хæхбæсты. Сæрд уылынгбæрц, тæпбæрц йеддæмæ нæ вæйиы, стæй фæуазæлттæ кæны. Æмæ-иу Цыппурсы карз, зæгъгæ, куы загътой, уæд уый ууыл дзурæг уыд æмæ уазалæй бæстæ тъæнджытæ, тæгæлтæ, цъыччытæ, хуынчъытæ, зæгæлтæ кæны. Терчы къабæзты их афтæ æлвæста (цъенгæ их) æмæ ма-иу цыдæр зыхъхъыræй донæн йæ хъуыр-хъуыр цыдис. Нæхæдæг та ихы сæр ихсыд цырыхъхъыты, кæлæхы галтау, хиутæ кодтам. Фосмæ зилгæйæ скъæты дуар фегом, зæгъгæ, уæд-иу фосы комытæф мигъкъуыбылæйттæй æддæмæ рагуылф кодта.

Зымæг... Цæмæй райдайы арæх? Хъарм дымгæ ракодта, зæгъгæ, уæд, дам, миты хъарм хæссы, ома, митæн æнæ рауаргæ нæй. Æрдзы фæдфæливæнтæ, æрдзы сусæгтæ фыдæлтæ зыдтой, фыдæй-фыртмæ сæ сæхиуыл æвзæрстой æмæ нæ рæдыдысты. Ахæм дымгæйы фæстæ боныхъæд аивы, пырындзы нæмыгæй лыстæгдæр нæмыггæндтæ згъæлын райдайы – зæгъуарын. Уый фæстæ митмæ расайы. Уый размæ дзыхъирд æхсæв (æнæ иу мигъы къæм) куы вæйиы, уæд бæстæ чырс сæвæры, халас аппары (салф). Кæм куыстон, уым-иу ахæм æхсæв халас хъæдыл бынмæ куыд æрхъуызыд, уый райсомæй бæрæг уыд. Уый фæстæ мит тъыфылгай, гæбынатæй уарын райдайы. Куы йæ фæтынгдæр кæны, уæд, дам, митфæлдзæгъдæн кæны, дымгæимæ йæ куы сыздухы, уæд – миттымыгъ, митбырдæн. Митæй

азмæлæнтæ куы нал вæййы, уæд, дам, æндарæн скодта, ома, залты мит, æнусы цъити æрæхгæдта. Сур уазал куы вæййы, уæд мит – сæлæф. Æнæ мит зымæг та – саузым.

Зымæджы мæйтæй иу афтæ æртхъирæн кодта, къуыбыр дзидзи, дам, тæгæлтæ фæхауын кæндзынæн, цæгæрсæр, тæфтæгсæр тъæнджытæ фæхауын кæндзынæн, ефсы доны цъыртт уырдыг ныллæууын кæндзынæн, фæлæ, дам мæм уалдзæгæй галы комы тæфы йас фæхæццæ. Бæстæ ныцъцъенга и, ома, дæвдæг их ныцци. Уазал судзгæ дыгъуылæйттæ кæны, саратæй уæлдай нæу. Ахæм уазал у æмæ æрсытæ æмæ рувæстæ иумæ хуысдзысты ахсæв.

Цард цард у, æмæ ахæм уазæлтты дæр фæныкгуызтæ нæ уыдыстæм, фæныкæй къусбæрттæ нæ кодтам нæ фæнычы фарсмæ. Хæйрæджыты æхсæв-иу (быræн æхсæв дæр æй хуыдтой) нæхи конд тъепатимæ (хъæдын дзоныгътимæ) бырынмæ рацыдыстæм.

Хæдзар схъарм кæнынæн суг сæттын хъуыдис, уæдæ цы. Сугсæттæн куырмкъуыдырыл, ома, фæрæты цæфæн фидар, фыдыздыхтытæ, куырмæлхынцъытæ хъæды лыггагыл суг ныссæтт. Сугæвæрæн бынаты сæ сцагъд кæн – тъæр. Арæх-иу, фосмæ зилгæйæ, скъæты къултыл фосы фаджысæй батъæппытæ кодтой – сæнарзæкъæнтæ. Хусæй сæ арахъуадзæн аджы бын æндзæрстой. Мынæг сыгъд, æнæбары дзыбыр-дзыбыр кодтой, фæлæ сыгъдысты. Фос, дам, хъæдмæдзыхæй куы кæсынц, ома, æххормагдзыхæй, цыма сыл сыдымус скодта (æххормаг рæстæг), цу-ма æмæ сын хосæй иу бындзыг авæр.

Ныридæгæн, дам, мæкъуыл, цъына куы ныддадæг сты (нырдæг), æмæ зымæджы бæрæгастæу куы у, уæд ма сын уый фæстæ цы хæрын кæндзыстæм.

Миты уæлцъар куы ахъæбæр вæййы, уæд æй дзода хонынц. Саузым – низджын аз, митджын аз – хорджын. Мæ фыдымад-иу уалдзæджырдæм митæй сыджыты бын дæр банысгæдта. Нæ тади сæрдмæ. Хъæугæ та йæ арахъхъ уадзынæн кодта. Цæмæй бæлæгъы дон ма тæвд кодтаид æмæ йæ арæх ивын ма хъуыдаид, уый тыххæй-иу дзы миты къуыбæрттæ, ихы къæрттытæ ныппæрста.

Æз афтæ зæгъынмæ нæ хъавын, æмæ нæм зымæг хъызт, митджын арæх кæй нал вæййы, уый тыххæй рох кæнæм зымæгимæ баст дзырдтæ. Бынтон царв æмæ мыдимæ хæргæ зымæг дæр ныл не скæны. Фæлæ аххосæгтæ бынтон æндæр цæимæдæрты баст сты. Уыдæттыл дзырдтой æмæ дзурдзысты.

Хæхбæсты зымæг кæд фылдæр хатт æддæмæ нæ цыдысты, ницы куыстой, уæддæр афтид æвдгъуызон æрдзимæ тох кæнын дæр

дудгæбон уыд. Зæйуæттæ бирæ рæтты сæ сæрмæ, ныггуыппæввонг, ауыгъдæй лæууыдысты. Зæйтæ раскъуыдысты, зæгъгæ, уæд дæ балгъитæг дæр афтæ... Æнæуи та зымæгон цыбыр бон æрмæст фосмæ базилыны æмæ бинонтæн хæринаг скæныны фаг дæр нæ кодта. Де 'хсæвæй, дам, цы ратонай, уый цардæй уæлдай у. Æхсæв сæ кæнинæгтæ кодтой. Фæлæ иухуызон бонджын, иухуызон æнæмæт кæм уыдысты зымæджы.

Æхсæвæн нæм кæрон нæ вæййы...
Тæхудиаг кæм нæ у сæрд!
Сæнар кæмæ нæй, уый ныссæйы, –
Цырагъ нæм чи судзы фæсхæрд?!.

Сæ тухæнтæ фæстæдæр уыдысты. Уалдзæг-иу æрцыди. Цъитидæттæ цæмтæ (ихфæзгъæртæ) ластой. Дон-иу куы ныццауæзтой æмæ-иу æй уый фæстæ сæ хъæлæсы куы рахастой, уæд уыцы абухгæ дæтты хуыдтой æрсдæттæ. Сæ армытъæпæнты йас саппыты сыджыт-иу сын митзæйтæ, сахакъæвдатæ ныххафтой. Къæйдзары хуызæн-иу сæ скодтой, ныхъхъæбæр-иу сты. Ахæм зæхх та чъылыхдон уыди, ома, хуымзæххæн нал бæззыди, ницуал дзы æрзадаид. Лæггуыфæй сæм сыджыт ластой, стæй сæ фаджысы калæнтæ, обæуттæ. Хуымзæххæн та-иу ногæй сбæззыдысты. Цы зæхх-иу нæ бахуым кодтой, уый зæрæстон хуындис. Ахæм зæхх куы снæуу вæййы, уæд иннæ аз, хуымгæнгæйæ, пъелтыгай фæлдæхын байдайы, ома къæртгай, цъаргай, сывæлдæггай.

Хуым та кодтой афтæ. Цæды галтæ баифтындз дзывырыл, ома дыууæ галы иумæ. Цæрæг, бонджын чи уыди, уый цалдæр цæды дæр ифтыгъта. Дзывыры бырынкъ хуынди дзыргъа. Дзыргъа фидаргонд уыди гуиноныл – уæлæмæ дзы цы хъæд цыди, ууыл. Гуиноныл фидаргонд уыди гуылус – дзывыræн йæ хæцæн. Галты бæрзæйтыл æвæрдтой æфсондз, йæ дыууæ кæроны тæбынгтæ (къæбæлтæ) тъыст, афтæмæй. Æфсондзы бинаг хай – тамасхан. Дзывырыл чи хæцыди, уый – дзывырдар (гутоныл чи фæхæцы, уый та – гутондар). Галтæн сæ сыкъатыл баст уыди сæрбос. Хъуыдис ын сæрбосыл хæцæг.

Галтæ хуындысты дæллаг гал æмæ уæллаг гал, уымæн æмæ сæ хуымзæххытæ уырдгуытыл уыдысты, хуым сæ цæхгæрмæ кодтой. Дæллаг галæн зындæр уыди, уымæн æмæ уæз ууыл тынгдæр цыд. Гутонæн, дзывырæй уæлдай ис сенга, æфсæнтæ (гутоны æфсæнтæ). Сыджыт ыл куы ныххæцы, уæд æй дзомсæй ахафынц. Агхафæны хуызæн у. Гутоны фыццаг хахх хуыйны ауæдз – дыууæ хуымы

‘хсæн хаxх. Æмбисонд дæр ма ис, ауæдзæфсирмæ, дам, чи æвналы, уый дзы йæ мæрдтæмвæндаггаг хæры. Ауæдзæфсир, дам, куыдз дæр нæ хæры. Уый, æвæццæгæн, уымæн дзырдтой, æмæ кæрæдзи хуымтæй давын худинаг уыд, суанг ма ауæдзæфсир æртонын дæр. Уый зæрдæхудт хъуыддаг уыд.

Бахуым кæныны фæстæ-иу ыл уистæй быд къуыбарсæттæн, къуыбарлыстæггæнæн ауагътой – адæг. Ныртæккæ йыл похци ауадзынц æмæ сыджыты къуыбæрттæ похцийы къæбæлтæ ныллыстæг кæнынц. Йæхи, дам, уæлгоммæ похцийау аппæрста, зæгъгæ, дæр ма фæзæгъынц, ома, æнæмæтæй, æгуыстæй хуыссы. Галтæ уыдысты зыгъар – урс тæпп ныхимæ, куырæфцæг – цыбырхъуыр, цыбырбæрзæй, скæрæфцæг – урс тæлм æфцæгимæ.

Хæхбæсты фылдæр хъæбæрхор кодтой. Тугыл-иу куы аскъуыд, уæд, дам, æлутон хор æрзад, зæгъгæ, дзырдтой. Кæд-иу æнæбары зыр-зыр кодтой йе ‘фсиртæ, уæд, дам, сидзæрхал суагъта.

Кæй зæгъын æй хъæуы, быдыры æнцондæр цæрæн у. Алцыдæр дзы зайы: мæнæу, нартхор, еуу, сысджы, хлепа. Мæнæу гуцъулагай уæлæмæ цæуын куы райдайы – забад. Æфсир куы фефтауы, уæд, дам, æфсирдзых ракодта, зæгъгæ, фæзæгъынц. Куы йæ æрнай кæнынц, уæд дзы хатт сау нæмгуытæ дæр вæййы – мæгъæлда. Нартхор цъæхæй хуыйны хъуыдыды. Къудагонд æвзæр æфсир куы скæны, стæй йæ хъузгыл стæм нæмгуытæ куы вæййы, уæд уыдон йæ дзекъотæ (дзенкъортæ) сты. Нартхоры æфсирæй цы халгæндтæ æрзæбул, æрдзедзыкка вæййы, уыдон сты йæ дзыккутæ (зæлдаг дæр сæ хонынц), йæ сæр ын къæбила хонынц, йæ хæтæл – хъæллæгъ (карстæй).

Хъæдур вæййы фæрсылхъæдур (зæххыхъæдур) æмæ хъилхъæдур. Ис иу ставд хъулон хъæдур, къамбецы хъæдур дæр æй хонынц. Картоф йæ ныссадзыны размæ къуыртты нывæрынц рухс, хъарм ран. Цъæхбын билцъ куы рауадзы, уæд æй хуымон билцъ хонынц, ома, æвзар цы билцъ суадзы, уый. Барувыны фæстæ йæ фæкæнынц губакк (сыджытхъус).

Уалдзæг мыггаг куыд ныппарай, уый фæстæ йыл куыд батухæн кæнай, дæ фæззæджы бæркад дæр уыдзæн афтæ.

Фæззæг-иу куыд най кодтой, мæ зæрды уын æрмæст уый тыххæй ис радзурын. Зæгъæм, хъæбæрхор дæстæггай (армыдзаггай) кæрд лангамæй (егъау æхсырфæй) куыристæ йæ бæтт, кæнæ йæ хъæпынатæ (хуыгæндтæ) кæн. Авд куырисы иумæ – уыгæс, авд уыгæсы иумæ – хъиу. Æрлас сæ найуатмæ (мусмæ). Найуаты найгæнæн

уырынгтæ-уырынгтæ дур (чъеуыри) галты фæстæ бабæтт æмæ йæ тул, най кæн. Най та афтæ кодтой: галтæрæг (найдар) найгæнæн цæджындзы алыварс зилын кодта галты. Галтæ кæрæдзимæ баст уыдысты гæрзæй кæнæ бæндæнтæй – найдзæг. Галты хуыдтой наййæгтæ. Цæджындзмæ æввахсдæр цы гал баст уыди, уый хуынди къухдзæг. Иннæтæ дардыл зылдысты æмæ-иу сæхи дæр сайдтой, фæлæ дзы уымæй зындæр никæмæн уыди. Кæй зæгъын æй хъæуы, найдар кæройнаг наййæгты размæ тагъддæр тардта, цæмæй къухдзæгæн æнцондæр уыдаид. Хор-иу иннæрдæм куы афæлдæхтой, уæд та-иу æй най кæнын райдыдтой. Уый фæстæ йын йæ хъæмп сцæгъд æмæ йæ хорæй фæхицæн кæн. Хуыдтой йæ сæрхъæмп, кæнæ халдзæгъдтæ. Дымгæмæ йæ сдар, цæмæй йæ зыгуым фæхицæн уа. Йæ зыгуым ын лæвæрдтой бæхтæн, уд дзы нал вæййы, æмæ уыйас ахъаз нал у, фæлæ... Æлыгызмæстмæ дæр æй æфтыдтой самандуртæ кæнгæйæ (фидардæры тыххæй). Уый фæстæ дæ хоркъæрмæг гонмæ æрлас...

Куыд хъæздыг у не ‘взаг, æвæдза, цас æвæрæнтæ дзы ис!

Фæлæ мæн тыхсын кæны иу хъуыддаг: абон бирæтæ сæ кæрдзыны ном дæр ферох кодтой. Фæлæ мæ фырты фырт æртæаздзыд Сæрмæт йе ‘мгæртты ‘хсæн иронау куыд къæр-къæр кæны æмæ йæ уыдон дæр бафæзмыныл куыд архайынц, уый куы федтон, уæд мæ ныфс бацыд... Ау, бирæ рæстæг кæрчытимæ чи уыд, уыцы бабыз дæр ма йæ бабызы бапп-бапп куы нæ баивы карчы хъуыдаттæй, мах та адæм куы стæм, уæд куыд тагъд фæвæййæм къæссавæлдæхт.

Сывæллонæн мады æхсыримæ, мады алолайы зарджытимæ хъуамæ йæ туджы ахъара йæ мадæлон æвзаг. Туг тыхджын у. Ныййарджыты бон та бирæ у. Сывæллон куы фæтыхсы, уæд фыццаджыдæр йæ мадмæ фæхъæр кæны, йæ мады фæагуры. Уæдæ зæронд дæр йæ тыхсты заман йæ ныййарæг мады æрымысы...

Æмæ та мæ цæстытыл ауайы, быраузилæгæй куыд куыстон, уый, милуангай азты йе ‘рдзон уагыл цы дур лæууыд, уый йе ‘рдзæй куыд фæхицæн кодтам. Куыд æнцон уыди уырдыджы йæ ратулын, фæлæ куыд зын у уый фæстæмæ йæ бынаты сæвæрын, йе ‘рдзон гаччы йæ сбадын кæнын...

Æрдзы алцыдæр ис йæхи бынаты. Зымæг уымæн зымæг у æмæ хъуамæ уазал уа. Фæлæ адæймаг алцæмæ уазал цæстæй кæсын куы райдайы, уæд уый раз зымæджы уазæлттæ цы сты? Ницы! Уый куыд æндзыг кæны, афтæ ницы. Уымæн ис, æвæццæгæн, не

‘взаг дæр æндзыджы уаваæры, æмæ йæм уазал цæстæй кæсæм. О, æрдзы сконды алцыдæр ис йæхи бынаты, фæлæ адæймаджы зæрдæ æмæ зонд сæхи бынаты куы нал вæййынц, куы сзыгъуыммæ вæййынц, уæд уый æрдзы аххос вæййы? Нæ! Адæймагæн йæхи аххос! Йæ сызгъæрин зæрдæ æмæ сызгъæрин зондæй царды хуымгæнды сызгъæрин мыггæгтæ чи аппары, уымæн сызгъæрин тау ма суадзой, уый гæнæн нæй. Æмæ уæд, адæмы хорздзинадæн, нæ фæззыгон най дæр бæркадджын уыдзæн.

Дурæфтауæны быраузилæгæй куы куыстон, уæд ма дзы уыдис иу ахæм хабар. Кæимæ куыстон, уыдонæй иу хъæды саджы сыкъа ссардта (саг йæ сыкъатæ æппаргæ кæны, уый, æвæццæгæн, алчидæр зоны). Уый бавдæлдис æмæ йæ авджы састæй хафын байдыдта. Зæгъын, уый цы ми кæныс. Æмæ, дам, æй сыгъдæг, рæсугъд кæнын. Зæгъын æй æрдз куыдæй радта, сыгъдæг æмæ рæсугъд афтæмæй у. Махæн дæр æрдзæй цы диссаджы æвзаг баззад, уымæн йе ‘рдзон хуыз æмæ миниуджытæ куыд нæ халæм, ахæм амонд нæ уæд.

Цæугæдон йæ зæронд донвæд агуры...

МÆ ТУГÆНХЪÆВЗÆН

Афтæ чи хъуыды кæны, дзырдуæтты фæрцы ирон æвзагæн базонæн ис, зæгъгæ, уый рæдийы, уый йæхиуыл комдзог цæуы. Фыццаджыдæр, нæ дзырдуæтты авналæнтæ къуындæг, кадавар сты. Бирæ хæзна дзырдтæ ма лæзæры рохуаты мигъвæлмы бын. Зæрдæйы тавс, удуæлдай æрвылбоны тухæн хъæуы уыдон æрæмбырд кæнынæн. Æниу уыдон фæснай найуаты хоры нæмгуытæ æрæмбырдгæнæгау не сты, мыййаг. Фехъусæм сæ æнæнхъæлæджы, хур бон арв нынæрæгау, арвæй дур æрхауæгау фегуырынц нæ разы.

Ныхасы фарн тыхджын у.

Кæмæндæрты ныхæстæ куы нæ фæфаг кæны, уæд, дзырдуæттæ къахгæйæ, цæуылфæнды дæр ныддæвдæг, ныйичъи вæййынц, афтæмæй йын йæ комкоммæ нысаниуæг йеддæмæ ницы фæзонынц. Фæлæ йын цавæр фæлгъуызтæ ис, дзургæ-дзурын иннæ дзырдтимæ куыд æмуд у, куыд æмдзæхдон кæны, уыдæттæ сæ ферох вæййынц. Æмæ сæ фыстыты, мæнæ куыройы нучы зылын къæцæл куыд ныццæхгæрмæ уа æмæ хъыгдарыны хос йеддæмæ куыд ницы уа, æндæр ницыуал ахъаз вæййы.

Дзырдуат æвзаг зонынæн æрмæст йе стæгдар у. Дзырд туджы

змæлдæй куынæ ‘нкъарай, дæ зæрдæйы, дæ зонды рæбын, зынгау, тæлфгæ куынæ кæна, уæд дур дурыл æвæр æмæ дзы цæнд рауайдзæн, æндæр цы? Ахæм дзырдтæй нывæст уацмыс искæй зæрдæйы дæр цæндæй баззайы, цæндыл, дам, дур куы не ‘ссардзынæ, зæгъгæ, дзы адæймаг дур дæр нал фæары.

Хорз хъарæггæнæг устыты ма нæ цæстытыл ауайын кæнæм. Уыдон æцæг поэттæй уæлдай не сты. Æппын, йæ дурзæрдæйæ, йæ цæсты бын кæмæн никуы бахуылыдз, уый цæссыг дæр тотты дон фестын кæндзысты. Адæмы зæхмæ ныккæсын кæнынц.

Ногираг дзырддзæугæ, дзыхыдзуапджын лæг Абайты Андухъапары канд Ногиры нæ, фæлæ Ирыстоны алы къуымты дæр зыдтой. Хъæуы ахæм зиан стæм уыди (цинамонд алкæй хæдзары дæр!), уый нæртон, зæрдæуынгæггæнæн, фæлæ-иу ныфсы хъæлæс кæм нæ райхъуыст. Дзыллæтæ-иу ныддургом, ныггуыппæг сты. Чи нæ-иу æй зыдта, уыдон дæр-иу æм иннæты уæхсчыты сæрты сæхи ивæзтой, уый цавæр æвзаггæл лæг у, зæгъгæ.

О, зæрдæйы рæстдзинадæй афæливæн нæй, мыдыбындзы, сæкæры ‘фсон, цæххæй куыд нæй асайæн, афтæ. Мæ фыдыфыд ахуыргонд нæ уыди, таурæгътæ хæссынмæ та æмбисонд уыди. Зымæгон даргъ уазал æхсæвты-иу æй бакъуыммæ кодтам, исты таурæгъ та ма нын ракæн, зæгъгæ. Цырагъ-иу ахуыссын кодтам æмæ-иу йæ алыварс æртымбыл стæм карчы цъиутау. Нæ дурын пецы уæлкъæйы сырхзынг-иу тынгдæр разынд æмæ-иу нæ цæсгæмттæм дыдзырухс дардта, раст-иу цыма нæхæдæг дæр таурæгъон дунейы аныгъуылдыстæм. Æрмæст-иу хатт пецы уæлкъæйыл цы картофтæ бурачъи кодтой, уыдон карды фындзæй иннæрдæм фæфæлдæхтам, цæмæй ма басудзой. Хордтам æмæ хъуыстам таурæгъмæ, уæдæ цы. Куы-иу схуыссыдыстæм, уæддæр ма-иу бирæ фæкастæн дзагъырдзастæй, мæ цæстытыл хуыссæг нæ тых кодта. Таурæгъы алæмæттаг нывтæ мын æнцой нæ лæвæрдтой, цæстытыл уадысты. Фæстæдæр бамбæрстон, ныхасы фарн цæй тыхджын у, уый.

Æвзаг адæмы историимæ баст у: сæ цардыуаг, сæ культурæ, се ‘гъдæуттимæ, се ‘рвылбоны цардимæ. Фосы куыст æмæ зæххы куыст кодтой. Адонимæ баст сты иннæ хъуыддæгтæ дæр: куывдтæ, чындзæхсæвтæ, алыхуызон бæрæгбæттæ... Æмæ æвзаджы ратæдзæн дæр тынгдæр ардыгæй у.

Фæлæ адæм ныххæррæтт ластой хъæутæй сахартæм. Дæ фыдæлтæ сæ сау туг цæуыл фæкалдтой, уыцы бынтæ, сæ цæрæнбонты фæллæйттæ ныууадз, ныууæй кæн!

Хъæууæттæ, хъæууæттæ... Нæ фыдæлты цыты, хъомысы мæсгуытæ – хъозихæлд дæндæгтау. Уæлæрвтæм дзыназынц. Афтид сисбадæнтæ. Сæ ран сынтбадæн, кæлмуат, пысырасирвæзæн сси. Хуымзæххытæ – зæрæстон, уыгæрдæнтæ – зæритау. Гæдыбындар, куыдзбындар фæу, зæгъгæ, фыддæр æлгъыст ма цы вæйиы, фæлæ дзы куыдз æмæ гæды дæр нал ссардзынæ. Уыдонæн дæр Хуыцау афтæ сныв кодта æмæ хъуамæ адæмы ‘хсæн цæрой.

Æвзаг фæрдгуыты халæй уæлдай нæу.

Сахармæ ралидзджытæн се ‘взаг бахъахъхъæнынæн хъæуы хуызæн гæнæнтæ нæй æмæ сæ дзыхыныхас ныггæлиртæ вæйиы. Иронау ма цъæррæмыхстытæй, æрдæгæууылдтытæй цыдæртæ срæцугъынц сæ зæнæг. Сæхæдæг та нæ уырыссаг свæйиынц, нал ирон вæйиынц. Дыууæ доны астæу сакъадахыл куыд баззайай, афтæ скатайаг вæйиынц.

Хъæуы та? Райсæм-ма, зæгъæм, бæгæны куыд фæкæнынц, уый. Мæнæу баудай аджы. Куы æрфæлмæн уа, уæд æй сасирмæ æвгæн æвгæнæн куысийæ. Йæ заддон куы алæдæрса, уæд æй задæфтауæн арынджы ныккæн. Нынныуæрд æй хъарм ран исты бызгъуыртæй. Исты фæйнæджытæй йæ ныхгæн æмæ ма сыл дуртæ дæр æрæвæр. Хорз-иу куы рабилцъ кодта æмæ кæрæдзиуыл куы нындæгъд, уæд дзырдтой, мæ зад гуыдыны хуызæн разад, зæгъгæ. Æвзæр чи разайы, уыцы задæй та фæзæгъынц, радзых мын кодта, зæгъгæ, дызæрдыг фæкæнынц, фæбæздзæн мын æви нæ фæбæздзæн. Кæттагыл æй хурмæ ныттæнæг кæн хус кæнынмæ – хуртуан. Æрысс æй. Бæгæны дзы бахсид, афæлдах. Хуымæллæг ыл ныккæн, цас æмбæлы, уыйас. Кæд æгæр мастад хæсса, уæд дын æгæр хуымæллæгджын фæци. Куы ма йыл фæхъæуы, уæд, дам, чысыл æлхыскъад йеддæмæ нæ хæссы æмæ ма йыл акæнон, зæгъгæ, бакæнынц. Бæгæныфæрсудзæн джезæ-арынгыл тæскъ æрæвæр. Голлæгтæхуыйæн ставд уæфт хъуымац ыл æрытау æмæ йæ фæрсудз. Фæрсудзгæ-фæрсудзын-иу бæгæныйы цъæлты дондæфы адæймаг аныгъуылд. Йæ адджын тæфмæ-иу зæрдæ бакъæбæлдзыг, цыма искуы дзæнæты цæхæрадоны уардиты ‘хсæн бадыс, афтæ. Сыгъдон ыл ныккæн. Куы æруазал уа, уæд æй къæбицмæ кæнæ ныккæндмæ ныххæсс. Искæмæй цырв ракур, кæд дæхимæ нæй, уæд æмæ йæ бантау. Зынгтæ дзы ныппар – æртгоймаг, ома, барст уæд, фæрæстмæ уæд. Уый сæ цырв у, зæгъгæ, æнæсæттон сывæллонæй дæр фæзæгъынц, иннæты дæр фыдуаг митæм куы фæамидин кæны, уæд.

Банымайут-ма, цас хорз дзырдтæ дзы ис, æз се ‘ппæтыл кæм

аххæссыдтæн, фæлæ. Æмæ æппæт уыдæттæ æрмæст дзырдуæттæй куы зонæм, нæ царды сæ куынæ æххæст кæнæм, уæд уый, зонæм сæ, зæгъгæ, ууыл дзурæг у? Нæу! Уый иу. Фæлæ æвзаг, æвæццæгæн, фæрдгуыты халæй уæлдай нæу. Аскъуыди, зæгъгæ, уæд иу фæрдыджы фæстæ иннæтæ дæр азгъæлынц. Зæгъæм, бæгæны куынæ кæнай, уæд дæм куыроймæ хæссинаг дæр ницы ис, уæд дæ къада куырой аразыны сæр дæр ницæмæн хъæуы. Æмæ куыройы арæзтмæ куы ‘ркæсæм, уæд дзы цас диссæгтæ ис, уый та!.. Йæ нукыл æм дон цæуы æмæ куыройы фыдтæ зилынц. Йæ къутуйы йын нартхор кæнæ мæнæу ныккæн. Хор кæхцмæ кæлы. Къæркъæраг куыройы фыдтыл æндзæвы, кæхц змæлын кæны æмæ хор фыдтæм згъæлы. Лæхурд дæ хъæуы æви лыстæгдæр, уый нымайгæйæ, уагуадзæн æргъæцъ фездух. Кæхц кæнæ уæлдæр ссæуы, кæнæ – бындæр, хор кæнæ арæхдæрæй фæхауы, кæнæ – стæмдæр. Уымæ гæсгæ ссад кæнæ лæхурддæр вæййы, кæнæ – лыстæгдæр.

Ссадæн йе ‘ппæт фæлгæтæгмæ, фæлгуырмæ кæм ныккæлы, фæлæ дзы фыдты алыварс дæр æрæмбырд вæййы – фалгæрæттæ. Ардыгæй рацыд ныффалгæрон кæнын дæр, ома, ныппырх, ныддæрæн кæнын.

Духъ, куыройы фæрæт... Се ‘ппæт æз дæр кæм зонын. Æмæ куыройы фыдтæй куырой куыд фезмæлы, æмризæджы куыд фæризы, уый та? Æмæ уæдæ ацы хъуыддæгтæ нæхæдæг куынæ кæнæм, уæд сæ нæ туджы змæлдæй æнкъардзыстæм, зондзыстæм сæ? Æви та сæ дзырдуæтты агурдзыстæм?

Æмæ ныхас æрмæст æвзагыл цæуы. Нартхоры кæрдзын куы фæмысæм, нæ куырæйттæ та хæлынбыттырбадæнтæ куы систы, кæнæ та сæ кой, сæ хъæр дæр куы нал и. Дæлæ дзы Ногиры бынмæ дæр иу уыди. Мæ мадимæ-иу ссинаг æккойæ уырдæм хастам. Æмæ нын кæй аххос у? Нæхи нæхæдæг куынæ уарзæм, уæд нæ чи бауарздзæн? Нæхи сæрæн, нæхи удæн куынæ стæм, уæд ма кæмæн цы фæуыдзыстæм? Æмæ нæ гуыбыны къултæ цæмæн фæхойæм, арсау нæ «дзæмбы» сдæрынмæ цæмæн æрцæуæм?

Алы куыст дæр туджы змæлдæй æнкъарын хъæуы.

Нæ фыдæлтæ Хуссар Иры Сыбайы хъæуæй ралидзгæ сты. Æз дзы куы уыдтæн, уæд ма дзы нæ хæдзарвæндагæй иу хæдзар цард – Самсонтæ, стæй Абайты Пъалустæ. Цыфæнды зынвадатæй дæр – диссаджы цæрæн бынат. Зæйуæттæ дзы нæй. Хъæбæрхор. Ахæм картоф дзы зади æмæ-иу, фырлæхурæгæй, згъæлд. Мæнæргъы – хуртуаны хуызæн, чысбынты сыхсы – хæрх.

Хъæдмæ-иу чъиу кæнынмæ сфардæг стæм. Æвдадзыхос суæрттæ. Комы мидæмæ бауай æмæ – æхсæрдзæн. Тæхгæ дон æй хонынц. Галы астæу дæр, дам, асæтдзæн, ахæм тыхджын у. Æмæ нæ мыггаджы дзуар, Сызгъæрин дзуар та (Дзаттиатæ дæр æм кувынц), сызгъæрин тæбæгътæй йын фæкуывдæуа?.. Ахæм æгъуыстаджы ран цыфæнды гобийæн дæр йе ‘взаг райхæлдзæн æмæ йæ дзыхæй сызгъæрин ныхæстæ скалдзæн, кæд æм адæймаджы хъæдæй исты уа, уæд.

Самсонты хæдзар – ирон тъæпæнсæр хæдзар куыд арæзт у, афтæ. Йæ къултæ – къæйдуртæй амад. Бынæй – скъæт, уæле – цæрæнуæттæ. Цæджындзтæ, аххæрæг. Æндзæлмттæ, сæ уæлæ – уæладзæнхъæдтæ уагъд. Уыдоны сæрыл – æхсæлы, стæй къулæгæй над æлыг, цæмæй дзы дон бынмæ ма хъара, æппынфæстаг – уæлувады къæйтæ, уæлхæдзар. Сæ ус-иу уæлхæдзарæй куы ралвыста, уæд-иу йе ‘лхуый, зилгæ-зилгæ, зæхмæ æрхæццæ.

Уæлдæр ма йæ загътон, æвзаг фæрдгуыты халæй уæлдай нæу, аскъуыд æмæ дзы иу рахауд, уæд иннæтæ дæр йæ фæстæ азгъæлынц. Уый тыххæй ма иу цæвиттон æрхæсдзынæн. Зæгъæм, фос дардтой. Фос кæм уа, уым та æнæ урсаг нæ вæййынц. Цыхт ахстой, уæдæ цы. Цыхтахсæг сылгоймагмæ лæмбынæг куы кæсай, уæд уый диссаг у. Инджыны дæ къухтæ ауадз æмæ йæ сабыргай, быхсгæ, æлвасын райдай. Талф-тулф дзы ницæмæн хъæуы. Алхъывдтытæ, алæмæрстытæ йæ кæн æмæ фæци? Нæ. Къухты змæлд зынгæ дæр нæ фæкæны, фæлæ йæ сылыйы цъыс-цъысæй, стæй æнгуылдзты фæдæй бæрæг вæййы, куыд æлхъивы, уый. Æмæ дын, ахсгæ-ахсын, цыхты былæй куы ратона æмæ дын дзы дæ армытъæпæны куы аваæра, куы йæ ахæрай æмæ ма дæ былтæ, де ‘нгуылдзтæ дæр куы асдæрай, уæд бынтон дæ туг, дæ зонды баззайдзæни, никуыуал дæ ферох уыдзæн.

Нæ хъуыддæгтæ дæр цыхтахсæгау куы кæниккам царды мидæг, нæ хъуыдытæ дæр цыхтахсæгау куы уаиккой, ома, æнæ талфтулфæй, бæстон, сæ «сылы» хæрз лæмæрст куыд цæуа, афтæ, уæд рæдигæ дæр къаддæр кæниккам.

Фыццаг хатт Сыбайы федтон донхæссæн-царвцæгъдæн. Мæхæдæг дæр æй дзæвгар фæхъуыллау-хъуыллау кодтон. Донхæссæн-боцкъагонд, къæлæттыл æвæрд, къæрæби йæ хонынц. Боцкъагондыл разæй гæрзбосæй царм баст – сера. Узæгау æй кæн къæрæбийыл. Сера радымсæгау кæны. Йæ къæбæл, йæ удуадзæн къæбæл ын слас æмæ йæ дымст ссæуы. Фæстæмæ йæ нытътъысс æмæ та йæ узын райдай. Куы равзæры, уæд цагъдхъæр

кænын райдайы, ома, вæйыы йæ фæуынмæ æввахс. Гарачъи дæр дын æмæ мисын дæр. Гарачъи батайын кæн æмæ дын царв. Абон æппæт уыдæттæ базæронд сты?

Æмæ уæдæ хуыздæр у сахары, хъæуккаг уæвгæйæ, царв, цыхт æлхæнын? Æмæ хъæуккаг адæймагæн уый худинаг нæу? Дæхæдæг уыдæттæ кæнæг куы уай, дæ туджы змæлдæй сæ куы æнкъарай, уæд дæ ‘взаг дæр куынæ сафдзынæ æмæ æфсæст дæр куы уыдзынæ.

Фос дарыны хъуыддаг баст у хос кæнынимæ, иу дзы куынæ уа, уæд иннæ дæр ницæмæн хъæуы. Æмæ хос кæрдынимæ цас титыччы фæрдыджы хуызæн дзырдтæ баст ис, цас!.. Мæнæй цас хосдзау лæг уыд, æнæбары-иу ракъуырдтытæ кодтон. Фыццаг хатт цæвæгыл уæхскуæзæй Сыбайы ранцадтæн. Уистæ хæсгæ дæ уыгæрдæн кæрдыс. Къубалдзагъд ма кæн, ома, дæ цæвæг быннозты хæсс. Карстцыгыл бæрæг вæйыы, ома, иу рариуыгъдæн цы фæзуат ракæрдай, ууыл, сивыргарст кæныс æви нæ, уый. Сивыргарст уый хонынц æмæ, дæ цæвæджы гуырцъ быноз куынæ хæссай, уæд кæрдæг бындзарæй карст не ‘рцæуы, къубалдзагъд æй кæныс. Ахæм карсты уисбын баззайы, ома, æнæкарст.

Мæхи кæрдын куы ахуыр кодтон, уæд уыцы ныхæстæ мæхимидæг фæлхат кодтон, афтæ ма кæрд, зæгъгæ. Хъусгæ та сæ фæкодтон Самсонæй.

Уымæй ма фехъуыстон æмæ мын фенын кодта æндæр хъуыддæгтæ дæр: кæрдæг бæзджын куы уа, стæй фæтæн уис куы хæссай, уæд уистæ сагойæ афæлдахын хъæуы, цæмæй схус уой. Рассив æй, уылæнтæ ракæн. Уылæн, ома, хосы уылæн тулын кæйонг æрфæразай, уым хосы æмбырд – гол. Мæхъийы астæу дзы хъил ныссадз æмæ йыл хос самай – цъери, мæкъуыл. Мæхъийы бæсты дзы бынхос дæр ныккалынц. Æфтауцмæ йæ куы ласай, уæд цъерихъилы цъуппыл дыууæ къухæй дæ тых, дæ бонæй рауæз кæн æмæ амад дзоныгъмæ æрфæлдах (дзоныгъ куыд арæзт у, уый тыххæй нæ дзурдзынæн). Гæркъайæ йæ нынтъух ахъаззаг, бæндæны кæрон дзы алас, афтæмæй. Уынут, цас ныхæстæ сæфы, фос куынæ дарат, уæд. О, сæ сæр нæ, æвæццæгæн, нал хъæуы. Фæлæ мигæнæг куы уай, уæд цы мигæнæгæй ми кæныс, уый куыннæ хъуамæ зонай? Уæле кæй ранымадтон, уыцы куыстытæй та иу дæр зæронд нæу, уæлдайдæр хæхбæсты уавæрты.

О ме ‘взаг, мæ туджы змæлд, мæ тугæнхъæвзæн!
Кæд нæ мадæлты риуы æхсыр цæссыг нæ фестад,

Кæд нæ мадæлты риуы æхсыр хъæстæ нæ фестад,
Уæд дæ æз мæ мады æхсыримæ куы бададтон!

Æмæ кæй бафæнддзæнис, йæ мады æхсыр ын туг феста, уый!?

Нæй уымæй цыфыддæр æлгъыст. Уый Хуыцауы æлгъыст у, Хуыцауы!

О ме ‘взаг, мæ туджы змæлд, мæ тугæнхъæвзæн!
Цæр мын тъымы-тъыматæм, цæр!!!

Зыгъуытаты Русланы ныв.

ГУЛУТЫ Андрей

БАРАХЪТЫ ГИНО

Мысинаг

1907 аз. Сентябрь. Райдзаст хъарм бон. Хур йæ фæлмæн тынтæй тавта Æрыдоны семинары агъуыст, кæрт, дыргъдон. Семинаристтæ сæ урокты фæстæ ракалдысты къæстæй æмæ къордгæйттæй лæууыдысты кæнæ, рацу-бацу кæнгæйæ, хъæлдзæг ныхас кодтой сæ кæрæдзиимæ. Уыдысты сау æмæ цъæх дарæсты, кæуыл фуражкæ уыди, чи та – бæгъæмсарæй, афтæмæй фæйнæрдæм апырх сты семинары уæрæх кæрты. Хистæр къæсты ахуыргæнинæгтæн сæ бакаст куыддæр асджындæр уыд, сæ ныхас дæр уыд æмбынæгдæр, бæстондæр. Æз æууыдтæн кæстæртимæ.

Уыцы рæстæджы ауыдтон хистæртимæ уынджын, асæй рæстæмбис æмæ тымбылдзæсгом æппуйы, уыди йыл кæсæнцæстытæ. Æппуйы æнæ фæфиппайгæ нæ фæуыдаид адæймаг. Ме ‘мбæлтты куы бафарстон, уыцы æппу чи у, зæгъгæ, уæд мын загътой: «Уый салыгæрдæйнаг æппу – Барахъты Гино, хистæр къласы ахуыргæнинаг». Уæдæй фæстæмæ зыдтон Гинойы, иукъорд хæттыты ныхас дæр кодтон йемæ, фæлæ мын никуы загъта, æмдзæвгæтæ кæй фыссы, уый.

Гинойы æмбæлттæ куыд дзырдтой, афтæмæй, уый уыди хорз æмбал, уарзтой йæ йæ хæлар æмæ раст зæрдæйыуаджы тыххæй, йæ прогрессивон зондахасты тыххæй. Гино ахуыр дæр хорз кодта, уæлдай уарзт та кодта уырыссаг æмæ фæсарæйнаг литературæты классикты, Хетæггаты Къостайы уацмыстæ.

Уæрæсейы фыццаг революцийы заман Æрыдоны семинары æрцыди чысыл змæстытæ. Уыцы змæстыты архайæг уыди Гино дæр. Уымæ гæсгæ рæстæгмæ цухгонд уыди семинарæй, фæлæ йын бантысти семинармæ фæстæмæ бацæуын æмæ йæ фæци каст 1911 азы.

Гинойы хорз базыдтон 1920–1922 азты. Уæд советон хицаудзинад æрфидар Цæгат Ирыстоны. Фембæлдтæн Гинойыл Дзæуджыхъæуы. Уыцы рæстæджы Гино уыди ирон газет «Кермен»-ы редактор. Амбæлди мыл иухатт æмæ мын загъта, цæмæй æз ныффыссон æмдзæвгæтæ «Кермен»-æн. Æз ын радтон ирон æвзагмæ мæ тæлмацгондæй пролетарон гимн «Интернационал». Тæлмац йæ зæрдæмæ фæцыд æмæ йæ ныммыхуыр кодта газеты. Уый фæстæ йæ йæхи редакцигондæй «Ирон зарджыты чиныджы» дæр рауагъта. Йæхæдæг дæр ратæлмац кодта «Интернационал» æмæ йæ ныммыхуыр кодта чиныджы («Æмдзæвгæтæ æмæ зарджытæ», 1924 аз, Дзæуджыхъæу). Гиноимæ-иу куы сæмбæлдыстæм, уæд-иу бирæ фæныхас кодтам уырыссаг фысджыты тыххæй, литературæйы теорийы тыххæй. Йæ фатермæ дæр-иу мæ акодта, бакаст-иу мын йæ ног æмдзæвгæтæ æмæ-иу сыл фæныхас кодтам. Иухатт мын йе ‘мдзæвгæ касти æмæ афтæ загъта: «Æмдзæвгæты бæрцбарстытæ – ома: хорейтæ, ямбтæ, дактильтæ æмæ æндæртæ кæцытæ сты, уыдон æз хорз нæ иртасын, фæлæ фысгæйæ ритмикæйыл никуы фæрæдидзынæн». Кæй зæгъын æй хъæуы, Гино ахуыргонд адæймаг уыд æмæ хорз зыдта поэзийы теори, фæлæ хъазæн ныхæстæ кæнын дæр бирæ уарзта.

1928 азы каст фæдæн Ленинграды университет æмæ раздæхтæн Дзæуджыхъæумæ. Уыцы рæстæджы Гино куыста газет «Рæстдзинад»-ы редакторæй. Куы мæ федта, уæд мын загъта: «Бакус мемæ редакцийы, дæ бæрны дын бакæндзынæн газеты литературон хайад». Æз сразы дæн æмæ куыстон Гиноимæ редакцийы, куыстон ахуыргæнæгæй дæр Цæгат Ирыстоны совпартскъолайы. Иубон мын Гино загъта: «Цæй, æмæ газет «Рæстдзинад»-æн чысыл чиныггондæй литературон фарс уадзын байдайæм, мыхуыр дзы кæндзыстæм æрыгон ирон литераторты уацмыстæ. Обком разы у ахæм литературон фарс уадзыныл». Афтæмæй цæуын байдыдта «Рæстдзинад»-ы уæлæмхасæн литературон фарс «Размæ». Уый тынг æххуыс фæци ирон советон æрыгон литератортæн. Уым сæ фыццаг литературон къахдзæфтæ кодтой нæ зынгæ фысджытæ Мамсыраты Дæбе, Епхиты Тæтæри, Бесаты Тазе, Хъайтыхъты Геор, Ардасенты Хадзыбатыр, Хъазбегты Хъазбег, Дзанайты Сергей, Дзесты Куыдзæг æмæ æндæртæ. Сæ критикон статьятæ æмæ æмдзæвгæтæ мыхуыр кодтой «Рæстдзинад»-ы фысджыты

хистæр фæлтæр Барахъты Гино, Нигер (Дзанайты Иван), Бæдоаты Хъазыбег æмæ æндæртæ.

Гино мын бирæ бартæ лæвæрдта литературон æрмæг мыхуыр кæнынæн. Æз-иу цы æрмæгæй загътон, мыхуыр кæныны аккаг у, зæгъгæ, уый-иу бакасти æмæ-иу фылдæр хатт мемæ сразы. «Ды мæнæй карздæрæй æвзарыс редакцийы æрмæг», – загъта-иу худгæйæ иуæй-иу хатт.

Хъуыды ма кæнын: иу ахуыргæнæг æрбахаста редакцимæ уырыссаг æвзагыл фыстæй аргъау. Æз æй бакастæн æмæ загътон йæ авторæн, йæ идейæмæ гæсгæ кæй нæ бабæздзæн нæ газетæн. Арвыстон æй редактормæ, уымæ та куыд фæкæсдзæн, зæгъгæ. Фæлæ аргъау æрбахæссæг уайтагъд раздæхт редакторæй æмæ загъта редакторы дзуапп: «Кæд дын литхайады сæргълæууæг нæ бабæздзæн, зæгъгæ, загъта, уæд нæ бабæздзæн».

Иухатт мын Гино загъта: «Æмдзæвгæтæ куы фæкæсын, уæд кæддæриддæр заргæ фæкæнын, æнæуый кæсын нæ зонын». Æмæ мын йæ рæсугъд хъæлæсæй заргæйæ, бакаст йе ‘мдзæвгæ «Сырхаты Сæри». Сырхаты Сæри уыди мæгуыр ирон лæг, йæ уæззау цард хæссын йæ бон нал уыд æмæ иукъорд æмбæлттимæ ацыди фæсарæнмæ хуыздæр цард ссарынмæ. Фæлæ уым хуыздæр цард не ссардта. Хуыздæр цард не ссардтой йе ‘мбæлттæ дæр, афтæмæй фæрахау-бахау кодтой алы бæстæты. Бæгънæгæй, гомæй, фыднизæй рынчын уæвгæйæ, Сæри раздæхт йæ райгуырæн хъæу Уыналмæ æмæ дыууæ боны фæстæ амарди. Райстой йын йæ хордзен æмæ йын йæ иу къуымы ссардтой фæдзæхсæн гæххæтты гæппæл. Уым Сæри сидти фæллойгæнæг адæммæ, цæмæй уыдон сыстой тыхгæнæг паддзах æмæ йæ фæсдзæуинты ныхмæ:

Æрцæуæд сæфт паддзах, тыхгæнæг!
Бырсут, лæбургæут сырдау!
Кæннод æнæ иу бахъыггæнæг
Æгадæй фесæфут мæнау!

Ацы ныхæстæй Гино балхынцъ кодта йæ зарæг.

Иубон мæ Гино акодта йæ цæрæнбынатмæ (уæд царди ныры Сабырдзинады проспект æмæ Куйбышевы уынджы тигъыл, уазæгдоны) æмæ мын æнæхъæнæй бакаст йæ поэмæ-легендæ «Азджериты Куыцыкк». Мæ зæрдæмæ тынг фæцыдысты поэмæйы сыгъдæг ирон адæмон æвзаг æмæ йæ эмоционалон тых. Кæсгæ дæр æй Гино бакодта тынг хорз. Бæрæг уыди, поэмæйы алы рæнхъ дæр йæ зæрдæйы тугæй фыст кæй у æмæ йæ зæрдæмæ арф кæй

хъардта. Гино цыма абон йæ поэмæ кæсы æмæ йæм æз хъусгæ кæнын, афтæ мæм кæсы ныртæккæ дæр.

Гино касти:

...Хуыррытт кæнынц, æхситт кæнынц
бæхты фындзтæ,
Цъыллинг кæны бæхы къæдзил.
Æмдзæгъд кæнынц
Бæхты къæхтæ. Дæттæ, быдыр, хæхтæ, хъæдтæ
Фæивынц уым сæ кæрæдзи...
Фæвæййы бон. Фæвæййы 'хсæв. Цæуынц дыууæ...
. . . . . .
...Хуыррытт кæнынц бæхты фындзтæ,
Цъыллинг кæны бæхы къæдзил.
Гæр-гæр кæнынц бæхты къæхтæ,
Æмдзæгъд кæнынц æгъдынцæйттæ.
Фæвæййы бон. Ысвæййы 'хсæв...
. . . . . .
Ох, ох, лæппутæ! Ох, ох, æмгæрттæ!
Æхсарджынтæ куыд нæ вæййы!

Гинойы æмдзæвгæтæ, зарджытæ, радзырдтæ æмæ æндæр литературон уацмыстæ зындгонд сты ирон литературоведтæ æмæ чиныгкæсджытæн. Фæлæ ма уый æдде Гино йæ хъус тынг дардта ирон орфографийы фарстатæм. Дзырдæн зæгъæм, дзырд «уæрдон» фыссын кодта афтæ: «ордон», æмæ бирæ æндæр ахæм дзырдтæ. Ирон лингвистты хæс у лыстæг равзарын Гинойы цæстæнгас орфографийы фарстатæм.

Хъуыды ма кæнын ахæм хъуыддаг: Гæдиаты Цомахъ йе 'мдзæвгæтæ кæнæ статьяты бын кæддæриддæр иронау фыста – «Цомахъхъ»– ома дыууæ «хъ»-йы. Иухатт ын Гино мæ цуры афтæ: «Дæ хорзæхæй, Цомахъ, зæл «хъ» æгъгъæд фидар зæл куы у, уæд ма йæ дывæрæй цæмæн фæфыссыс дæ номы? Уый мæм раст нæ кæсы». Куыд ма хъуыды кæнын, афтæмæй Цомахъ дыууæ «хъ»-йы нал фыста йæ номы, фæлæ фыста иу «хъ» – «Цомахъ».

Фæстаг хатт федтон Гинойы 1936 азы. Бацыдтæн Ирыстоны паддзахадон рауагъдадмæ. Гино бадти стъолы цур, йæ разы – цавæрдæр чингуытæ æмæ гæххæттытæ. Уыд æнкъард. Бафарстон æй, цы кæныс, зæгъгæ. Уый мын афтæ: «Абон мын лекци ис æмæ ме 'рмæгмæ кæсын».

Уый фæстæ нал федтон Гинойы: йе сфæлдыстадон тыхы тæккæ

тæмæны æдзардæй трагикон сæфт фæкодта 1937 азы. Парти æмæ йын хицауад ногæй йæ бынаты сæвæрдтой йæ рухс ном.

Зæгъын ма мæ фæнды, куыд арф æнкъарæг адæймаг уыди Гино æмæ царды зындзинæдтæ йæ зæрдæмæ куыд арф хаста, уый тыххæй. Иухатт бацыдтæн йæ фатермæ (уæд царди Ленины уынджы), уыди чысыл рынчынгомау æмæ хуыссыд. Уыцы бонæй чысыл раздæр амарди йæ ноггуырд сывæллон. Ныхас кæнгæйæ, æз загътон: «Гино, ахæм æнахъом сывæллон куы амæлы, уæд, чи зоны, йæ ныййарджытæн уый хъомыл адæймаджы зианау нæ вæйиы». Гино фенкъард æмæ мын афтæ: «Охх, Андрей, афтæ ма зæгъ. Тынг риссы мæ зæрдæ ноггуырд сывæллоны амардыл, цард нæ федта, мæгуырæг»...

Барахъты Гино кæддæриддæр тырныдта рæстдзинадмæ, уарзта фæллойгæнæг адæмы æмæ йын тох кодта йæ сæрибардзинадыл.

Гино бирæ бакуыста æрыгон советон ирон литературæ размæ ракæныныл.

1965

Зыгъуытаты Русланы ныв.

ЦГЪОЙТЫ Хазби

СКОДТА ЙÆ ÆЦÆГ АДÆМОН ГАЗЕТ

Уац

Хъаныхъуаты Валодя. Цалдæр азы размæ дæр ма, иронау кæсын чи зоны, уыдонæй, æвæццæгæн, ахæм нæ уыд, ацы адæймаджы чи нæ зыдта. Курдиатджын æмæ æвзыгъд, домаг æмæ бæрнон кæй уыд, уый хынцгæйæ ма йын иу рæстæджы йæ бар бакодтой иннæ республикон партион газет «Социалистическая Осетия» дæр. Дыууæ газетæн иу редактор, дыууæ коллективæн иу разамонæг! Уый стыр хæс æмæ бæрн уыд уыцы азты. Фæлæ «Рæстдзинад»-ы сæргъы цы арæхстдзинад равдыста, уый сахадыдта республикон уырыссаг газетыл дæр.

Пенсимæ ацæуынæн фæллойы стаж фондз æмæ ссæдз азы йеддæмæ нæ хъæуы. Хъаныхъуаты Валодя та æрмæст «Рæстдзинад»-ы редакторæй бакуыста дæс æмæ ссæдз азы! Гæдиаты Цомахъ æмæ Барахъты Гино йыл цы фарн бафтыдтой, уый ноджы фæдаргъдæр æмæ фæуæрæхдæр кодта, – Иры дзыллæтæн æй ноджы фылдæр бауарзын кодта, æмæ йæ тираж 9 минæй схызт 27 минмæ. Ссис ирон адæмы æцæг уарзон газет.

«Рæстдзинад»-ы хорзы кой Хъаныхъуаты Валодяйы рæстæджы айхъуыст æппæт Советон Цæдисыл нæ, фæлæ ахæццæ фæсарæнтæм дæр. Æнгом бастдзинæдтæ йын уыд Турчы цæрæг ирæттимæ, Болгарийы центрон газет «Нова светлина» æмæ

Кырджалийы областон газеты коллективтимæ. Уыцы рæстæджыты «Рæстдзинад» истой Германы, Францы, Америчы Иугонд Штатты, Турчы, фыстой йæм суанг Аргентинæйы цæрæг ирæттæ дæр.

Хъаныхъуаты Валодя райгуырд æмæ схъомыл Джызæлы. Йæ ныйарджытæ уыдысты хуымæтæг зæхкусæг адæм, фæлæ ирон фарнæй æххæст, рухсмæ, размæ тырнаг, ирон æгъдæуттыл, мадæлон æвзагыл – иузæрдион. Уыцы хорз миниуджытыл ахуыр æмæ хъомыл кодтой сæ бирæ цоты дæр. Æмæ уыдон дæр ииуылдæр сæ ных сарæзтой ахуырмæ, ирон адæмæн лæггад кæнынмæ. Ирон æвзаг та сын афтæ бирæ бауарзын кодтой, æмæ æфсымæртæй дыууæ – Майрæм æмæ Валодя – хæрзæрыгонæй се ‘ргом аздæхтой литературон уацмыстæ фыссынмæ. Майрæм Фыдыбæстæйы Стыр хæсты бабын, цы литературон бынтæ ныууагъта, уыдонæн сæ хуыздæртæ бацыдысты æдзард хæстон поэтты иумæйаг чиныг «Хорзæй баззай, Ир»-мæ. Валодя та йе ‘ппæт цард дæр снывонд кодта газет «Рæстдзинад»-æн. Уыимæ йæ литературон куыст дæр нæ ныууагъта.

Скъолайы ма куы ахуыр кодта, уæд райдыдта йæ фыццаг фæлварæнтæ журналистикæйы. Йæ райгуырæн хъæуы хорз адæймæгты тыххæй уацхъуыдтæ фыста районы æмæ республикон фæсивæдон газеттæм. Уæд æм стыхджын ис сфæлдыстадмæ тырнындзинад, æмæ йæ фæндыд æвзаг фылдæр зонын, арæхстджындæрæй дзы пайда кæнын. Уый тыххæй, авд къласы каст куы фæци, уæд ахуыр кæнынмæ бацыд ирон педагогон техникуммæ. Уым дæсны ахуыргæнджыты фæрцы ноджы арфдæр банкъардта йæ мадæлон æвзаджы гæнæнтæ, тых æмæ фидыцтæ. Техникумы ахуыр кæнгæйæ, ноджы фылдæр æргом аздæхта журналистикæмæ, æмæ йæ каст куы фæци, уæд æй кусынмæ райстой Джызæлдоны районы газеты редакцимæ бæрнон секретарæй. Уæдæй фæстæмæ йæ цард ииуылдæр сбаста газеты куыстимæ.

Валодя районы газеты бирæ нæ бакуыста, фæлæ йын уыцы цыбыр рæстæгмæ дæр йæхи хорзæй равдисын бантыст. Суинаг лæппуйыл районы разамынд сæ цæст æрæвæрдтой æмæ бацархайдтой, цæмæй дарддæр ахуыры фæндагыл ацæуа, фылдæр зонындзинæдтæй йæхи сифтонг кæна. Ахуыр кæнынмæ йæ арвыстой Мæскуымæ ФÆЛКЦ-ы Центрон Комитеты уæлдæр скъоламæ.

«Иттæг хорз бæрæггæнæнтимæ каст фæци уæлдæр скъола æмæ сыздæхт Ирыстонмæ, – фыста, уыцы рæстæджы æмæ йæ уый фæстæ дæр хорз чи зыдта, уый – газет «Социалистическая Осетия»-йы (абон «Северная Осетия»-йы) раздæры редактор, зындгонд журна-

лист Дзампаты Мæирбег. – Уыцы рæстæг йæ дæсныйад æмæ фæлтæрддзинад тынгдæр бахъуыдысты республикон радиокомитеты. Сæвæрдтой йæ пропагандæйы хайады редакторæй. Кадртæ фаг нæ уыди газетты редакциты дæр, уымæ гæсгæ Валодя сси газет «Рæстдзинад»-ы культурæйы хайады сæргъæлæууæг...

Уалынмæ та схызт уæлдæр къæпхæнмæ – сæвæрдтой йæ редакторы хæдивæджы бынаты. Ам уæлдай тынгдæр рабæрæг сты йæ организаторон куысты хорз миниуджытæ. Валодяйы хъæппæрисæй арæзт цыдысты газеткæсджытимæ фембæлдтытæ, дзыллон рейдтæ, адæмы домæнтæ куыд æххæстгонд цæуынц, уыдон хуыздæр æвдисыны охыл».

Хъаныхъуаты Валодяйы арæхстджын куыст æнæбафиппайгæ нæ фесты партийы Цæгат Ирыстоны обкомы, æмæ йæ 1954 азы арвыстой СЦКП-йы Центрон Комитеты цур уæлдæр партион скъолайы журналистикæйы хайадмæ. Ам ахуыр кæнгæйæ базонгæ Советон Цæдисы алы республикæты, крайты æмæ облæстты сæйраг газетты бæрнон кусджытимæ, сæ фæлтæрддзинадимæ. Уыдонæй бирæтæ ахуыры фæстæ систы сæ газетты редактортæ, æмæ уæд дæр йæ бастдзинæдтæ нæ фехæлдта семæ. Валодя дæр, республикон газет «Æрыгон коммунист»-ы редакторæй дыууæ азы бакусгæйæ, æрлæууыд «Рæстдзинад»-ы сæргъы. Уый уыди 1959 азы.

Валодяйы фæрцы 60–80 азты «Рæстдзинад» хуыздæрырдæм аивта йæ мидис, йæ хуыз æмæ уæндонæй æрлæууыд Советон Цæдисы хуыздæр газетты æмрæнхъ. Саккаг ын кодтой орден «Кады нысан». Валодя, уæды домæнтæм гæсгæ цас æмбæлди, уымæй фылдæр сæрибар радта газеты уацхæсджытæн, æмæ бирæвæрсыгæй райхæлдысты сæ курдиат, се сфæлдыстадон тырнындзинæдтæ. Сæ «цырв» æмæ амидингæнæг та уыд йæхæдæг. Газеты фылдæр мыхуыр кæнын райдыдтой газеткæсджыты фыстæджытæ. Уымæй, царды æмæ разамонæг кусджыты архайды хъæнтæ чи æвдыста, ахæм æрмæджытæ дæр. «Рæстдзинад»-ы фæрстыл фæзындысты ног рубрикæтæ, иумæйаг сæргæндтæ, тематикон фæрстæ. Фылдæр дзуапп дæттын райдыдта фæллойгæнæг адæмы домæнтæн, ссис бюрократийы ныхмæ тохы сæ сæрылхæцæг, сæ сæрхъуызой.

Хъаныхъуайы-фырт бæрзонд систа ирон журналистикæйы, газет «Рæстдзинад»-ы кад. Æмæ уыцы хъуыддагыл тохы йæ алыварс æрбамбырд кодта курдиатджын, куыстхъом, бæрнджын коллектив. Махæн, уыцы азты студенттæн, абон дæр ма нæ зæрдыл лæууынц,

газеты уæды журналисттæ Мамсыраты Мурат æмæ Хъуылаты Чермены фыст фельетонтæ, Мæхæмæтты Ахуырбеджы, Дзасохты Музаферы, Джыккайты Федяйы æмæ иннæты очерктæ, уацтæ, фысджыты уагъд тематикон хицæн фæрстæ æмæ сæрмагонд номыртæ. Уæд нæм «Рæстдзинад» каст кувæндоны хуызæн, йæ кусджытæ та – дзуары лæгтæ. Уыцы ахаст нæ зæрдæтæй нæ сыхæлд, кусын дзы куы райдыдтам, уæд дæр.

Уæд бæлвырддæр базыдтам, «Рæстдзинад» ирон адæммæ куыд зынтæй рацæуы, йæ коллектив ыл цы хъизæмæрттæ кæны, уый. Фæлæ йæ хæсы раз бæрнон кæй у, ирон адæмæн æй зæрдиагæй балæггад кæнын кæй фæнды, уый дæр банкъардтам. Æмæ уыцы уылæны мах дæр бахаудыстæм. Бахаудыстæм дзы Валодяйы фæрцы. Уый газетæн æрмæст йæ абоныл нæ хъуыды кодта, фæлæ каст йæ фидæнмæ дæр. Уыдта, йæ алыварс фылдæр хæствæллад кусджытæ кæй ис, уый. Æмбæрста: бирæ рæстæджы фаг нал суыдзысты. Æмæ уæд газет чи уадздзæн? Йæ хъысмæт ын кæй бар бакæндзæн, уый уыдис йæ сагъæс. Æмæ мах, уæлдæр скъолатæ каст чи фæци, уыдоны цалдæрæй: Тепсыхъоты Зояйы, Уалыты Лавренты, Багаты Аврамы, Цомартаты Изæтбеджы æмæ мæн йæ хæдивæг Мылыхуаты Заретæимæ æрбакодтой редакцимæ. Бафæлвæрдта нæ. Домаг уыд, æмæ йæ зæрдæмæ цæйбæрц фæцыдыстæм, уый зын раиртасæн уыд. Æрмæст нæхæдæг ныр алкæддæр фæзæгъæм: «Кæд журналистикæйы исты базыдтам, нæ къухты исты æнтыстытæ бафтыд, уæд Хъаныхъуаты Валодяйы фæрцы».

Ссæдз азæй фылдæр фæкуыстон йæ фарсмæ, уацхæссæгæй райдай æмæ йæ хæдивæджы онг. Æмæ уыдтон, йæ куысты судзгæ чи кодта, ахæм адæймаджы. Газетæн лæвæрдта йе ‘ппæт цард дæр. Зæрдиагæй йæ фæндыдис, «Рæстдзинад» ирон адæмы тырыса куы суыдаид, уый. Æмæ уыцы иу рæстæг уыд дыууæ арты ‘хсæн. Иуæй, адæмыл мæт кодта, иннæмæй йæ уæды хицæуттæ, йæхи куыд фæндыд, афтæ йæ къабæзтæ аивазын нæ уагътой. Æмæ тыхст йæ æвадат уавæртæй. Фæлæ уæддæр, цы хæсты ветерантимæ куыста – Дзугаты Барисы, Бæдоаты Алисолтаны, Бутаты Тотырбеджы, Тегаты Сулейманы, Цогойты Георы, Хуытъинаты Махары, Дæдæккайы æмæ иннæ хистæрты раз йæхи æгъуызæй никуы равдыста. Нымадта сæ, аргъ сын кодта, хъуыста сæ зондамындмæ, куыд ирон кæстæр, афтæ. Уыйхыгъд домаг уыд кæстæртæй, хистæрты нын дæнцæгæн æвдыста, ахуыр нæ кодта.

Гъе уыцы æууæлты коллектив кодта æнгомдæр æмæ куыстхъомдæр.

Куы-иу бахъуыд, уæд-иу бонмæ ацæттæ кодтой газеты ног номыр. Уæлдай дис та кодтой, партион съездты æмæ æндæр хицауадон æмбырдты егъау æрмæджытæ-иу, махæн ма сæ тæлмац кæнын дæр хъуыд, уæддæр «Социалистическая Осетия»-йы разæй типографимæ цæттæйæ куы ныххастам æмæ-иу «Рæстдзинад» раздæр кæй рацыд, ууыл. Алы бæрæгбоны агъоммæ дæр-иу дыууæ кæнæ æртæ къорды фестæм: ерыс кодтам, чи хуыздæр номыр бацæттæ кæндзæн, ууыл. Чи-иу фæуæлахиз, уымæн фадат лæвæрдтой иннæты хуыздæр хъуыдытæй, æрмæджытæй спайда кæнынæн. Стæй-иу райста преми дæр. Премийæн йæ кад уыцы къорды уыд, йæ хардз та – иумæйаг бæрæгбоны фынгæн.

Алы ног азы райдайæны дæр редакцийы кусджытæй алчидæр хъуамæ ахъуыды кодтаид газеты ногдзинæдтыл, йæ мидис, йе ‘ддаг бакастæй йæ куыд фæхуыздæр кæнæн ис, ууыл. Нæ фæндæттыл-иу æрныхас кодтам нæ иумæйаг æмбырды, нæ хуыздæр хъуыдытæ æмæ фиппаинæгтæ-иу газеты фæрстыл сæ бынат ссардтой. Фæзынд нæм-иу ног рубрикæтæ, ног темæтыл фыст æрмæджытæ, тематикон фæрстæ. Газеты сæйрагдæр нысаныл Валодя нымадта ирон æвзагæн куыд хуыздæр балæггад кæнын, нæ фыдæлты хорз æгъдæуттæ æмæ хъуыддæгты фæрцы нæ адæмы хиæмбарынад фæтыхджындæр кæнын, рæстаг адæймаджы, фæллойгæнæджы фарсмæ æрбалæууын. «Рæстдзинад»-иу йæ хорз куысты тыххæй кæмæ фæкомкоммæ, уый-иу ноджы афтæ тынгдæр сразæнгард кодта, хицауады цæсты-иу æй афтæ скадджын кодта, æмæ дзы кæмæн Социалистон Фæллойы Хъæбатыры ном лæвæрдтой, чи та – Ленины орден кæнæ æндæр хæрзиуæг иста.

Валодя иттæг хорз зыдта йæ адæмы цардыуаг, йæ удыхъæд, уæлдайдæр та – йæ мадæлон æвзаг. Уый йын уыди табуйаг. Газеты сыгъдæгдзинадыл куыста иудадзыг, нæ барста, ирон дзырдæн фаг аргъ чи нæ кодта, хъуыдыйадæй арвистон чи арæзта, уыдонæн. «Нæ газет фылдæр ирон адæм кæсынц, æмæ сын сæхи æвзагыл фыссын у нæ хæс», – арæх дзы фехъусæн уыд ацы ныхас. Йæхæдæг фыста уацтæ, очерктæ, радзырдтæ, æмдзæвгæтæ. Газеты дзы-иу чи рацыд, уыдоны бын та йæ ном никуы бафыста. Æфсæрмы кодта, редакторы номимæ йæ мыггаг цы газеты кæрон фыст ис, уым ма дыккаг хатт йæхи бафысса, уымæй. Æмæ пайда кодта фæсномыг «Лаемыр»-æй. Ахæм рæсугъд æгъдауыл хæст уыди царды дæр.

Хъаныхъуаты Валодя адæймагæн, фыццаджыдæр, каст йæ удыхъæдмæ. Ног кусæг исгæйæ-иу дзы арæх фехъуыстон:

«Рæстæмбисы бæрц иронау фыссын зонæд, æмæ йæ удыхъæд хорз уæд, хорз фыссын æй мах сахуыр кæндзыстæм». Æмæ цы диссаджы раст уыд йæ хъуыды. Адæймаг цыфæнды хорз æмæ рæсугъд фыссæд, йæ уды адæймаджы уарзыны æнкъарæнтæ куы нæ уа, уæд йæ фыст уыдонæй иппæрд вæййы, æмæ йæ зæрдæ нæ фæисы.

Разамонæг зын уавæрты арæх бахауы, хахуыргæнджытæ йæм гæппæввонгæй лæууынц, уæлдайдæр та – рæстзæрдæйæ куы куса, домаг куы уа æмæ йын хорз хъуыддæгтæ кæнын куы æнтыса, уæд. Зын уавæрты-иу бахауди Валодя дæр. Обкоммæ йыл дзырдхæсджытæ уыд – адæм се ‘ппæт хорз не ‘мбарынц, стæй нæм хъуыддагхалджытæ дæр чысыл нæй. Фæлæ йæ ныфс нæ саст, коллективы хъæппæрисджындæр кусджытимæ разæнгардæй куыста газетыл.

«Рæстдзинад»-æн йæ бастдзинæдтæ фидардæр кодтой Абхазы, Кæсæг-Балхъары, Хъæрæсейы, Дагестаны, Цæцæн-Мæхъæлы æмæ Болгарийы газеттимæ, Турчы ирæттимæ. Уыцы хъуыддаг уæлдай тынгдæр рапарахат Хуссар Ирыстоны республикон газетимæ. Уый та райдыдта афтæ: «Æртæ æмæ дыууиссæдз азы размæ базонгæ дæн Валодяимæ, – дæс азы размæ фыста газет «Советон Ирыстон»-ы раздæры редактор Къуымæриттаты Але. – Уый уыдис Мæскуыйы, СЦКП-йы ЦК-йы цур уæлдæр партион скъолайы. Уым иумæ ахуыр кодтам. Нæ ныхас-иу сæйраджыдæр уыдис Ирыстоныл, газетты куыстыл. Валодяйæн хъыг уыди, дыууæ Ирыстоны газетты коллективтæ кæрæдзиуыл æнгом баст кæй нæ уыдысты, уый. Ууыл æз дæр разы уыдтæн». Æмæ дыууæ редакторы фæндæй дыууæ газеты ‘хсæн куыст рапарахат. Иу аз Цæгаты уыд сæ фембæлд, иннæ аз та – Хуссары. Арвыкомы даргъ фæндагыл дæр фæллад нæ зыдтой, кæрæдзи фенынмæ зивæг нæ кодтой. Ныхас нын-иу ацайдагъ газетты мидис, се ‘ддаг бакастыл, куыд фæхуыздæр кæнæн сын ис, иуæй-иу терминтыл, дзырдты растфыссынадыл. Алчидæр æргомæй хаста йæ фæндæттæ, дзырдта йæ фиппаинæгтæ. Афтæмæй азæй-азмæ æмхуызон кодта газетты æвзаг, сæ æрмæджыты темæтæ, иумæ-иу бацæттæ кодтам æнæхъæн номыртæ. Уый тынг цыд Хуссар æмæ Цæгат Ирыстоны цæрджыты зæрдæмæ. Уымæн æмæ дыууæ газеты журналисттæ сæхæдæг дæр æмæ газеткæсджыты дæр зонгæ кодтой дыууæ Ирыстоны зæрдылдарæн бынæттимæ, раззагдæр адæймæгтимæ.

Иудзырдæй, дыууæ Ирыстоны раджы баиу сты газеттæ «Рæстдзинад» æмæ «Советон Ирыстон»-ы (ныр «Хурзæрин»-ы)

фæрстыл. Уый нæ, фæлæ ма сæ бафæзмыдта Цæгаты æмæ Хуссар Ирыстоны бæрнон кусджытæ æмæ интеллигенцийы минæвæрттæй иу къорд. Уыдон дæр æмбæлын райдыдтой куы Цæгаты, куы Хуссары.

Бирæ фæрнæйдзаг хъуыддæгтæ нын ныууагъта Хъаныхъуаты Валодя. Уый «Рæстдзинад»-æй сарæзта журналистты кадртæ цæттæгæнæн æрмадз. Республикæйы разамынд дзы бирæтыл æрæвæрдта йæ цæст, ахуырмæ сæ æрвыста уæлдæр партион скъолатæм, стæй сæ æвæрдта разамонæг бынæтты. «Рæстдзинад»-ы кусджытæй уыцы азты районты газетты редактортæ систы Мæхæмæтты Ахуырбег æмæ Таутиаты Умар, Дзасохты Музафер та æрлæууыд республикон фæсивæдон газет «Молодой коммунист»-ы сæргъы, фæстæдæр та уыд радиокомитеты разамонæг, Бæциаты Агуыдз ацыд наукæйы фæндагыл æмæ æндæртæ.

Цард æрмæст куыстæй нæу. Хиирхæфсæн рæстæг дæр дзы вæййы. Нæ рагфыдæлтæ дæр ма-иу тохы фæстæ сæ æрдынтæ сæ бостæй куы суагътой. Фæллад суадзынмæ дæр арæхст Валодя. Уымæй фылдæр – коллективимæ, сæ бинонтимæ дæр, æрдзы хъæбысы æнцойбонты хъæлдзæгæй, æдыхстæй, удæнцойæн. Цæмæй ног къуыри ноджы куыстхъомдæр уой. Фæллад уадзынмæ та нæ кодта Ирыстоны æрдзон рæсугъд æмæ историон бынæттæм. Цæмæй нæ фыдыуæзæг, нæ истори хуыздæр зонæм, уарзæм æй. Йæхи йын Ирыстоны цы комы, хъæуы, горæты нæ зыдтой, ахæм нæ уыд. Дæс азæй фылдæр нал куыста «Рæстдзинад»-ы, уæддæр-иу нæ куысты фæдыл искуы уæвгæйæ æнæмæнг хистæртæ афарстой: «Хъаныхъуайы-фырт уын куыд у? Салам ын-иу раттут».

Хъаныхъуаты Валодя «Рæстдзинад»-ы редактор уæвгæйæ уыд æхсæны зæрдиаг кусæг дæр. Цалдæр хатты йæ сæвзæрстой Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советмæ депутатæй, уыд республикæйы хицауады цур орфографион къамисы уæнг, партийы Цæгат Ирыстоны обкомы уæнг, Цæгат Ирыстоны Журналистты цæдисы сæрдар, Советон Цæдисы Журналистты цæдисы съездты делегат. Æппæт уыцы хæстæ æнтыстджынæй кæй æххæст кодта, уый тыххæй йын хицауад саккаг кодта «Кады нысан»-ы дыууæ ордены, Адæмты хæлардзинады орден, майдан «Ирыстоны намысæн», Цæгат Ирыстоны культурæйы сгуыхт кусæджы кадджын ном. Уымæй уæлдай ма йæм уыд майдантæ «Кавказ бахъахъхъæныны тыххæй», «1941–1945 азты Фыдыбæстæйы Стыр хæсты хъазуатон фæллойы тыххæй» æмæ

ændæр хæрзиуджытæ. Йе стырдæр хæрзиуæг та уыд, «Рæстдзинад»-ы кæсджытæ, ирон адæм дзы разы кæй уыдысты, уый.

Валодя йæ цард снывонд кодта йæ адæмы хорздзинадæн, æмæ уый уыдис йæ хъæбатырдзинад. «Рæстдзинад»-ы сæргъы æрлæугæйæ, бындур ын чи æрæвæрдта, раст цыма уыдонæй – Цомахъ æмæ Гинойæ комкоммæ эстафетæ райста, уыйау, уыдонæн хорзæй цы нæ бантыст, уый æххæст кæнынмæ æрæвнæлдта.

Йе ‘нусон бынатмæ ацыд, «Рæстдзинад»-ы, сæйраг редактор Хъаныхъуаты Валодя, адæмы зæрдæты хорз фæд ныууадзгæйæ. Зæрдиагæй цы хъуыддагыл архайдта, уым ын ис фæдонтæ, æдзухдæр æй мысынц, фæзмынц ын йæ фæлтæрддзинад. Цы бинонтæ ныуагъта, уыдоныл мæрдты æгъдауæй хæрзмæ ауды æмæ сыл ахады – царды сын æнтысы. Йæ ахуыргонд чызг, историон наукæты доктор Зæлинæ (Цæгат Ирыстоны гуманитарон æмæ социалон иртасæнты институты директор), йæ нывгæнæг фырт Алик, йæ дохтыр чызг Заремæ сæ мад Лидæйыл æрхъæцмæ дæр нæ лæууынц. Сæ фыды фарнæй хайджын сты.

– Нæ хъæуы хицауы цæрæнбон бирæ уа!
Замманай годзы къæхтæ нын балæвар кодта...

Сланты Русланы ныв.

БУТАТЫ Эльзæ

КУЫД РОХЗÆРДÆ СТÆМ...

Уац

Даст цыма 1981 азы октябрæй фæстæмæ рæстæг йæ цыд баурæдта, цыма иннæ адæмимæ Сæрибары фæзыл дзуапп райсыны тыххæй куыд æрлæууыд, афтæ уым баззад... Фырнад, фырхостæй йын æрмæст йæ дæндæгтæ нæ бакалдтой, йæ бæллицтæ, мидбылты йæм цы цард худтис, уыдон дæр базгъæлæнтæ сты... Уæд телерадиокомпанийы хицау Æгъуызарты Æхсарбег уыд, уый йæ кусджыты зынвадаты никуы ныууагътаид, Тæтонты Барисы дæр ахæстонæй фервæзын кодта...

Кæд ыл азтæ уыйас нæ цыд, уæддæр йæ сæр урс-урсид адардта. Къæсхуыр, растдæр зæгъгæйæ та, мæллæг. Сабыр ныхас, алкæмæн дæр балæггадмæ цæттæ, коллективæй йæ атонæн нæ уыд, фæлæ се ‘хсæн дæр цыма иунæг уыд, æмæ-иу æй, цыма, хур бон дæр уазал дымгæ хоста. Йæ цæсгомыл хицæн цардæй цардысты æнкъард цæстытæ, нæдæр сæ хъæлдзæг, нæдæр мидбылхудт саста... Ахæмæй базыдтон Радиойы хæдзары оператор Тæтонты Барисы. Цъиуджын карк йæ лæппынты куыд хъахъхъæна, афтæ Радиойы хæдзары инженер Хъараты Аллæ æппынæдзух йæ хъус дардта Барисмæ: «Ма йæм кæсут абоны цæстæй. Æз ын йæ хорз дæр зонын, йе ‘взæрдзинæдты тыххæй дæр æм нæ бафсæрмы кæндзынæн. Уымæй нæм сæрæндæр оператор нæ уыд, хорз арæхсти кино исынмæ. Уыди нæ фæскомцæдисон организацийы секретарь... Фæлæ афтæ рауад...»

Æвирхъау мардæй цы лæппуйы амардтой (уыди ссæдзæм), уый хиуæттимæ Сæрибары

фæзмæ 1981 азы октябры чи рацыд, уыдон сæ хæсыл банымадтой фарста сæвæрын, мæхъхъæлон фыдгæнджытæ нæ кæй марынц, уымæ сæ ахаст равдисын. Сæрибары фæз уæд федта, ахæм фæрстытæн Хицауад цавæр дзуапп дæтты, уый. Фыднад, хæцæнгæрзтæ, газ, фæстæдæр та – ахæстæттæ, æфхæрд, хауæццаг уавæр...

Абон стыр гуыппытимæ кæй 100-азыккон юбилей бæрæг кæнæм, Ирыстонæн диссаджы хæрзты чи бацыд, уыцы Хъæбæлойы-фырт лæгæвзарæн заман йæхи лæгæй, йæ адæмы хъысмæтыл дзуапдæттæгæй нæ равдыста. Ирыстоны рæстæн, адæмы хорздзинадæн – хъуыддæгтæ, хъæппæристæ, арæзтæдтæ. Иннæрдыгæй – кæй сæраппонд куыста, уыцы адæмы дын фыднад кæнынц, марынц, хæцæнгарзæй æхсынц, Сæрибары фæз ирон тугæй байдзаг. Хъуамæ цавæр барæнтæй барæм Хъæбæлоты Билары архайд? Уыцы æвирхъау цаутæ йæхиуыл чи банкъардта, уыдонæй хъуамæ æфсæрмы ма кæнæм?

1981 аз... 1992 аз... 2004 аз... Ирыстоны нырыккон тугвæлыст истори, бамбæхсæн кæмæн нæй, ахæм кæрæдзиимæ баст цаутæ. Зæгъиккам, æмæ-иу уæд рæстæджытæ ахæм уыдысты... Рæстæджытæ дæр, нæ хицæуттæ дæр, нæхæдæг дæр. Бесланы цауты фæстæ Дзæуджыхъæуы Сæрибары фæзы уыди цалдæр митинджы. Сæ иу – уæды разамонæг Дзасохты Алыксандры фарс рахæцыны охыл. Цымæ цы кодта? Нæмыг ыл ауад, æви йæм судзгæ скъолайæ стъæлфæн фесхъиудта? Æрмæстдæр йæ бæрзонд политикон асинты къæпхæнтæ ныссастысты...

Дыккаг бон иннæ стыр æмбырды адæм æрлæууыдысты Бесланы мадæлты цур. Æмæ сæ рахуыдтой хулигантæ... Кæддæр иу ирон зындгонд литературон классикæй интервью истон æмæ йæ бафарстон, 1981, 1992 азты цауты тыххæй историон-литературон уацмыс ныффысынмæ куыд ничи æвналы, зæгъгæ... «Хъуамæ дзæвгар рæстæг рацæуа, цæмæй арф ахъуыды кæнæм, алцыдæр сбарæм. Ахæм уацмысмæ æнцон бавналæн нæу...» – ахæм уыд йæ дзуапп.

Чи зоны, афтæ дæр у. Æвæццæгæн, æппæт ацы азты дæргъы нæ интеллигенци – нæ ахуыргæндтæ, нæ фысджытæ, нæ поэттæ, композитортæ, нæ нывгæнджытæ хъуыдыты аныгъуылдысты. Историон рæстдзинад фыссын, сфæлдыстадон мадзæлтты фæрцы йæ æвдисын æнцон нæу, арф æмæ уæззау темæ у.

Историон рæстдзинад сбæлвырд кæныны хъуамæ сæхи раджы равдыстаиккой нæ политиктæ. Цалдæр равзæрст Парламенты депутаттæ, юристтæ, хицауад. Сæ ном – сæ уæлæ... Чи цæра, уый йæ фендзæн, мах куыд рохзæрдæ стæм, афтæмæй фидæны, искуы, Ирыстон стыр кадимæ не ‘ппæты зындгонддæр политикы юбилей дæр сбæрæг кæндзæн...

КАСАТЫ Батрадз

АЛЫ РАН ДÆР – ХЪÆУГÆ ЛÆГ

Уац

Актер, режиссер, республикæйы культурæйы сгуыхт кусæг, курдиатджын спортивон журналист, адæмæн уарзон, сыгъдæгзæрдæ, алы хъуыддаджы дæр хъæугæ адæймаг Баскаты Бибойы фырт Уырызмæгыл сæххæст 75 азы.

1943 азы Æрыдоны æртиссæдзаздзыд Баскаты Биболайы бирæ бинонджын хæдзармæ адæм цыдысты арфæтæ кæнынмæ. Хуыцау сын балæвар кодта дыууадæсæм хъæбул æмæ йыл сæвæрдтой ном Уырызмæг. Уыцы рæстæджы зын уавæртæ иувæрсты нæ ацыдысты æвзонг сабийæ дæр. Фæлæ йæ чысылæй фæстæмæ уыдис цардбæллон, уæнгрог æмæ æнæзивæг. Астæуккаг скъола каст фæуыны фæстæ иуцасдæр акуыста Æрыдоны автоивæнхæйтты заводы, стæй ахуыр кæнынмæ бацыди Хæххон-металлургон институтмæ. Уым архайдта хихъæппæрисадон къордты æмæ сфæнд кодта фидæны металлурджы дæсныйад актеры дæсныйадæй раивын.

1964 азы Уырызмæг ахуыр кæнынмæ бацыд Мæскуыйы Щукины номыл паддзахадон театралон училищæмæ æмæ йæ иттæг хорз бæрæггæнæнтимæ каст фæцис. 1968 азы Цæгат Ирыстоны паддзахадон театры номдзыд артисттæ Тæбæхсæуты Бало, Саламты Къола, Годжыцаты Исахъ, Хуырымты Уырызмæг, Хъалæгаты Федя, Хъæрджынты Варварæ, Бекуызарты Уарзетæ,

Икъаты Серафин æмæ иннæ курдиатджын актертимæ иу сценæйы кæй фæзынд, уый йын лæвæрдта цин, ныфс æмæ сæрыстырдзинад. «Тугæйдзаг чындзæхсæв», «Амыран», «Хъама æмæ дидинæг», «Горæты цæрджытæ» æмæ æндæр спектакльты сарæзта ирд фæлгонцтæ. Уыимæ фæрссаг рольтыл дæр сæйраг рольтау куыста тынг зæрдиагæй.

1968 азы Уырызмæджы Цæгат Ирыстоны телеуынæны сæрдар Æгъуызарты Æхсарбег æрбахуыдта кусынмæ. Æмæ райдыдтой йæ фæлварæнтæ киноаивады. Зæрдæмæдзæугæ фæлгонцтæ сарæзта киноныв тæ «Чермен»-ы, «Фарн»-ы, «Новоселье в будний день» æмæ «В горах реки бурные»-йы. Йæ режиссеры фыццаг фæлварæн та уыд киноныв «Костры на башнях». Уый фæстæ ма цалдæр киноныв æн уыд режиссеры æххуысгæнæг дæр. Алы ран дæр Уырызмæг куыста йæ хъарутыл нæ ауæрдгæйæ, сыгъдæг-зæрдæйæ æмæ-иу фæндаг ссардта адæмы зæрдæтæм.

Бæстæйы, уæлдайдæр республикæйы киноаивадмæ фаг цæстæнгас куы нал уыд, уæд Уырызмæг рацыди телеуынæнмæ. Касти текстæ фæскадр алыхуызон видеороликты, куыста режиссерæй пропагандæйы, информацион программæ «Ирыстон абон»-ы. Фæстæдæр та телеуынæны сарæзта æнæхъæн спортивон редакци. Эфиры фæзындысты ахæм равдыстытæ: «Осетия спортивная», «На ковер приглашается», «Звезды осетинского спорта». Уырызмæг цы равдыстытæ, репортажтæ лæвæрдта, уыдоны бирæ хатт гæххæттыл фыстмæ кæсгæ дæр нæ кодта. Уымæн æмæ хорз зыдта, кæй кой кодта, уыдоны, сæ тренерты лæгæй-лæгмæ, номæйноммæ. Йæ ныхас æдзухдæр уыдис зæрдæмæдзæугæ, æмæ спортуарзджытæ æдзухдæр æнхъæлмæ кастысты йæ равдыстытæм. Уырызмæг йæ зæрдиаг, æнæхин куыстæй йæхицæн кад скодта Ирыстоны дыууæ хайы дæр Хуссарæй Цæгатмæ. Хуссар Ирыстоны журналистты Цæдисы сæрдар Харебаты Батрадз Уырызмæджы йæ иу уацы рахуыдта Ирыстоны дыууæ хайы адæймаг. Æмæ уыцы стыр аргъ æнæбындур нæ уыд. Батрадз куыд мысы, афтæмæй ивгъуыд æнусы 90 азты Хуссар Ирыстоны паддзахадон телеуынæн аразын куы райдыдтой, уæд сæ бахъуыд профессионалты æххуыс. Æмæ сæм фыццагдæр æххуысмæ фæзындысты сæ цæгатаг æфсымæрты хуыздæртæ – Баскаты Уырызмæг æмæ Дойаты Олег. Уыдон семæ æрбаластой техникон кусджыты æнæхъæн къорд.

Уырызмæг æмæ Олег уыцы ахсджиаг хъуыддаг сæхимæ кæй райстой, уый хуымæтæджы нæ уыд. Хуссар Ирыстоны æппæты

уæззаудæр рæстæг сæ цардæн тæссаг фæндæгтыл иу æмæ дыууæ хатты нæ цыдысты Цхинвалмæ Хуссар Ирыстоны адæмы трагедийы тыххæй рæстдзинад хæссæг репортажтæ æмæ видеофильмтæ кæныны тыххæй. Цæгатирыстойнæгтæ уыцы рæстæг Цхинвалы фесты дыууæ къуырийы бæрц. Уырызмæг æмæ Олег стыр æххуыс бакодтой нæ хуссайраг æфсымæртæн. Уæдæй фæстæмæ сфидар сты дыууæ Ирыстоны телеуынæнты бастдзинæдтæ.

Дзæнæты бадинаг Дойаты Олег уыцы рæстæг куыста Цæгат Ирыстоны телеуынæны разамонæгæй. Уырызмæгимæ сæ куыст æдзухдæр уыд иумæ. Иуахæмы Олег Уырызмæджы тыххæй афтæ загъта: «Цыбырæй йæ куы зæгъон, уæд уый у алы ран дæр, алы хъуыддаджы дæр хъæугæ лæг. Хъæугæ лæг у йе ‘мкусджытæн, телевизормæ кæсджытæн, йæ æнæкæрон хæлæрттæн, йæ бирæ хæстæджытæ æмæ зонгæтæн. Хатгай йæ тыхсын дæр скæнынц алы хъуыддæгтæм раиваз-баивазæй. Куы операторы бæсты ацæуын фæхъæуы, кæм дикторы текст бакæсын, кæм æвæстиатæй видеофильм монтаж кæнын æмæ кæд тынг стыхсы, уæддæр йæ цæсгомыл бæрæг фæдары æхсызгондзинад. Тележурналистикæ тынг вазыгджын дæсныйад у, æмæ Баскаты Уырызмæг, йæ алы фæзилæнтæ дæр ын тынг хорз æнкъаргæйæ, иттæг хорз сæххæст кæны йæ хæстæ, цы бирæ дзыллæтæ йæм фæкæсынц, уыдоны раз».

Уырызмæг цы бирæ спортивон равдыстытæ цæттæ кодта, уыдонмæ адæм æдзухдæр кастысты æнхъæлмæ. Уыцы равдыстытæ цæттæ кæнгæйæ арæх æмбæлди газет «Рæстдзинад»-ы диссаджы спортивон æрмæджытæ фыссæг рухсы бадинаг Цомайты Ростиславимæ. Бахæлар сты, æмæ Уырызмæг спортивон темæтыл фыссын райдыдта «Рæстдзинад»-мæ дæр.

Ныр цалдæр азы Уырызмæг кусы газет «Рæстдзинад»-ы спортивон уацхæссæгæй. Газеты ахæм номыр нæ вæййы æмæ дзы Ирыстоны спортсменты тыххæй сæ ерысты хæдуæлвæд бындурон æрмæджытæ кæм нæ рацæуа. Йæ сыгъдæг зæрдæ, йæ уæздан удыхъæд, йе ‘фсармы тыххæй йын стыр аргъ кæнынц редакцийы кусджытæ. Ахæм бонтæ дæр ыл акæны æмæ йæ уыцы иу рæстæг номырмæ æрмæг фыссын хъæуы, кæдæмдæр та зианмæ цæуын, уæддæр не стыхсы. Алцыдæр йæ къухы бафты. Æрмæг дæр бацæттæ кæны, зианджынтæн дæр балæггад кæны. Цæугæ та кæны тынг арæх, уымæн æмæ йæ алы ранмæ дæр агурынц. Агургæ та йæ фæкæнынц æгъдау раттыны тыххæй, ома сыхбæсты, æмгæртты, мыгаджы номæй раныхас кæнынмæ, бирæ хатт фынджы хистæрæн æрбадынмæ дæр.

Уæдæ редакцийы куы фæзыны, уæд алкæимæ ныхас кæнгæйæ дæр йæ зæрдæйы рухс йæ цæсгомыл разыны. Цы æмбæлтты къорды ‘хсæн æрлæууы, уырдыгæй чысыл фæстæдæр райхъуысы хъæлдзæг ныхас æмæ зæрдиаг худт. Уырызмæг тынг дæсны у фæзмынмæ æмæ исты хабæрттæ дзургæйæ ахæм хуызы саразы йæ раныхас, æмæ йæм æнæ фæхудгæ ничи лæууы. Йæ рæдауæн та æмбал нæй. Фæстаг къæбæрæй дæр алкæй дæр суазæг кæндзæн.

Мæнæ цы зæгъы ирон курдиатджын поэт æмæ журналист, радиойы адæмы уарзон бакаст «Уацамонгæ»-йы автор Къадзаты Станислав Уырызмæджы тыххæй:

«Цард цардæй агуырдæуы, æмæ Уырызмæг цард агуры æгъдауæй, æхсарæй, лæгдзинадæй, сыгъдæгзæрдæ фæллойæ. Кæстæриуæг кæнынмæ та йæ уæвгæ дæр ничи амбулдзæн. Уымæн æмæ у æмгаруарзон. Йæ спортивон телеравдыстытæ æмæ репортажтæ цыдысты æмæ цæуынц алкæй зæрдæмæ дæр. Уымæ гæсгæ Баскайы-фыртæн стыр кад ис журналистты, спортсменты æмæ спортуарзджыты ‘хсæн. О, Уырызмæгæн æнтыстджын уыдысты йæ къахдзæфтæ куыд театры æмæ кинойы актер, куыд телеуынæны режиссер, фæлæ Ирыстонæн бацыд æвæджиауы хорзы, йæ рæстæг æмæ йæ тыхтæ, йæ курдиат æмæ йæ зонындзинæдтæ фæсивæды спортивон хъомыладæн кæй снывонд кодта, уымæй. Мæ хъуыды та мæ фæуын фæнды астрæнхъонæй:

Дæ ирд, дæ нæртон номæн
Лæууыс æдзух уырдыг,
Нæ фæсивæды хоныс
Рæсугъд бæрзæндтæм ды.
Нæхи Уырызмæг, бузныг!
Сæдæ азы фæцæр,
Нырау, дæ фарн – дæ уд-зынг –
Куыд кала хур-цæхæр».

Нæ зынаргъ Уырызмæг! Зæрдиаг арфæтæ дын кæнæм æппæт редакцийы номæй дæ райгуырæн боны фæдыл. Уæнгрог, зæрдæрухсæй ма бирæ азты фæцæр. Де ‘нæниздзинад чысыл фæкъуыхцы, фæлæ рынчын саг дæр кæны. Хуыцау дын æххуысгæнæг уæд!

СЛАНТЫ Аслан

«МÆ ЦАРДЫ СÆЙРАГДÆР СПОРТ У»

Уац

Ростовы облæсты 70 азы юбилейы кадæн мыхуырæй рацыд чиныг «Лучшие люди Дона». Хаст æм æрцыдысты, облæстæн сæ иузæрдион куыст æмæ æхсæнадон архайдæй ном чи кæны, ахæм адæймæгты тыххæй æрмæджытæ.

Уыцы кадджын адæмы æхсæн ис ирæттæ дæр. Сæ иу – Ростовы Самургашевты æфсымæрты номыл спортивон клубы директор, Уæрæсейы сгуыхт тренер, булкъон Тыбылаты Дауыты фырт Керым.

Ногиры хистæртæй искæмæн Тыбылаты Дауыты кой куы скæнай, уæд сæ алкæйы дзуапп дæр уыдзæн: «О, зыдтон æй, хъуыды йæ кæнын...» Дауыт уыди хъæуы кадджындæр цæрджытæй иу, йæ рæстæджы гæрзифтонгæй хæцыд гуырдзиаг меньшевикты ныхмæ, фæстæдæр та ссис Ногиры колхозы фыццагдæр сæрдартæй иу, куыста Джызæлдоны ГЭС-ы арæзтады парторгæй...

Дауыт æмæ Аминæты хæдзары райгуырди Керым. Уыди ма йын æртæ æфсымæры: Таймураз, Солтан, Æхсар æмæ æртæ хойы: Райæ, Фузæ æмæ Земфирæ.

– Уæззау æмæ мæгуыр рæстæг уыд Фыдыбæстæйы Стыр хæсты фæстæ, – мысы йæ сабибонтæ Тыбылы-фырт. – Ахуыр кодтон бынæттон скъолайы. Уæд фемхиц дæн спортмæ дæр. Дзæуджыхъæуы, кинотеатр «Дружба»-мæ æввахс цы

хъæбысхæсты секци уыд, уым тренеræй куыста зындгонд Дзгойты Аслæнбег. Уырдæм-иу æрвылкъуыри æртæ хатты абалц кодтон ме ‘мгар Къозонты Левæимæ: фистæгæй-иу ссыдыстæм Китайы фæзмæ, уырдыгæй трамвайыл – «Дружба»-мæ, дыууæ сахаты – тренировкæтæ, стæй та – фæстæмæ. Изæрдалынгты-иу æрхæццæ стæм нæ хæдзæрттæм.

Ныййарджытæ уыдтой лæппуйы тырнындзинад спортмæ æмæ йын æххуыс кодтой: фыды фæндонмæ гæсгæ йæ ахуыр адарддæр кодта Дзæуджыхъæуы 13-æм скъолайы – Ирыхъæуæй цы бауайын хъуыд «Дружба»-мæ. Астæуккаг скъола фæуыны тыххæй аттестат та Керым райста Æрыдоны скъола-интернаты – фæстаг азты уым ахуыр кодта.

Интернаты фæстæ йæ ахуыр адарддæр кодта Дзæуджыхъæуы С. Кировы номыл уæлдæр æфсæддон училищæйы æмæ йæ æнтыстджынæй каст фæци. Афтæ, 1963 азы, урайлаг горæт Ивделы райдыдта æрыгон лейтенанты æфсæддон фæндаг. Разамынд лæвæрдта взводæн, стæй та – ротæйæн. Йæ дæлбар æфсæддонтæ кæддæриддæр уыдысты раззагдæртимæ. Командиртæ уыдтой æрыгон афицеры зæрдæргъæвд æмæ йæ цыбыр рæстæджы фæстæ снысан кодтой бæрнондæр бынатмæ – йæ службæ адарддæр кодта Челябинскы æфсæддон хæйттæй иуы. Уыцы иу рæстæг Керым йæхи цæттæ кæнын райдыдта Фрунзейы номыл Æфсæддон академимæ бацæуынмæ.

Академимæ цы документтæ хъуыд, уыдонæн сæ фылдæр – цæттæ, уæлдæр командæгæнынад дæр разы уыдысты, цæмæй Керым Мæскуымæ ацæуа, ууыл. Фæлæ, куыд фæзæгъынц, фæндтæгæнæг адæймаг у, сæ аразæг – Хуыцау: 1969 азы æнæнхъæлæджы амард йæ мад Аминæт, æмæ Дауыт иунæгæй баззад... Иуахæмы Дауыт бацыд уæды Цæгат Ирыстоны обкомы фыццаг секретарь Хъæбæлоты Билармæ æмæ йæм бахатыд: «Мæ фырт хъуамæ мæ разы уа...» Хъæбæлойы-фырт телефонæй бадзырдта Мидæфсæдты командæгæнæгмæ...

Уыцы бон Керым хорз хъуыды кæны: «Йæ кусæн уатмæ мæм æнæнхъæлæджы фæдзырдта æфсæддон хайы командир. Телефоны хæтæл мæм радта. «Дæ бон хорз, Тыбылы-фырт, – хæтæлæй фехъуыстон Билары хъæлæс. – Дæ фыд мæнæ мæ разы бады – фæнды йæ, цæмæй дæ службæ Ирыстоны адарддæр кæнай. Разы дæ?» Мæ сæрымагъзы хъуыдытæ зилдух кæнын райдыдтой: «О» куы зæгъон, уæд Æфсæддон академийæ æнæхай фæуыдзынæн, «нæ» куы сфæразон, уæд та мæ зæронд фыды зæрдæ атондзæн... «Нæ» зæгъын мæ бон нæ баци».

Æмæ æрыгон афицер сыздæхт Ирыстонмæ, Дзæуджыхъæуы æфсæддон хæйттæй иумæ. Уый фæстæ службæ кодта Грознайы, Астраханы. Йæ курдиат уæлдай ирддæрæй разынд Астраханы: уæд цы ног æфсæддон хай сарæзтой, уым фыццаг бонæй фæстæмæ уыди полчъы физикон цæттæдзинады хицау. Алы ахуырты, алы ерысты дæр Керымы хъомылгæнинæгтæ бæрæг дардтой: майдантæ, кубоктæ, кады гæххæттытæ афтæ бирæ уыдысты, æмæ сæ нымайгæ дæр нал кодтой.

Æвдайæм азты кæрон не ‘мзæххоны раивтой Ростовмæ – уæдæй нырмæ йæ цард баст у ацы горæтимæ. Æртæ азы бакуыста æфсæддон тренерæй, 1981 азы та йæ снысан кодтой Мидæфсæдты Цæгат Кавказы зылды спортивон командæйы хицауæй.

Суанг 1999 азмæ, пенсимæ рацæуыны рæстæгмæ, бакуыста Керым ацы бынаты. Уыцы æстдæс азмæ цал æмæ цал спортивон «стъалыйы» схъомыл кодтой! Уæрæсейы æмæ Советон Цæдисы чемпионтæ, дунеон ерысты уæлахиздзаутæ, æхсæз олимпаг чемпионы... Уыдонимæ – Виктор Трегубов, Зульфия Забирова, Геннадий Бессонов, Геннадий Ермилов æмæ æндæр зындгонд спортсментæ.

Командæйы уыдысты Цæгат Кавказы æппæт регионты минæвæрттæ дæр. Се ‘ппæтæн дæр Тыбылы-фырт æххуыс кодта, куыд спорты, афтæ æрвылбоны царды дæр. Фæлæ, кæй зæгъын æй хъæуы, йæ зæрдæйæн уæддæр æввахсдæр уыдысты, ацы командæйы алы азты цы ирон læппутæ уыдис, уыдон. Тренер се ‘ппæты дæр хорз хъуыды кæны. Тогызты Владимир, Зæнджиаты Виктор, Дзгойты Таймураз (уæгъдибар хъæбысхæст), Акъоты Артур (уæззау атлетикæ) æмæ иннæ ирон спортсментæ сыгъзæрин майдантæ æмæ кубоктимæ здæхтысты алыхуызон ерыстæй.

Цал æмæ цал ростоваг, дагестайнаг, цæцæйнаг спортсмены сæрбæрзондæй зæгъдзысты: «Керым мæ хъомылгæнæг, мæ тренер уыд!» Уыдонимæ – Цæцæн-Мæхъæлæй фыццаг олимпаг чемпион уæззау атлетикæйæ, Сеулы Олимпиадæйы уæлахиздзау Исраил Арсамаков дæр. Æмæ æппæт нæмттæ чи ранымайдзæн!

Ахæм уавæрты æндæр адæймаг загътаид: «Æхсæнады, Фыдыбæстæйы раз мæ хæс уæлдайджынтæй сæххæст кодтон. Ныр та пенсимæ рацыдтæн æмæ мæхицæн, мæ хиуæттæн дæр ацæрон...» Фæлæ Керым ахæм удыхъæды хицау нæу. Пенсимæ рацыд æмæ ног хъуыддаджы æрлæууыд.

Уыцы азты Ростовы арæзт цыди Самургашевты æфсымæрты номыл спортивон клуб. Æппæт Уæрæсейы дæр хорз зындгонд сты Рафаэль, Альберт, Семен æмæ Вартарес Самургашевтæ: иууылдæр сты

спорты мастертæ грекъаг-ромаг хъæбысхæстæй. Стырдæр æнтыст бафтыди кæстæры къухты – сси олимпаг чемпион.

Рафаэль ныртæккæ у Ростовы облæсты Спортивон хъæбысхæсты федерацийы президент, иннæ æфсымæртæ сты алыхуызон куыстытыл хæст, уыимæ сæм ис амалхъом адæймæгты курдиат дæр. Иуафон æфсымæрты зæрды æрæфтыди сæ райгуырæн горæты спортивон клуб байгом кæнын. Хистæр директоры бынатмæ æрбахуыдта, фæлтæрд специалист æмæ дæсны организаторæй кæй зыдта, уыцы адæймаджы – Тыбылы-фырты. Уæдæй нырмæ Керым у спортивон клубы разамонæг.

Клубы бæрны ис олимпаг резервы сывæллæтты спортивон скъола. Ам æмæ клубы иннæ секциты спорты цалдæр хуызы (хъæбысхæсты, уæззау атлетикæйы, эстетикон гимнастикæйы) сусæгтыл дæсны тренертæ ахуыр кæнынц 500 лæппу æмæ чызджы. Керым йæ алыварс æрбамбырд кодта фæлтæрд специалистты, коллективы цы 37 адæймаджы кусы, уыдонæн сæ фылдæр сты спорты сгуыхт мастертæ.

Сæрмагондæй зæгъын хъæуы, сывæллæттæ ам лæвар кæй ахуыр кæнынц, уый. Ныры уæззау рæстæджыты ацы хъуыддаг бирæйы аргъ у.

Æрæджы директоры кусæн уатмæ æрбацыд иу сылгоймаг:

– Мæ сывæллоны мын уе скъоламæ райсдзыстут?

– Цал азы йыл цæуы? – бафарста директор.

– Аст...

– Æмæ йæ кæцы секцимæ фæнды?

– Хъæбысæйхæцджытæм.

– Хорз. Дохтырæй хъæугæ гæххæттытæ райсут æмæ æрбакæнут уæ лæппуйы.

– Æмæ фидын та цас хъæудзæн?

– Иу сом дæр нæ!

Керымы ахæм дзуаппыл сылгоймаг тынг бацин кодта.

Керымимæ нæ ныхас ныддæргъвæтин... Рæстæгæй-рæстæгмæ-иу æй бауромын бахъуыд: кусгæ бон уыд, æмæ кабинетмæ цыдысты адæм... Сæ иуимæ дзы базонгæ дæн – грекъаг-ромаг хъæбысхæстæй Хуссайраг федералон зылды командæйы сæйраг тренер Арменак Гайбарян. Арменак куы бамбæрста, йæ разы Керымы æмзæххон бады, уый, уæд æй фæрсын дæр ницæмæйуал бахъуыд.

– Керым махæн нæ буц хистæр, нæ ахуыргæнæг у, – райдыдта йæ ныхас Гайбарян. – Ростовы куы æрцардтæн, уæд мæ фыццаг

æххуысгæнæг уый уыд. «Динамо»-йы облæстон советы тренерæй куыста. Уæдæй нырмæ хæларæй цæрæм... Ацы клуб дæр йæхæдæг сарæзта. Арæзтад къуылымпытимæ цыд. Фæлæ Рафаэль директоры бынатмæ Керымы куы æрбахуыдта, уæд уавæр цæхгæр фæивта – цыбыр æмгъуыдмæ клубы агъуыст цæттæ уыд. Йæ фæлтæрддзинадыл мах дæр ахуыр кæнæм.

Афтæ иузæрдион у Тыбылы-фырт, Ростовы цы бирæ ирæттæ цæры, уыдоныл дæр. Ирон диаспорæйы хистæртæй иу у æмæ йе ‘мтуг адæмы фарсмæ вæййы алкæддæр.

Ростовмæ ‘ввахс, Буденновкæйы хуторы ныр ис ирон кувæндон. Уыцы бынат ростоваг ирæттæн хорз зындгонд у – алы фæззæг дæр ам æрæмбырд вæййынц Дзуары бонмæ. Фæлæ алчи нæ зоны, ацы хутормæ фыццаг Керым кæй æрбакъахдзæф кодта, уый. Балхæдта дзы хæдзар. Уый фæстæ ам æрцарди Хъæцмæзты Руслан (хъыгагæн, абон нал ис). Стæй ма дзы фæзынд цалдæр ирон хæдзары. Фæстæдæр кувæндон аразынмæ дæр бавнæлдтой. Уæдæй нырмæ стыр бæрæгбæттæ кæнынц ам. Уынаффæгæнæг та сын вæййынц Керым, Хъараты Вячеслав, Рæмонаты Алыксандр, иннæ хистæртæ.

Ирыстонæй Ростовмæ йæ ахуыры, йе ‘нæниздзинады, æндæр хъуыддæгты тыххæй чи ныццæуы, уыцы адæмæй дæр бирæтæ хорз зонынц Тыбылы-фырты. Уыдонимæ – зындгонд музыкант, РЦИ-Аланийы сгуыхт артист Саутуалты Аслан.

– Æз фæсауюнмæ Ростовы консерваторийы ахуыр кодтон, фæстæдæр уыдтæн аспирант, – дзуры Аслан. – Фæлæ консерваторийы студент куы сдæн, уыцы рæстæг хорз хъуыды кæнын. Фæлварæнты фæстæ мæхицæн æмдзæрæны бынат агуырдтон. Уыцы хабар Керым фæсивæдæй кæмæйдæр фехъуыста æмæ мæм фæдзырдта: «Цалынмæ ахуыр кæнай, уæдмæ дын нæ фысымуаты лæвар бынат уыдзæн. Ирыстоны пайдайæн чи ахуыр кæны, уыдонæн æххуыс кæнын нымайын мæ хæсыл».

Уæдæ Тыбылы-фыртæн Ирыстоны цы бирæ хиуæттæ, хæлæрттæ, зонгæтæ ис, уыдоны дæр нæ рох кæны. Цалдæр азы размæ Керымы фæндæй Æрыдонмæ æрæмбырд сты, бынæттон скъола-интернат каст кæимæ фæци, йæ уыцы раздæры æмкъласонтæ. «Æхсызгон мын уыд ногæй фембæлын, кæддæр кæимæ ахуыр кодтон, уыцы адæмимæ. Кæд сæ инæлартæ нæ рауад, уæддæр сæ иу дæр царды гуыргъахъ фæндæгтыл нæ «фæдзæгъæл», – зæгъы Тыбылы-фырт.

Бинонты амондæй дæр хайджын фæци не ‘мзæххон – йæ бинойнаг Галинæимæ схъомыл кодтой дыууæ чызджы. Хистæр –

Ларисæ, у дохтыр, йæ цардæмбал Анатолиимæ кусы сæхи стоматологион поликлиникæйы. Кæстæр – Фатимæ та у юрист.

– Уæлдай сæрыстыр та мæ чызджы чызг Аняйæ дæн, – бафтыдта йæ ныхасмæ Керым. – Йæ ахуырæй нын нæ зæрдæтæ рухс кæны. Уый дæр равзæрста йæ ныййарджыты дæсныйад – фæнды йæ дохтыр суæвын.

...Чиныг «Лучшие люди Дона»-йы раздзырды Ростовы облæсты Закъонæвæрæг æмбырды сæрдар Александр Попов ныффыста: «Ростовы сæйрагдæр хъæздыгдзинад йæ адæм сты. Курдиатджын æмæ амалхъом, сæ куыстыл æмæ, кæм цæрынц, уыцы зæххыл æнувыд, уыдон сты æцæг патриоттæ». Ацы ныхæстæ комкоммæ Тыбылаты Керыммæ кæй хауынц, уый дызæрдыггаг нæу. Уымæн æвдисæн сты йæ цардвæндаг æмæ йæ арфæйаг хъуыддæгтæ.

– Уæдæ нын нæ фындзтыл уæлдæф нымайæнтæ дæр бакодтой...

Сланты Русланы ныв.

НОМЫРЫ ИС:

БИТАРТЫ Маринæ. **«Рæстдзинад»-ы фæндæгтæ** 4

Газет «Рæстдзинад»-ы кæстæр фæлтæры ныхас йæ фыццаг редактор Гæдиаты Цомахъмæ 7

ГÆДИАТЫ Цомахъ. **Зæгъ фæндараст мæнæн.** Æмдзæвгæтæ 12

КЪОСИРАТИ Сæрмæт. **Бон изæрмæ.** Радзырд 14

МАМСЫРАТЫ Дæбе. **Годахы мæлæт.** Радзырд 19

МЫРТАЗТЫ Барис. **Прозæйæ фыст æмдзæвгæтæ** 26

ДЗЕСТЫ Куыдзæг. **Бирæкрат.** Радзырд 29

ХОДЫ Дзаххотт. **Мæлæты тæрхон.** Фельетон 37

ХУАДОНТЫ Иссæ. **Фыстæджытæ** 39

ХЪУЫЛАТЫ Ладимыр. Хуыцау ратдзæн. Радзырд 42

ДЗÆХАТЫ Темырхъан. **Тæрхъус.** Æмдзæвгæ 44

ЕДЗИТЫ Цини. **Къæхтысæр.** Фæндаггоны фыстытæй 46

ТЕГАТИ Сулейман. **Мæ нийерæг.** Æмдзæвгæ 49

ЦÆРУКЪАТЫ Валодя. **Сабитæн.** Æмдзæвгæтæ 50

БИЦЪОТЫ Гриш. **Цъиуты лымæн.** Радзырд 52

ХОСТЫХЪОТЫ Зинæ. **Æнахуыр тых.** Æмдзæвгæтæ 55

ХÆБЛИАТЫ Сафар. **Алы хабæрттæ, хъуыдытæ** 57

МАЛИТЫ Васо. **Дыууæ æмдзæвгæйы** 60

ДЗАСОХТЫ Музафер. **Уидæгты ныхас.** Æмдзæвгæтæ 62

БАГАТЫ Аврам. **Æнæном ингæн.** Радзырд 64

ТЫДЖЫТЫ Юри. **Дудгæ бонты сагъæстæ.** Æмдзæвгæтæ 68

ÆЛБОРТЫ Хетæг. **Чысыл дохтыр.** Радзырд 70

ЦОМАЙТЫ Ростислав. **Æрхæндæг хъуыдытæ.** Æмдзæвгæтæ 74

МАЛИТЫ Хасан. **Мады зæрдæ.** Радзырд 76

БÆРОЙТЫ Сафар. **Сауи.** Радзырд 82

ТОХСЫРТЫ Къоста. **Æмдзæвгæтæ сабитæн** 85

ЧЕРЧЕСТЫ Хъасболат. **Мæ дунейы рухс.** Радзырд 88

ДЗУЦЦАТЫ Къоста. **Бон цæуы æмæ фарн хæссы.** Алы хабæрттæ, хъуыдытæ 97

БЫЗЫККАТЫ Земфирæ. **Хадыхъаты Аллæйæн.** Æмдзæвгæ 101

ДЫГЪУЫЗТЫ Тенгиз. **Цард нын – хорз лæвар.** Æмдзæвгæтæ 102

НЕ ‘ВЗАГ – НÆ ФАРН

АБАЙТЫ Эдуард. **Уацтæ** 104

ПУБЛИЦИСТИКÆ

ГУЛУТЫ Андрей. **Барахъты Гино.** Мысинаг 117

ЦГЪОЙТЫ Хазби. **Скодта йæ æцæг адæмон газет.** Уац 122

БУТАТЫ Эльзæ. **Куыд рохзæрдæ стæм...** Уац 130

КАСАТЫ Батрадз. **Алы ран дæр – хъæугæ лæг.** Уац 132

СЛАНТЫ Аслан. **«Мæ царды сæйрагдæр спорт у».** Уац 136

Журналы авторты хъуыдытимæ редакци алкæд разы нæ вæйыы

Цъары фæрстыл:

1. «Ræстдзинад»-ы фыццаг номыр.
4. Челæхсаты М. Хъазыбеджы хох.

* * *

Гл. редактор	*К. Г. МАМУКАЕВ*
Зам. гл. редактора	*А. М. КОДЗАТИ*
Ред. отд. критики и публицистики	*Р. С. БЗАРОВ*
Шеф-редактор	*И. А. КОДЗАТИ*
Ред. отд. поэзии	*М. Л. ДЖУСОЕВ*
Ред. отдела прозы	*Е. К. МЕДОЕВА*
Корректор	*З. З. КАРАЦЕВА*
Технический редактор	*Н. М. ПРОВОТОРОВА*
Дизайн	*З. Р. ГУРИЕВА*
Компьютерный набор	*М. К. КИРГУЕВА*

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алания.

Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна, уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

Журналмæ цы къухфыстытæ цæуы, уыдон редакци рецензи нæ кæны, стæй сæ авторгæн фæстæмæ нæ дæтты.

Учредитель:
Комитет по делам печати
и средств массовых коммуникаций РСО-Алания
362003. г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

Адрес редакции: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста 11.
E-mail редакции: mahdug@mail.ru; http: // www.mahdug.ru.
Тел.: гл. редактор – 25-20-52; зам. гл. редактора; шеф-редактор – 25-09-64; отдел поэзии, прозы, корректор – 25-09-74; бухгалтерия – 25-22-47.

Подписано к печати 05.10.18. Формат издания 60x84 1/16. Бум. офсет. № 1.
Гарнитура шрифта Myzl. Печать офсетная. Усл. п. л. 8,82. Учетно-изд. л. 8,39.
Тираж 1000 экз. Заказ № 638. Цена свободная.
Выход из печати 28 октября 2018 г.

Отпечатано в АО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.

Газет стыр тых у, фæлæ, бауромæн кæмæн нæй, ахæм ивылд дон йæ былтæй куыд акæлы, хуымтæ куыд байсафы, афтæ журналистæн дæр контрольгæнæг куынæ уа, уæд халæн куыст кæны. Контроль æддæрдыгæй куы фæзыны, уæд уый ноджы тæссагдæр у æмæ стырдæр зиан æрхæссы. Контроль пайда хæссы, хирдыгæй куы цæуа, æрмæст уæд.

Мохандас Ганди

Индекс 73247